ФГОС

Министерство образования и науки РД
Дагестанский научно-исследовательский институт педагогики
им. А.А. Тахо-Годи
Сектор родных языков

# АВАР МАЦІ ВА АДАБИЯТ

## ХIалтIул программаби

## 1- 4 классал

Махачкала-2015

# Авар мацI

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвада-чIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги кьочIое росун.

Жакъасеб школалда тIадаб борч ккола гIун бачIунеб гIелалъе гъваридаб ва щулияб гIелмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ хIалтIизабизе ругьун гьари, дуниялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.
Гьеб масъала гIумруялде бахъинабиялъулъ кIудияб бакI ккола рахьдал мацIалъ.

Байбихьул классазда рахьдал мацI малъула кIиго аслияб мурад яшавалде бахъинабизе:

1. НахъгIунтIиялъулаб мурад (мацIалъул хIакъалъулъ бугеб гIелмуялъул аслиял бутIабазулгун лъай-хъвай гьаби ва гьелъул кьучIалда цIалдохъабазул логикияб пикру ва гIаламаталгин символикияб бичIчIи лъугьинаби);
2. Социокультурияб мурад (цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб бажари лъугьинаби: кIалзул ва хъвавул калам, монологияб ва диалогияб калам, гьединго, грамматикиял гъалатIал риччачIого, хъваялъул бажари цебетIезаби).

Гьединго байбихьул классазда авар мацI лъазабиялъ кумек гьабула гьал хадусел суалал тIуразе:

тIолго инсаниябгин моралияб бечелъи ботIролъе боси, творческияб къагIидаялъ хIалтIиялъул бажари цебетIезаби;

сверухъ бугеб хIакъикъаталъул, гIадамазул жамгIияталъул ва тIабигIаталъул хIакъалъулъ лъималазул бугеб цо чIванкъотIараб бичIчIи бечелъизаби;

жалго жидедаго чIун, хIалтIиялъул къагIидаби лъай;

цIалул дарсазде, тIехьалде (лъаялъул иццалде) интерес бижизаби.

Авар мацI лъазабулаго, пайда босула аслиял дидактикиял принципаздасан. Гьелъул магIна ккола щивав цIалдохъанасул хаслъи хIисабалде боси, тартибалда материал лъазаби ва гьеб гъваридго бичIчIи.

**Курсалъул гIаммаб характеристика**

Авар мацIалъул кумекалдалъун программаялъ кIвар буссинабун буго «Филология» абураб гIелмияб бутIаялъул гьал хадусел масъалаби тIуразариялде:

1. Дагъистаналъул мацIал ва маданиятал батIи-батIиял рукIиналъул ва гьел цоцада рухьарал рукIиналъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьинаби;
2. КIалзул ва хъвавул диалогияб ва монологияб калам цебетIезаби;
3. Цоцада хурхен гьабиялъулаб бажари цебетIезаби;
4. РухIияб ва эстетикияб бичIчIи лъугьин;
5. Творческияб къагIидаялъ хIалтIиялъул бажари цебетIезаби.

Рахьдал мацI малъиялъул мурадалде щвезе, программаялъ гьал хадусел практикиял масъалаби тIуразаризе рихьизарун руго:

- цебе лъураб мурадалда ва масъалабазда рекъон мацIалъул алатал тIаса рищиялъул бажари, цIалдохъабазул калам, рекIелъ щибниги жо цебечIезабизеги гъваридго пикру гьабизеги бугеб гьунар цебетIезабизе;

- авар мацIалъул гIуцIиялъул ва системаялъул, ай лексикаялъул, фонетикаялъул, графикалъул, орфографиялъул, орфоэпиялъул, морфемикалъул (рагIул гIуцIиялъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул хIакъалъулъ бищунго гIадатиял баянал цIалдохъабазе щвей;

- жиндирго пикру бицине, захIматаб гуреб хъвавул текст гIуцIизе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, битIун хъвазе ва цIализе бугеб бажари лъугьинаби;

- жиндирго калам камиллъизабизе хIаракат бахъи, мацI лъазабизе гъира бижизаби, мацIалъул бацIцIалъи цIуниялъулъ жалги гIахьалал рукIин цIалдохъабазда бичIчIи, гьезулъ мацIалдехун бугеб къиматаб бербалагьи цIикIкIинаби.

Авар мацIалъул курс байбихьула хъвазе-цIализе малъиялдаса. Хъвазе-цIализе малъула сентябралдаса байбихьун апрелалде щвезегIан. Лъималазда материал лъаялда бан, мугIалимасул ихтияр буго хъвай-цIали малъизе бихьизабураб заман дагь гьабизе, ялъуни цIикIкIинабизе. Хъвазе-цIализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгин синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цIали малъиялъул масъалаби цIализе малъиялъул дарсаздаги хъвадаризе ругьун гьариялъул дарсаздаги тIурала, ай хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щула гьабула, калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго.

Хъвай-цIали малъи гIуцIун буго кIиго бутIаялдасан:

1. ХIадурлъиялъул заман.

2. ХIарпал малъулеб (букварияб) заман.

Гьеб кIиябго заманалда мугIалимас унго-унгояб кIвар кьезе ккола лъималаз гьаркьал ритIун рахъиялде, гьезда хъвазе-цIализе малъиялде, гьезул рагIул нахърател бечед гьабиялде, калам цебетIезабиялде.

Дарсазда лъимал ругьун гьарула предложениял рагIабазде, рагIаби слогазде риххизе; рагIабазулъ гьаркьазул тартиб бижизабизе, гьезда гьоркьоб бухьен чIезабизе. Лъималаз лъазабула гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе; рагIаби, слогал гIуцIизе ва цIализе; бичIчIун, битIун цин слогалккун, цинги рагIабиккун предложениял ва цоцазда хурхараб калам цIализе.

ЦIализе ругьун гьариялда цадахъ лъималазда хъвазеги малъула. Гьел ругьун гьарула гьаркьал хIарпаздалъун хъвазе, къотI-къотIараб азбукаялъул кумекалдалъун хIарпаздасан, слогаздасан рагIаби данде гьаризе, хъвавул ва

басмаялъулаб тексталдаса хIарпал ва рагIаби битIун хъвазе, мугIалимас абурал хъваялъулъги цIалиялъулъги батIалъи гьечIел рагIаби ва гьединал рагIабаздасан данде гьарурал къокъал предложениял хъвазе, предложениялъул авалалда ва гIадамазул, хIайваназул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе.

БитIунхъваялъул ва цIалиялъул иш мурадалде щвеялъе гIоло цIикIкIараб кIвар кьола рагIулъ ва слогалъулъ щибаб гьаракь батIа бахъиялде ва бихьизабиялде, гьел гьаркьазул тартиб ва цоцазда гьоркьоб бухьен чIезабиялде; цIалдохъабазул каламалъул лугби камиллъизариялде ва гьаркьал, слогал, рагIаби битIун абиялде.

Хъвай-цIали малъиялъул дарсазда лъималазул цогидазухъ гIенеккизе, мугIалимасул ва цогидал цIалдохъабазул калам тIубанго бичIчIизе бугеб бажари камил гьабула. Лъимал ругьунлъула классалда цере кIалъазе, мугIалимас лъурал суалазе жавабал кьезе, къваригIараб жо гьикъизе, цIалараб жоялъул, лъагIалил ункъабго заманалда жаниб гIадамаз гьабулеб хIалтIул хаслъиялъул ва хисардулеб тIабигIаталда хадуб жидерго халкквеязул, ралагьарал фильмазул хIакъалъулъ бицине.

Гьединго хъвай-цIали малъиялъул дарсал тIоритIулаго, цIалдохъабазул лъугьуна цIалиялъул бищун гIадатаб бажари. ТIоцебесеб классалда лъимал ругьунлъула бичIчIун, битIун, гIедегIичIого цIализе, тIехьгун ва текстгун хIалтIизе.

Хъвазе-цIализе малъулелъул, лъималазул психологиял хаслъабиги хIисабалде росун, мугIалимас дарсазда батIи-батIиял хIалтIаби тIоритIула, гьединго лъимал тIамула свак чучиялъе физкультминутка, расанди гьабизе ва кучIдул ахIизе.

Хъвазе-цIализе малъун хадуб авар мацIалъул курс лъазабизе байбихьула. Авар мацIалъул курс гIуцIун буго гьал хадусел бутIабаздасан:

Фонетика ва орфоэпия, графика, лексика, рагIул гIуцIи (морфемика), грамматика (морфология ва синтиксис);

БитӀунхъвай (орфография) ва лъалхъул ишараби лъеялъул къагӀидаби (пунктуация);

Калам цебетӀей.

Программаялда авар мацӀалъул курсалъул хӀакъалъулъ, лъималазул гӀелазул хаслъабиги хӀисабалде росун, бищун гӀадатал (авалиял) баянал кьун руго. МацӀалъул гӀемерисел бутӀаби (разделал) ва темаби щибаб классалда такрарлъула. Гьелъ рес кьола, лъималазул лъаялъул даражаги хӀисабалде босун, гьел мацӀалъул бутӀаби ва темаби гъварид ва гӀатӀид гьаризе.

Фонетикаялда ва графикаялда хурхараб аслияб лъайги, бажариги, ругьунлъабиги цӀалдохъабазе щола 1 ва 2 классалда. Гьеб заманалда цӀалдохъабазе щола гьаркьазул ва хӀарпазул, рагьаралги рагьукъалги гьаркьазул, геминатазул ва лабиалиял гьаркьазул, алфавиталъул, удариениялъул ва слогалъул хӀакъалъулъ авалиял баянал. Лъималазда бажарула рагӀулъ гьаркьал битӀун абизе, абураб ва хъвараб рагӀулъ гьаркьал ва хӀарпал дандекквезе, алфавиталда ругел хӀарпазул цӀарал битӀун абизе, рагӀулъ гьаркьазул тартиб чӀезабизе, хӀарпал гьоркьор риччачӀого ва гьезул бакӀ хисичӀого рагӀаби хъвазе, слогалккун рагӀаби рикьизе, рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратӀа рахъизе, лабиалиял гьаркьал битӀун абизе ва рагӀулъ гьел хӀарпаздалъун битӀун рихьизаризе,  геминатал битӀун абизе ва рагӀулъ гьел хӀарпаздалъун битӀун рихьизаризе.  III-IV классаздаги гьеб темаялда тӀад хӀалтӀи гьабула гьоркьоса къотӀичӀого. Лъималазда малъула гьаркьал хӀарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьал ритӀун рахъизе, гьел рихьизарулел хӀарпал ритӀун хъвазе, рагӀи слогазде бикьизе, рагӀулъ ударение бугебги гьечӀебги слог батӀа бахъизе.

Лексикаялда хурхарал хӀалтӀаби гьарула ункъабго лъагӀалида жаниб. Гьединал хӀалтӀаби тӀоритӀула грамматика, рагӀул гӀуцӀи ва битӀунхъвай малъиялда цадахъ. Грамматикаялъул, цӀалул, битӀунхъваялъул ва калам цебетӀезабиялъул дарсазда лъималазда лъала предметал, гӀаламатал, ишал рихьизарулел рагӀабазул цӀарал ритӀун хӀалтӀизаризе, жидерго пикру загьир гьабизе, къваригӀараб рагӀи балагьизе. Гьединго гьез лъай-хъвай гьабула

синонимазулгун, антонимазулгун, битIараб ва хъвалсараб, цо ва гIемер магIнаялъул рагIабазулгун.

РагIул гIуцIиялъулгун цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабула 3 абилеб классалда. Гьезда лъала рагIулъ магIнаял бутIаби рихьизаризе, суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьинаризе, кьибил цоял рагIаби цого цо рагIул формабаздаса ратIа гьаризе; рагIул форма яги цIияб рагIи лъугьинабулаго, аслуялъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьал битIун хисизе.

Байбихьул классазда малъула каламалъул бутIабиги. ТIоцебесеб классалда, терминалги абичIого, определение кьечIого, суалазул кумекалдалъун, лъимал ругьун гьарула предмет, предметалъул гIаламатал, предметалъул иш бихьизабулел рагIаби каламалъулъ хIалтIизаризе, суалазда рекъон предложениязда жанир гьел ратIа рахъизе. КIиабилеб классалда предмет, предметалъул гIаламатал, предметалъул иш бихьизабулел рагIабазул кьучIалда лъималаз лъай-хъвай гьабула предметияб цIаралъулгун, прилагательноялъулгун ва глаголалъулгун. Лъабабилеб ва укъабилеб классазда гьелго каламалъул бутIаби дагьалги гъваридго малъула. Глагол заманабазде хисизабизе, предметияб цIар падежазде сверизабизе, гьединго прилагательноял жинсазде ва гIемерлъул формаялде хисизаризе жеги гIатIидго ругьунлъула. Предметияб цIаралъул, жинсиял глаголазул, прилагательноязул жинс, цолъул ва гIемерлъул форма, глаголалъул заман ва мурадияб форма малъула 3 абилеб классалда. Предметияб цIаралъул гIадатал падежал лъазарула 3 абилеб классалда, бакIалъул падежал – 4 абилеб классалда (терминалги абичIого, практикияб къагIидаялъ). Гьелда тIадеги, 3 – 4 классазда цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабула цIарубакIалъулгун ва рикIкIеналъулгун. Наречиялъулгун лъималаз лъай-хъвай гьабула практикияб къагIидаялъ. Наречиялъул хIакъалъулъ гьезда лъала жиб иш лъугьараб куц, бакI, заман, къадар, гIилла-мурад баян гьабулеб каламалъул бутIа кколеблъи ва кин? киб? кибе? киса(н)? кида? щай? кигIан? абурал суалазе жаваблъун бачIунеблъи.

Байбихьул классазда предложениялъул хIакъалъулъ цIалдохъабазе щола гъадинал баянал:

I. Предложение ва, абулеб жоялъул мурадалдеги интонациялдеги балагьун, гьелъул тайпаби;

2. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал;

3. Предложениялда жаниб рагIабазул бухьен;

4. ТIибитIараб ва тIибитIичIеб предложение;

5. ГIадатаб ва жубараб предложение;

6. Предложениялъул тайпа цоял членал;

7. РагIабазул дандрай.

Гьезул хIакъалъулъ баян цIалдохъабазе щибаб классалда дагь-дагьккун щола.

1 классалда лъимал ругьун гьарула калам предложениязде биххизе, рагIабаздаса предложениял ратIа гьаризе, гьел, интонацияги цIунун, цIализе, предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI лъезе.

2 классалда цIалдохъабазда малъула предложениялъул бетIерал членал, кколеб интонацияги цIунун, предложение цIализе, предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе.

3 классалда цIалдохъабазе щола рагIабазул дандраялъул, хабарияб, суалияб, тIалабияб ва ахIул предложениязул, предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членазул, гIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениязул, гIадатал ва журарал предложениязул хIакъалъулъ баянал.

4 классалда лъимал ругьун гьарула тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел ритIун цIализе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Синтаксисиял темаби ва каламалъул бутIаби лъазарулаго, гьоркьоса къотIичIого, тIоритIула предложениялъулъ рагIабазул бухьен чIезабиялда, рагIабазул дандраял ратIа гьариялда ва гьел гIуцIиялда хурхарал хIалтIаби.

Классалдаса классалде гъварилъула гIадатаб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабиялъул къагIидабиги.

**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби** абураб бутIаялъулъ аслияб бакI ккола тексталда тIад гьабулеб хIалтIиялъги гьеб текст бичIчIизе ва гIуцIизе, гьединго тексталда тIаса жиндирго пикру бицине ругьун гьариялъул хIалтIабазги. Предложениялдаго гIадин, щибаб классалда тексталда тIад хIалтIула тIубараб цIалул соналда. ХIакъикъаталда кIалзул ва хъвавул формаялда тексталда тIад хIалтIи щибаб дарсида гьабула. Гьедин лъималазухъа бажарула авар мацIалда тIаса щвараб лъаялдаса жидер калам цебетIезабиялъулъ пайда босизе.

«Текст. Бухьараб калам цебетIезаби» абураб разделалъулъ тексталда тIад гьабулеб хIалтIи гьал хадусел бутIабаздасан гIуцIун буго:

- тексталъул хIакъалъулъ бичIчIи (текст ккола магIнаялъул ва грамматикияб рахъалъ кIиго я цIикIкIун цоцазда рухьарал предложениял); текст ва гIаммаб темаялъ цолъизаричIел, батIаго ругел предложениял цоцаздаса ратIа гьариялъул бажари лъугьинаби;

- тексталъул тема (тексталъулъ цо сундулниги хIакъалъулъ бицунеб жоялда тема абула); тексталъул тема чIезабизе бажари, ай тексталъулъ сундул хIакъалъулъ бицунеб бугебали бихьизаби;

- тексталъул аслияб пикру; мугIалимасул кумекалдалъун тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе бажари;

- тексталда цIар лъей; тексталда цIар лъезе бажари (тексталъул аслияб пикруялде ва гьелъул темаялде мугъги чIван);

- тексталъул гIуцIи; хабарияб текст бутIабазде биххизе бажари (байбихьи, аслияб бутIа ва ахир);

- тексталъул бутIабазда гьоркьоб бугеб бухьен; тексталъулъ жидер кумекалдалъун аслияб бутIа ва байбихьи яги аслияб бутIа ва ахир цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари; гIуцIулеб тексталъул бутIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе бажари;

- тексталъул щибаб бутIаялда жанир ругел предложениязда гьоркьоб бухьен; жидер кумекалдалъун предложениял цоцазда рухьарал рагIаби ратизе бажари, масала: цIарубакIал, союзал;

- тексталъулъ сипат-сурат гьабиялъул ресал; тексталъулъ метафорал, эпитетал, дандекквеял, олицетворениял рихьизаризе бажари; гьел киналго жидер каламалъулъ хIалтIизаризе бажари;

- Текстазул тайпаби: хабарияб текст, сипатияб текст ва пикрияб текст (лъай-хъвай гьаби);

- изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи; хIадурараб, яги киназго цадахъ гIуцIараб, ялъуни живго жиндаго чIун гIуцIараб планалда рекъон чидар текст (лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун) цIи гьабун хъвазе бажари;

- сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи (бицун ва хъван); сюжетиял суратазда яги цо сураталда тIасан, гьединго цо кинаб бугониги темаялда тIасан текст гIуцIизе бажари; цебеккунго киналго гIахьаллъун дандбараб текст хъвазе бажари;

Тексталда тIад хIалтIулаго, хIисабалде росула гьелъул хIасил, гIуцIи ва сипат-сурат гьабиялъул ресал.

Каламалъул культура борхизабиялъе гIоло программаялъ тIалаб гьабулеб буго ричIчIизе бигьаял гьал хадусел литературиял нормабазулгун лъай-хъвай гьабизе:

- рагIаби битIун аби (орфоэпиял нормаби);

- предложениял битIун гIуцIи ва рагIабазул дандраязулъ рагIабазул формаби битIун хIалтIизари (грамматикиял нормаби);

- магIнаялъул рахъги хIисабалде босун, рагIаби битIун хIалтIизари (рагIаби хIалтIизариялъул къагIидаби);

ЦIалдохъанасул калам цебетIезабиялъулъ хIакъикъиял хIасилал кьезе ккани, гьезда литературияб мацIалъул нормабиги сипат-сурат гьабиялъул ресалги лъай гIоларо, къваригIуна авар мацIалъул ва цIалиялъул дарсазда, гьоркьоса къотIичIого, текстазул анализ гьабизе.

Литературияб мацIалъул нормабазда тIад хIалтIи практикияб къагIидаялъ гьабула. Гьеб хIалтIи тIобитIула рахьдал мацIалъул темаби лъазарулагоги, класс тун къватIисел дарсаздаги, изложениял ва сочинениял хъвалагоги,

цIалиялъул дарсаздаги тIубараб цIалул лъагIелалъ. ЦIалдохъаби ругьун гьаризе ккола каламалъулъ ккарал гъалатIал цоцаз ритIизаризе ва батIи-батIиял тайпабазул словараздаса пайда босизе.

ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялъе чара гьечIого хIажалъула тайпа цоял членалгун гIадатал предложениялги кIиго гIадатаб предложениялдасан гIуцIараб журарал предложениялги цоцазда дандекквезе, битIараб каламгун предложениялда хадуб хал кквезе, нахърилълъиналъул союзрагIабигун ва союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениязулгун лъай-хъвай гьабизе.

БитIараб каламгун предложениялги нахърилълъиналъул союзрагIабигун ва союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениялги байбихьул классазда лъазаруларо. Амма лъималаз, изложениял ва сочинениял хъвазе хIадурлъулаго, гьединго творческиял хIалтIабазулъ риччарал гъалатIазул анализ гьабулаго, гьезул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Гьелда тIадеги, нилъеда лъала байбихьул классазул цIалдохъабаз жидер кIалзул ва хъвавул каламалъулъ гьединал предложениял гIатIидго хIалтIизарулеллъи. Гьединлъидал мугIалимас хIаракат бахъизе ккола гьезул гIуцIиги, гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъиги лъималазда бичIчIизабизе.

МугIалимас, гьоркьоса къотIичIого, кIвар кьезе ккола цIалдохъанасул, гъалатIал риччачIого, битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабиялде. Гьелъие программаялда кьун руго хIарпаздалъун гьаркьал рихьизариялъул, цо мухъида инчIел рагIаби цоги мухъиде, слогазде рикьун, росиялъулги, рагIаби ратIа тIун хъваялъулги, кIудияб хIарп хъваялъулги къагIидаби.

Берцинго хъваялъе, хатI куцаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIо. Гьединлъидал щибаб грамматикаялъул дарсида 8–10 минуталъ мугIалимас тIадчIей гьабула цIалдохъабаз хъвалебщинаб жо берцингоги бацIцIадгоги букIинабиялде. Гьаниб кьола хатIалъул хашлъи тIагIинабиялде руссарал ругьунлъиялъул тIадкъаял, рихьизарула мисалиял хIарпал ва рагIаби.

Дидактикаялъул кIвар бугел суалазул цояб ккола контролиял (хъвавул) хIалтIабазул хIасилазул кьучIалда цIалдохъабазул лъайгун бажари борцин ва къимат лъей. Байбихьул классазда авар мацIалъул хъвавул хIалтIабазул аслиял тайпабилъун ккола: тIаде балагьун текст хъвай, эркенаб диктант, гIинзул ва берзул диктант, творческияб диктант, хIадурлъиялъул ва тIасабищул диктант, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял.

Словариял диктантазе кьезе кколеб рагIабазул къадар букIине бегьула:

II классалда – 8–10,

III классалда – 10–12,

IV классалда – 12–15.

Хал гьабиялъул диктантал гьаризе рихьизарурал текстазулъ ругел рагIабазул къадар гIага-шагарго гьадинаб букIине бегьула:

I классалда – 10–15,

II классалда – 35–45,

III классалда – 55–60.

IV классалда – 70–75.

Ругьунлъиялъул изложениязе чIезабун буго гьаб къадар:

I классалда – 15–20,

II классалда – 45–55,

III классалда – 55–65.

IV классалда – 75–80.

Щибаб дарсида цIалдохъаби ругьунлъула цIалул тIехьгун хIалтIизе, битIун хъваялъеги цIалиялъеги жиндие къваригIунел къагIидаби, гьезда хурхарал хIалтIаби ва лъазарулел темаби хехго ратизе, хIалтIабазе кьурал киналго тIадкъаял тартибалда тIуразе, гьезул мурад бичIчIизе.

Квалквал гьечIого, хадубккунги церехун ине лъималазе гIураб лъай щвеялъул мурадалда пайда босизе ккола батIи-батIиял дидактикиял хIаяздаса, хасго рекIелгъеялъул материалаздаса (кроссвордаздаса, шарадаздаса, ребусаздаса, болъабаздаса, грамматикияб ва битIунхъваялъул лотоялдаса ва гь.ц.)

Байбихьул классазул лъималазда кIоларо цо жоялда тIаде халат бахъун жидерго кIвар буссинабизе, гьел хехго свакала. Гьединлъидал дарсида цIалдохъабигун хIалтIиялъул къагIидаби батIи-батIиял рукIине ккола (мугIалимазухъ гIенекки, гара-чIвари, тIахьалгун ва тетрадалгун хIалтIи, хъвавул ва кIалзул хIалтIаби иргаялда тIоритIи, мех-мехалда минутаялъул махсараби, расандаби ва физкультура гьаби).

Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ. Жиндирго хIалбихьиялде, цIалдохъабазул лъаялде ва щибаб классалда гьабулеб хIалтIул шартIазде балагьун, мугIалимасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьулеб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе.

**ЦIалул планалда авар мацIалъ ккураб бакI**

Байбихьул школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 354 сагIат. 1 классалда 150 сагIат кьун буго: гьезда гьоркьоса 135 сагIат хъвазе-цIализе малъиялъул дарсазе (анкьида жаниб 5 сагIат, 27 цIалул анкь), 15 сагIат (анкьида жаниб 2,5 сагIат, 6 цIалул анкь) авар мацIалъул курсалъе бихьизабун буго[1].

2 – 4 классазда авар мацIалъул дарсазе 68 – 68 сагIат кьун буго (щибаб классалда 34 – 34 цIалул анкь, анкьида жаниб 2-2 сагIат).

**Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

Байбихьул школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIин бичIчIи.
2. Цоцазда рухьарал, амма цоцазда релълъинчIел тIабигIаталдехун,

---

[1]Авар мацIалъул курс хъвазе-цIализе малъун хадуб лъазабизе байбихьула. Авар мацIалъул ва литературияб цIалиялъул дарсал цоцазда ращадал рукIине ккола.

миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай кIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.

3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.

4. ЦебетIун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби.

5. ЦIалиялдехун интерес бижизаби.

6. Обществоялда чиясул хьвада-чIвадиялъул къагIидабазул ва гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб) ритIухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьучIалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.

7. Эстетикиял бичIчIиял, хIажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.

8. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.

9. ГIел бащадазда ва цIикIкIараздa цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.

10. ХIинкъи гьечIеб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб гIумру гьабизе мурад лъей; творческияб хIалтIуде гъира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби; материалиял ва рухIиял бечелъабазул тIалаб-агъаз гьабизе бажари.

**Метапредметиял хIасилал**

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъул къагIидаби ралагьизе бажари.

2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIазде балагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал ккваезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.

3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда

боси.

4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулал масъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.

5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеб бакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб гIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIиял къагIидаби хIалтIизари.

6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIиял стилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.

7. Цо чIванкъотIарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъун тIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIех-рехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикру загьир гьабизеги бажари, ай логикиял хIалтIаби гьаризе лъай.

8. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

9. ГIаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотIи-къай гьабизеги, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъон кколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезеги бажари.

10. Лъилниги рахъ кквечIого, щивас загьир гьабураб пикруги хIисабалде босун, дагIба-рагIи къотIизе бажари.

11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бичIчIиял лъай.

12. ЦIалулъ жинца кьолел лъикIал яги квешал хIасилазул гIилла бичIчIизеги, нагагьлъун цIалулъ нахъе ккани, гьениса ворчIизеги бажари.

**Предметиял хIасилал**

1. Россиялда ва Дагъистаналда батIи-батIиял мацIал ва маданиятал рукIинги, гьел цоцада рухьарал рукIинги, мацI щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичIчIи.

2. МацI миллияб маданияталъул аслуги гIадамал цоцада ричIчIиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул алатги кколеблъи цIалдохъабазда бичIчIи; авар мацI Дагъистаналъул пачалихъияб мацI кколеблъиги, гьелъ магIарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.

3. Авар мацIалъул (битIунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битIунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагIидабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.

4. Инсанасул гражданлъи ва гIаммаб культура бихьизабулеб гIаламат хIисабалда битIараб кIалзул ва хъвавул каламалдехун лъикIаб бербалагьи букIинаби.

5. ЗахIматал гурел текстал гIуцIулаго, бухьеналъулал масъалаби тIуразаризе, дандекколел мацIалъул алатал тIаса рищизеги, цогидазда кIалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацIалъул алатазул хIисаб гьабизеги бажари.

6. ГъалатIал гьечIеб хъвай-хъвагIаялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бичIчIи; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва битIунхъваялъул къагIидабаздаса (правилабаздаса) пайда боси. Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.

7. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мацIалъул аслиял бутIабазул, гьезул гIаламатазул ва гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.

8. МацIалъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бутIаби ратIа рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

## Курсалъул материал

### Каламалъул тайпаби

**ГIенеккун (гIинтIамун) рагIараб жо бичIчIи.**

ГIадатаб гара-чIвариялъулъ цогидаз бицунеб жоялъул магIна ва мурад бичIчIи. ГIенеккун рагIараб калам данд рекъон кколеб хIалалъ бичIчIи. ПасихIго цIаларал яги художествияб къагIидаялъ рицарал маргъабазул, харбазул ва кучIдузул магIна бичIчIи ва лъурал суалазда рекъон гьезул хIасил бицин. Бицараб маргъаялъул ва хабаралъул хIасилалда тIасан кьурал суалазе жаваб гьаби. АскIов гIодов чIун, хабар-кIалалда вугев чиясул каламалъухъ гIенеккизе бугеб бажари цебетIезаби (ай гьеб каламалъул анализ гьабизеги, данде къотIарун, диалог гьоркьоб къотIизе тунгутIизеги, суалал кьезеги бажари).

**Гаргади.**

Хурхен гьабиялъул масъала хIасил кьолеб куцалда тIубазабиялъе гIоло цере лъурал шартIазда ва мурадазда рекъон гаргадиялъул къагIидаби тIаса рищи. Диалогалъулъ гIахьаллъизе лъай.

КIалъа-ралъай байбихьизе, гьоркьоб къотIизе тунгутIизе, лъугIизабизе ва жиндирго гIакълуялдалъун жиндехунго ракI цIазабизе бажари. Лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, хабар бицине бажари. Каламалъул этикаялъул нормаби (ай салам кьезеги, къо-мех лъикI гьабизеги, тIаса лъугьинеги, баркала кьезеги, лъидехунниги гьаригун хитIаб гьабизеги) лъай. БитIун абиялъул нормаби ва интонация цIуни.

**ЦIали.**

ЦIалул текст бичIчIи. КъваригIараб материал батиялъул мурадалда тIаса бищун цIали. Тексталъулъ рихьдаего кьураб информация бати. Тексталъулъ бугеб информациялъул кьучIалда цо кинаб бугониги хIасилалде рачIине. Тексталъулъ бугеб информациялъе баян кьей ва гьеб гIаммлъизаби. Тексталъул хIасилалъул, гьелъул гIуцIиялъул ва мацIалъул хаслъиялъул анализ гьаби ва гьезие къимат кьей.

**Хъвадари.**

Гигиеналъул тӀалабазда рекъон бичӀчӀулеб (бигьаго цӀализе кӀолеб), берцинаб хатӀалъ хъвадаризе лъай. Лъазарурал къагӀидабазда рекъон абун ва тӀаде балагьун хъвай. ЦӀалараб ва гӀенеккун рагӀараб тексталъул хӀасил мухӀканго яги тӀаса бищун хъвай. Жиндир гӀумруялъулъ ккараб лъугьа-бахъиналъул, сверухъ бугеб тӀабигӀаталъухъ халкквеялъул, пайдаял ишазул, литературиял асаразул ва гь.ц. хӀакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, гьитӀиналго харбал херхине.

**Хъвай-цӀали малъи (І35 сагӀат)**

ТӀадехун абухъе, хъвай-цӀали малъи гӀуцӀун буго кӀиго бутӀаялдасан:

1. ХӀадурлъиялъул заман.
2. ХӀарпал малъулеб (букварияб) заман.

Хъвазе-цӀализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгун синтетикияб методалдалъун.

Хъвай-цӀали малъи ккола цадахъаб тадбир: цӀализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебетӀезабиялъул хӀалтӀаби тӀоритӀулаго, ай гьаркьаздасан рагӀи, рагӀабаздасан предложение, предложениял дандран хабар гӀуцӀизе ругьун гьарулаго.

**Фонетика.**

Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. РагӀул магӀнаги гьелъул гьаркьилаб гӀуцӀиги цоцада рухьарал рукӀин бичӀчӀи.

РагӀулъ жалго жидедаго чӀарал гьаркьал рихьизари. РагӀулъ гьаркьазул къадар ва тартиб чӀезаби, сипат-суратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай.

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратӀа гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари.

Абиялъул бищунго гьитӀинаб бутӀа хӀисабалда слог. РагӀаби слогазде риххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. РагӀулъ ударение тӀаде кколеб бакӀ бихьизаби, ударение бугелги ударение гьечӀелги слогал ратӀа рахъи,

РагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (рагIулъ гьаркьазул къадар чIезабизе, рагIул бетIералда, бакьулъ, ахиралда букIаниги, гьеб гьаракь бугеб бакI лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

**Графика.**

Гьаркьал ва хIарпал ратIа рахъи: хIарп гьаркьил ишара ккола. Гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе бажари. *Е, ё, ю, я* рагьарал хIарпал. Ъ гьаракь ва х1арп. Ь хIарп. Гьез тIубалеб хъулухъ.

Авар алфавиталъулгун (хIарпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гьаби.

**ЦIали.**

Слогалккун цIалиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва рагIабиккун цокIалаяб цIали. РагIаби, рагIабазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бичIчIун цIали. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гьабун ва интонация цIунун, цIали. ЗахIматал гурел гьитIинал текстал ва кучIдул бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари цебетIезаби. Живго жиндаго чIун яги мугIалимасул кумекалдалъун цIалараб текст, такрар гьабун (ай цIидасан), бицин.

РагIаби, къокъал предложениял, захIматал гурел гIитIинал текстал гIедегIичIого битIун цIализе ругьун гьари. МугIалимас абун яги тIаде балагьун, хъвараб жо хал гьаби мурадалда хал кквезе, битIунхъваялъул къагIидабиги цIунун, цIализе ругьун гьари.

**Хъвадари.**

Хъвадарулаго битIун гIодор чIезе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам битIун кквезе лъимал ругьун гьари. КIудиял ва гьитIинал хIарпал битIун хъвазе ва гьел рагIабазулъ цолъизаризе бажари.

Гигиеналъул нормабиги цIунун, хIарпал, слогал, рагIаби, предложениял хъвазе ругьун гьари. БацIцIадаб ва бичIчIулеб (ай бигьаго цIализе кIолеб) хатIалъ хъвадаризе лъай.

Цин мугIалимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел рагIаби ва предложениял, тIаде балагьун, хъвазе лъай. МугIалимас абурал рагIухъе хъвалел рагIаби ва гьединал рагIабаздаса данде гьарурал предложениял

хъвазе бажари. Текст, тIаде балагьун битIун хъваялъул тартиб ва къагIидаби лъай.

ХIарпаздалъун рихьизаруларел графикиял гIаламатаз (ай рагIабазда гьоркьоб хутIараб чIобогояб бакIалъ, рагIаби цо мухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) тIубалеб хъулухъ бичIчIи.

**РагIи ва предложение.**

РагIи анализ гьабиялъул материал ва цIех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) кколеблъи бичIчIи. РагIул лексикияб магIнаялда хадуб халкквей.
РагIи гьаркьаздасан гIуцIун букIунеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ рагIул бугеб кIвар лъай. Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе бажари.

РагIаби ва предложениял ратIарахъизе бажари. Предложениялъулъ рагIаби ратIа гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари. Предложениялъулъ интонация цIунизе лъай.

**БитIунхъвай.**

ТIоцебесеб классалда гьал хадусел битIунхъваялъул къагIидабазулгун лъай-хъвай гьабула:

- рагIаби ратIатIун хъвай;
- геминатал ва лабиалиял гьаркьал хIарпаздалъун рихьизари;
- хасал цIаразул бетIералда ва предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъай;
- рагIаби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси;
- предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби.

**Калам цебетIезаби.**

Тексталъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи. Тексталъулъ предложениял ратIа гьари. Тексталъулъ предложениял цолъизари. ГIенеккун рагIараб ва жинцаго цIалараб текст бичIчIи. Берзулгин сипатиял мисалазул (моделазул) кумекалдалъун каламалъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьин. Схемазул

кумекалдалъун калам магIна бугел бутIабазде биххи. Предложенияздасан бухьараб текст гIуцIи.

Жиндир гIумруялъулъ ккарал лъугьа-бахъиназул, хIаязул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталдасан гьитIинабго хабар херхине бажари. БицанкIабазе жавабал кьезе, кучIдул рекIехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ хIалтIизаризе, рекIехъе лъазарурал кучIдул пасихIго рикIкIине бажари.

## Авар мацIалъул курс

## I класс (I5 сагIат)

### РагIи. Предложение. Текст.

Калам. ГIадамазе калам сундуе къваригIун бугеб.

Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи. МагIнаялъул рахъалъ данде кколел рагIаби цоцазда рухьин.

Каламалъул бутIа хIисабалда предложение, текст ва гIумруялда жаниб гьезул бугеб кIвар.

Предложениялъул бетIерал членал.

РагIабазул бетIералда кIудияб хIарп.

### Гьаркьал ва хIарпал

Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рихьизарулел хIарпал.

Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал: [**гь**], [**гъ**], [**гI**], [**кь**], [**къ**], [**кI**], [**лъ**], [**тI**], [**хь**], [**хъ**], [**хI**[, [**цI**], [**чI**].

Геминатал ва гьел рихьизарулел хIарпал: **кк, кIкI, лълъ, сс, хх, цц, цIцI, чч, чIчI**.

Лабиалиял гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: **гв, кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, кьв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чIв, цв, цIв.**

РагIи ва слог. Слогалккун рагIаби цIияб мухъиде роси.

## Каламалъул бутIаби

*Щив? щий? щиб? щал?* абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметал рихьизарулел рагIаби ккей.

*Кинав? кинай? кинаб? кинал?* абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметазул гIаламатал рихьизарулел рагIаби ккей.

*Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб?* абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметалъул иш бихьизабулел рагIаби ккей.

## Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал

**Напсиял хIасилал:**

- жиндирго ВатIаналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъул тарихалдаса чIухIи; жив магIарул миллаталъул чи вукIин бичIчIи;
- рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи ва гьелъ магIарулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен чIезабулеблъи лъай;
- гъалатI гьечIеб кIалзул ва хъвавул калам гIаммаб культураялъул гIаламат букIин лъай;
- школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби, кидаго лъикIав цIалдохъанлъун вукIине бажари;
- лъикIаб даражаялда цIализеги цIализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;
- цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби;
- цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
- мугIалимас кьураб къиматалда разилъи.

**Метапредметиял хIасилал:**

- учебникалда бугеб материал лъикI лъай: ай цIалул тIадкъаял тIуразаризе къваригIараб баян (информация) балагьи, суратаздалъун, схемабаздалъун кьураб баян бичIчIи; предметал дандекквей, гьезулъ гIаммал ва ратIа гьариялъул гIаламатал рихьизари; батIи-батIиял баянал (справкаби) кьолеб учебникалъул ва цIалул пособиязул материалалдаса пайда боси (мугIалимасул нухмалъиялдалъун);

- диалогалъулъ гIахьаллъизе бажари (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);

- тIадкъаял тIуралаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажари: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гъалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, данд бан гьоркьоб лъураб суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;

- кьурал мисалазда рекъон жиндирго хIалтIул хал гьабизе бажари;

- мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе бажари;

- бищун кIвар бугел гIаламатал хIисабалдеги росун, предметал ва лъугьа-бахъинал тIелазде рикьизе ва ратIа-ратIаго лъезе бажари.

**Предметиял хIасилал:**

ЦIалдохъаби ругьунлъула:

- кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;
- хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;
- рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
- гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
- геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
- лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
- къокъаб тексталъулъ предложениял ратIа гьаризе;
- предложение гIуцIизе (бицун);
- предложениялъулъ рагIаби рихьизаризе;
- схемабаздаса пайдаги босун, рагIи слогазде бикхизе;
- слогалккун рагIи цIияб мухъиде босизе;
- предложениялъул интонация цIунизе;

- тексталъул тема баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе, текст бицине;

- хасал цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп хъвазе;

- тексталъулъ цоцазда рухьарал магӀнаялъул рахъалъ дандекколел рагӀабазда хадуб халкквезе;

- сураталдасан яги гӀумруялъулъ лъугьараб асаралдасан текст гӀуцӀизе, тексталъе цӀар ургъизе, гьелъие суалал лъезе;

- форма хисарал предложениял ва текстал гъоркь рукӀахъе къачӀазе ва гьезул анализ гьабизе;

- рагӀабаздасан предложение, предложенияздасан текст гӀуцӀизе ва гьезул анализ гьабизе;

- мугӀалимасул кумекалдалъун абулеб къагӀидаги хъвалеб куцги батӀиял рагӀаби баян гьаризе, битӀун хъван ругищали хал гьабизе кколел рагӀаби ратизе;

- предметал, предметазул гӀаламатал, гьезул ишал рихьизарулел рагӀабазе суалал лъезе, гьел рагӀабазе къваригӀарал магӀнаялъулал суалал тӀаса рищизе.

## II класс (68 сагӀат)

### ТӀоцебесеб классалда малъараб материал такрар гьаби

Каламалъул бутӀа хӀисабалда рагӀи, предложение, текст ва гӀумруялда жаниб гьезул бугеб кӀвар.

Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Авар мацӀалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва хӀарпал.

### Каламалъул гьаркьал. ХӀарпал. Слог

Гьаркьал ва хӀарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал, хӀарпаздалъун гьел рихьизари. Рагьарал гьаркьал ва хӀарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хӀарпал. КъосинчӀого рагӀабазулъ гьел битӀун абизе, цӀализе ва ратӀа гьаризе лъай.

*Е,ё,ю,я* хIарпал. *Й* гьаракь ва хIарп. Авар мацIалъе хасиятал рагъукъал гьаркьал ва хIарпал. *Щ, ш* рагъукъал гьаркьал ва хIарпал.

Геминатал (хIухьелалъул тIадецуй кутаклъизабун абулел) ва гьел рихьизарулел хIарпал: *кк, кIкI, чч, чIчI, сс, хх, цц, цIцI, лълъ.*

Лабиалиял (кIутIби цере цIутIизарун рахъулел) гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: *кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, къв, хв, хъв, хъв, ев, щв, шв, гъв, гъв, гв, чIв, цв, цIв.*

Ъ гьаракь ва хIарп. Ь хIарп. Гьез тIубалеб хъулухъ.

Алфавит. ХIарпазул цIарал. Алфавиталъул кIвар.

РагIи ва слог. РагIи слогазде бикьи. Цо мухъида инчIеб рагIи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босиялъул къагIидаби.

Ударение. РагIабазул магIна хисиялъулъ ударениялъул бугеб кIвар. РагIулъ ударение бугебги гьечIебги слог.

## Калам

Калам ва гIумруялда жаниб гьелъул бугеб кIвар. КIалзул ва хъвавул калам.

Каламалъул этика. Салам кьеялъул рагIаби.

## Предложение ва текст

Каламалъул бутIа хIисабалда предложение. Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение.

Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен чIезаби (суалаздалъун).

Предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе ругьун гьари. Предложениялда жаниб магIнаялъул рахъалъ цIикIкIараб кIвар жиндир бугеб рагIи, гьаракь борхизабун, бихьизабизе ругьун гьари.

Текст. Тексталъул гIаламатал, тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцада рухьин, текстална цIар лъей. Тексталъул тайпаби.

## Каламалъул бутIаби

Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби (дандекквей).

**Предметияб цIар** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Предметияб цIаралъул суалал: *щив? щий? щиб? щал?* Каламалъулъ предметияб цIаралъул бугеб кIвар.

ГIадамазул цIаразул, фамилиязул ва инсул цIаразул, хIайваназда лъурал тIокIцIаразул, улкабазул, шагьаразул, росабазул, къватIазул, гIоразул, хIоразул, мугIрузул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Цолъул ва гIемерлъул формаялда предметияб цIар хиси (практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьаби).

**Глагол** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Глаголалъул суалал: *щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабилеб? щиб гьабизе бугеб? щиб гьабулеб? щиб гьабулеб бугеб?* Каламалъулъ глаголазул бугеб кIвар. Глаголал цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал батIи-батIиял заманабазде хиси (халкквезе). ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги глаголал.

**Прилагательное** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Прилагательноялъул суалал: *кинав? кинай? кинаб? кинал?* Прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял.

## Текст. Бухьараб калам цебетIезаби[2]

[2] Калам гIуцIизе ругьун гьариялъе программаялда хасаб заман бихьизабуларо. Гьеб темаялда хурхарал хIалтIаби тIолго цIалул соналда жанир гьаризе ккола. Ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тIоритIизе, хасал дарсазе литературияб цIалиялъе бихьизабураб заманалдаса ичIго сагIат кьун буго.

Тексталъул тема. Текст ва гIаммаб темаялъ дандрачIел, ратIа тIурал предложениял дандекквей. Тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцазда рухьин.

Тексталда ва гьелъул бутIабазда цIар лъей. Тексталда жанир аслияб магIна загьир гьабулел рагIаби.

Тексталъул тайпаби: хабариял, сипатиял ва пикриял (лъай-хъвай гьаби). Хабарияб тексталъул бутIаби: байбихьи, аслияб бутIа ва ахир (лъай-хъвай гьаби). Тексталъул цIияб мухъ.

Изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Хабарияб тексталъул 30–45 рагIи бугеб изложение хъвай (суалаздалъун).

Сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. МугIалимасул нухмалъиялда гъорлъ сураталдасан яги суратаздасан текст гIуцIи ва хъвай. Лъималазул гIумруялъул, хIалтIул, хIайваназул, хIаязул, цIалул ва гь.ц. хIакъалъулъ текст гIуцIи. Киназго цадахъ 30–40 рагIи бугеб хабарияб текст гIуцIи.

## ЛъагIалида жаниб малъараб материал такрар гьаби

Гьаркьал ва хIарпал. Каламалъул бутIаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда текст ва предложение.

## Берцинго хъвай[3]

ТIоцебесеб классалда хъвай-хъвагIаялъул рахъалъ щвараб бажари щула гьаби.

Хъвазе бигьалъи-захIмалъиги хIисабалде босун, гьитIинал хIарпазул тIелал:

1) и, ш, г, гI, т, тI, н, р, у;

2) л, м, ц, цI, щ, ь, гь, ы;

3) а, о, ю, ф, д, б, я;

[3] Берцинго хъваялъе, хатI куцаялъе хасаб заман бихьизабун гьечIо. Гьединлъидал мугIалимас щибаб дарсида берцинго ва бацIцIадго хъваялде кидагосеб кIвар кьела.

4) с, е, ё, ч, чI, ъ, гъ, лъ, в;

5) э, х, хl, хь, хъ, ж, з, к, кI, кь, къ.

КIудиял хIарпазул тIелал:

1) И, Ш, Ц, ЦI, Ч, ЧI, Л, М, А;

2) О, С, З, Х, ХI, Е, Э, Я;

3) Ж, У, Н, К, КI, Ю, Р, В, Ф;

4) Г, П, Т, Д, Б;

5) Хь, Хъ, Кь, Къ, Лъ, Гь, Гъ, ТI.

**Хъвазе захIматал рагIаби:** пальто, учитель, учительница, стакан, тетрадь, махх, гьой, куй, рукъ, (рокъоб), гIор (гIурул), болнух, оцхIутI, биххи, раххан, ххвел, ххей, ххине, бесси, бусси, руссун, ссан, бецци, ицц, ццин, билълъин, лълъар, релълъин, бацIцIин, бецIцIи, буцIцIин, бичIчIи, чIчIвад, ричIчIи, гвенд, коллектив, театр, кьаб-кьаби, сверун, тIадеялдаса-тIаде, мада-гъадар, дагь-дагьккун, лъаб-лъабккун, бецаруз, ничгьечI, цIурахинкI, багIаргьоло, гIужрукъ, гомог, гонгал, гозо, гузби, гIазу, росу, гIанкI, гIанкIу, гъабу, зулму, пикру, гIелму, кету.

## Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал

**Напсиял хIасилал:**

- жиндирго ВатIаналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъул тарихалдаса чIухIи; жив магIарул миллаталъул чи вукIин бичIчIи;
- рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи ва гьелъ магIарулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен чIезабулеблъи лъай;
- гъалатI гьечIеб кIалзул ва хъвавул калам гIаммаб культураялъул гIаламат букIин лъай;
- школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби, кидаго лъикIав цIалдохъанлъун вукIине бажари;
- лъикIаб даражаялда цIализеги цIализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;

- цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби;

- цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.

- мугIалимас кьураб къиматалда разилъи.

**Метапредметиял хIасилал:**

*БатIи-батIиял тIадкъаял тIуразаризе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (Познавательные УУД):*

- учебникалда бугеб материал лъикI лъай: ай цIалул тIадкъаял тIуразаризе къваригIараб баян (информация) балагьи, суратаздалъун, схемабаздалъун кьураб баян бичIчIи; предметал дандекквей, гьезулъ гIаммал ва батIалъиялъул гIаламатал рихьизари; батIи-батIиял баянал (справкаби) кьолеб учебникалъул ва цIалул пособиязул материалалдаса пайда боси (мугIалимасул нухмалъиялдалъун);

*Хурхен гьабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (коммуникативные УУД):*

- диалогалъулъ гIахьаллъизе бажари (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);

- тIадкъаял тIуразарулаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажари: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гьалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, цогидазулгун данд бан гьоркьоб лъураб цIалул суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;

*Гьабулеб цIали низамалда ккезабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (регулятивные УУД):*

- жив хIалтIулеб бакIалда цIалиялъе рукIине кколел щартIал чIезаризе бажари;

- кьураб мисалалдаги данде ккун, жиндирго хIалтIул хал гьабизе, къваригIараб жо тIаде жубазе, мисалалъе кьуралда данде ккечIони, жиндирго хIалтIи хисизе бажари;

- мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе бажари;

- бищун кIвар бугел гIаламатал хIисабалдеги росун, предметал ва лъугьа-бахъинал тIелазде рикьизе ва ратIа-ратIаго лъезе бажари.

**Предметиял хIасилал:**

Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, кIиабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула:

- рахьдал мацIалъул алфавиталъул хIарпал абизе;

- рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;

- рагIулъ ударение бугеб слог батизе;

- геминатал гъорлъ ругел рагIаби битIун абизе (цIализе) ва хъвазе;

- лабиалиял гьаркьал гъорлъ ругел рагIаби битIун абизе (цIализе) ва хъвазе;

- рагIаби, предложениял, 30–40 рагIи бугел текстал, гьалатIал риччачIого, битIун хъвазе;

- рагIаби слогазде рикьизе, цо мухъида инчIеб рагIи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босизе;

- гIадамазда, хIайваназда, шагьаразда, росабазда, гIоразда лъурал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;

- *Й* ва *Щ, щ* хIарпалги авар мацIалъе хасиятал рагьукъал хIарпалги гъорлъ ругел рагIаби битIун хъвазе;

- *Ъ, ь* хIарпаз тIубалеб хъулухъ бихьизабизе;

- фонетикияб разбор гьабизе (рагIаби слогазде рикьи, ударение бугеб слог бати, рагIулъ гьаркьазул ва хIарпазул тартиб чIезаби, **ицц, гъветI, учитель** гIадал рагIабазулъ гьаркьазулги хIарпазулги къадар чIезаби);

- рагIуе битIун суал лъезе ва суалазул кумекалдалъун предмет, предметалъул гIаламат ва предметалъул иш бихьизабулел рагIаби ратIа рахъизе;

- кIиго-лъабго рагIудасан гIуцIараб предложениялъулъ рагIабазда

гьоркьоб бухьен чIезабизе, подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение бихьизабизе;

- рагIабаздасан, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чIезабулаго, предложение гIуцIизе;

- предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвазе, ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишараби лъезе;

- тексталъул тема чIезабизе ва тексталда цIар лъезе;

- текст предложениязде биххизе;

- магIнаялъухъги балагьун, тексталъул бутIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе;

- суалазул кумекалдалъун хабарияб тексталъул 30–45 рагIи бугеб изложение хъвазе;

- кьураб темаялда тIасан лъабго-щуго предложениялдасан текст гIуцIизе ва хъвазе;

- тексталъул магIна бугел бутIаби цIияб мухъидаса хъвазе.

## III класс (68 сагIат)

### КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби

МацIалъул ва каламалъул бутIа хIисабалда текст, предложение ва рагIи.

Предмет, предметалъул гIаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагIаби.

Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Е, ё, ю, я рагьарал хIарпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал[4].

### Предложение. РагIабазул дандрай.

---

[4] Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал, геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун рахъиялда тIад хIалтIула тIубараб цIалул соналъ. Гьел хIалтIаби гьарула цIалулги грамматикаялъулги дарсазда дагьа-дагьаб заманги кьун.

Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тӀалабияб. Интонациялде балагьун, ахӀул предложение.

Предложениялъул бетӀерал членал: подлежащее, сказуемое ва битӀараб дополнение.

Предложениялъул бетӀерал гурел членал.

Предложениялълъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

ГӀадатал тӀиритӀарал ва тӀиритӀичӀел предложениял. Предложениялъул ахиралда тӀанкӀ, суалияб ва ахӀул ишара. ГӀадатал ва журарал предложениял.

РагӀабазул дандрай. РагӀабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагӀи. РагӀабазул дандраязулъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

**Текст**

Текст, тексталъул гӀаламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, цӀар лъей.

## РагӀул гӀуцӀи

МагӀна гӀагарал рагӀаби. РагӀул магӀнаял бутӀабазул (кьибилалъул, ахиралъул, аслуялъул ва суффиксалъул) хӀакъалъулъ гӀаммаб бичӀчӀи. Ахиразул кумекалдалъун рагӀул форма хисиялда ва суффиксазул кумекалдалъун цӀиял рагӀаби лъугьиналда хадуб хал кквей. Кьибил цоял рагӀаби ва цого цо рагӀул формаби (дандекквей).

РагӀул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял (лъай-хъвай гьаби).

## Лексика[5]

РагӀул лексикияб магӀна (гӀаммаб бичӀчӀи). ГӀемер магӀнаялъулал рагӀаби. БитӀараб ва хъвалсараб магӀнаялда рагӀаби хӀалтӀизари. Синонимал. Антонимал.

[5] Лексикаялда тӀад хӀалтӀи тӀобитӀула предметияб цӀар, прилагательное, глагол лъазабулаго, гьединго цӀалиялъул дарсазда.

## Каламалъул бутIаби

Предметияб цIаралъулгун, прилагательноялъулгун, глаголалъулгун, рикIкIеналъулгун, цIарубакIалъулгун[6], наречиялъулгун[7] гIаммаб лъай-хъвай гьаби.

**Предметияб цIар.** Предметияб цIаралъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Хасал ва гIаммал предметиял цIарал. Хасал предметиял цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Предметияб цIаралъул жинс: чиясул, чIужуялъул ва гьоркьохъеб.

Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма. ГIицIго цолъул формаялда хIалтIизарулел яги гIицIго гIемерлъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал[8].

Предметиял цIарал падежазде свери *(асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. ва жинда п.).*

**Прилагательное.** Прилагательноялъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьун рукIин. Цого яги гIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял. Прилагательноял-антонимал каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси.

**РикIкIен.** РикIкIеналъул магIна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай.

**Глагол.** Глаголалъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цIаргун рекъон ккей.

---

[6] Гьеб каламалъулъ хIалтIизабиялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ хал кквела.

[7] Гьеб каламалъулъ хIалтIизабиялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ хал кквела.

[8] Гьел каламалъулъ хIалтIизариялда хадуб тIубараб цIалул лъагIелалъ хал кквела.

Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бачIунеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман. Цого яги гIага-шагарал магIнаялъул глаголалги гIаксаб магIнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъул глаголал. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялъул глаголал каламалъулъ хIалтIизари.

## Текст. Бухьараб калам цебетIезаби[9]

Тексталъул (яги каламалъул) тайпабазул гIаммаб бичIчIи: хабарияб текст, сипатияб текст, пикрияб текст. Ишалъулабги художествиябги калам. ЦIалараб текст бутIабазде биххизе ва гьезда цIарал лъезе бажари. Киназго цадахъ яги жинцаго гIуцIараб планалда рекъон, хабарияб изложение хъвай.

Сюжет гьечIелги сюжеталъулалги суратаздаса харбал херхине лъай (бицунги хъванги).

Жидер расандабазул, тIабигIаталда хадуб халкквеялъул, рекIел-гъеялъул, экскурсиязул, гьудул-гьалмагъзабазул хIакъалъулъ къокъго бицине бажари.

Лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, къокъаб сочинение хъвазе лъай.

Жиндир ишазул хIакъалъулъ гьитIинабго кагъат хъвазе лъай.

## ЛъагIалида жаниб малъараб материал лъазаби

Текст ва предложение. РагIул магIнаял бутIаби. Каламалъул бутIаби.

## Берцинго хъвай.[10]

Берцинго хъвазе, хатI куцазе цересел классазда щвараб бажари щула

[9] Калам гIуцIизе ругьун гьариялъе программаялда хасаб заман бихьизабуларо. Гьеб темаялда хурхарал хIалтIаби тIолго цIалул соналда жанир гьаризе ккола. Ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тIоритIизе, хасал дарсазе литературияб цIалиялъе бихьизабураб заманалдаса ичIго сагIат кьун буго.

[10] Берцинго хъвазе ругьун гьариялде мугIалимас щибаб грамматикаялъул дарсида кIвар кьола.

гьаби. Хъвазе захIматал гьитIинал ва кIудиял хIарпазул ва гьезул цолъиязул мисалиял группаби:

I) з, к, ж, в, ч, б, д, у, я, кI, къ, кь, кв;

2) Г, П, Т, Р, З, Е, Ю, У, Д, Ф, К, В, КI, Кь, Къ, Кв;

3) Пп, Чч, Рр, Вв, Ее, Зз, Уу, Къкъ, Кькь, КIкI, Кв, ккв, Ол, ое, во, вл, се, ква, хIу, хIо, гьа, гье, гьо, цI, Щв, ХIа, Гьи, Гьо, ТIа, Ге, Бе, КIа.

ГьитIиналго текстал, предложениял, рагIаби берцинго ва рацIцIадго хъвазе ругьун гьари.

**БитIун хъвазе захIматал рагIаби:** хIукму, сихIру, макру, гIазу, магIу, макьу, сабру, гIакълу, рагьу, квердаххелал, квасквас, габурбухь, рицIигъветI, рицIимахIу, гIачимухъ, цIоросарикIкI, цIумагъеду, ордек, председатель, приказ, радио, общество, солдат, республика, автономия, агъазгьечI, адаб-хъатир, бижарабжо, годекан, гьабугьин, гьабсагIат, гIададакъад, эбел-инсул, костюм, кIийихъан, кIикIвенкь, кIиабилеб, анцIила лъабабилеб, анцIила щуго.

## Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал

**Напсиял хIасилал:**

- школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби;

- мугIалимасул, цадахъ цIалулел гьалмагъзабазул ва эбел-инсул рахъалъан щвараб къиматги хIисабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;

- инсанасул напсалъул лъикIаб хасиятги обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кIвар ва магIна бугел мурадал цере лъей.

**Метапредметиял хIасилал:**

- рахьдал мацI гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIи;

- цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гIаммлъизабизеги, тIелазде

бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригIараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;

- информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIализе, хъвадаризе, цIалул тIехьгун хIалтIизе бугел) бажариял куцай;

- цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гъалатIал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин;

- мацIалъул бечелъи бичIчIи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;

- хурхен гьабиялъул батIи-батIиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул ва мацIалъул алатал хIалтIизаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял хIасилал:**

Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, лъабабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула:

- авар мацIалъе хасиятал гьаркьал (хIарпал): *хI, гь, кь, къ, тI* ва гь. ц., гьединго геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал къосинчIого ритIун рахъизе ва гьел гъорлъ ругел рагIаби, предложениял, гъалатI биччачIого, чвахун цIализе;

- рагIаби, предложениял, 40–50 рагIи бугел текстал, гъалатIал риччачIого, битIун хъвазе;

- рагIул фонетикияб разбор гьабизе: рагIаби слогазде рихxизе, ударение бугелги гьечIелги слогал ратIа рахъизе, рагьарал ва рагьукъал хIарпал ратизе, рагIулъ гьезул къадар чIезабизе;

- рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе (кьибил, аслу, суффикс, ахир ратIа рахъи);

- батIи-батIиял каламалъул бутIабазул кьибил цоял рагIаби тIаса рищизе;

- каламалъул бутIаби ва гьезул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе;

- предметиял цIаразул гIемерлъул форма лъугьинабизе;

- предметиял цIарал падежазде сверизаризе;

- предметияб цIаралъул жинсалда ва формаялда рекъон прилагательноял жинсазде ва цолъул ва гIемерлъул формаялде хисизе;

- къадаралъул ва иргадул рикIкIенал цоцаздаса ратIа рахъизе ва гьел битIун хъвайзе;

- глаголал заманабазде хисизе;

- текстазулъ синонимал ва антонимал ралагьизе ва хIалтIизаризе (терминал чара гьечIого лъазе кколаро);

- предложениялда жаниб суалаздалъун рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе, рагIабазул дандраял ратизе;

- предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениязул тайпаби рихьизаризе, бетIерал ва бетIерал гурел членал ратIа рахъизе, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чIезабизе, гIадатаб тIибитIараб ва кIиго предложениялдасан гIуцIараб жубараб предложение бихьизабизе);

- предложениялъул интонация цIунизе;

- текст бутIабазде биххизе, магIна бугеб тексталъул бутIа цIияб мухъидаса хъвазе;

- тексталъулъ предложениязда гьоркьоб бухьен чIезабизе;

- темаялда мугъги чIван, тексталъе цIар лъезе, тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе;

- рагIабазул дандраялъулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи батизе;

- киназго цадахъ гIуцIараб планалда рекъон ругьунлъиялъул изложение хъвазе;

- тексталъул тайпа бихьизабизе, ай хабариял, сипатиял ва пикриял текстал цоцаздаса ратIа рахъизе;

- цебекунго хIадурлъиги гьабун, тIабигIаталъухъ халкквеялъул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталда тIаса сочинение хъвазе;

- лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гьорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, текст гIуцIизе.

## IV класс (68 сагIат)

### Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби

Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Геминатал. Лабиалиял гьаркьал. *Е,ё,ю,я* хIарпал. *Й* гьаракь ва хIарп. *Щ, Ш* рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. *Ъ* гьаракь ва хIарп. *Ь* хIарп.

РагIул гIуцIи (кьибил, ахир, аслу ва суффикс). Кьибил цоял рагIаби. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял.

Каламалъул бутIаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда предметиял цIаразул, прилагательноязул, глаголазул гIаламатал гIаммлъизари: гIаммаб магIна, суалал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял, предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъ.

Каламалъул бутIа хIисабалда предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби. Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. РагIабазул дандрай.

Текст. Тексталъул тайпаби. Тексталъул тема ва аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Тексталъул бутIаби ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен.

### Предложение. Предложениялъул тайпа цоял членал.

Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал (гIаммаб бичIчIи). Предложениялъул тайпа цоял членал (гIаммаб баян). Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизари. Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел битIун цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизарурал тайпа цоял членалгун гIадатал предложениял ва журарал предложениял цоцазда дандекквей.

## Текст

Тексталъул хIакъалъулъ щварал баянал гIаммлъизари: тексталъул тема ва гьелъулъ аслияб пикру загьир гьаби, тексталда цIар лъей, тексталъул гIуцIи ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен, тексталъул план гIуцIи.

## Каламалъул бутIаби

### Предметияб цIар

Цолъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери. Предметиял цIарал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери.

ГIадатал падежал: *аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж, кьовул падеж.* Гьезул ахиразул битIунхъвай.

БакIалъул падежал.[11] Гьезул ахиразул битIунхъвай.

ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери.

### Прилагательное

Прилагательноялъул лексикияб магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ.

Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ хиси.

Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде свери.

Прилагательноязул битIунхъвай.

### ЦIарубакI

Каламалъул бутIа хIисабалда цIарубакI. ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал. ЦIарубакIал каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъи.

Гьумералъул цIарубакIал падежазде свери. ЦIарубакIазул битIунхъвай.

### Глагол

[11] БакIалъул падежазулгун, жидеда цIарал абичIого, практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьабула.

Каламалъул бутIа хIисабалда глагол: глаголалъул лексикияб магIна, глаголазул суалал. Глаголияб цIар. Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал заманабазде хиси: араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал. Глаголазул битIунхъвай.

## Наречие[12]

Каламалъул бутIа хIисабалда наречие. Гьелъул лексикияб магIна ва суалал. Наречиял каламалъулъ хIалтIизари. Каламалъулъ гIемер хIалтIизарулел наречиязул битIунхъвай.

## Словарияб хIалтIи[13]

Каламалъулъ битIараб ва хъвалсараб магIнаялъул рагIаби, синонимал ва антонимал хIалтIизари.

## Текст. Бухьараб калам цебетIезаби[14]

Текст ва гьелъул аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Хабарияб, сипатияб ва пикрияб тексталъул гIуцIи.

Киназго цадахъ ялъуни жалго ургъун, гIуцIараб планалда рекъон, сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе лъай. Сураталдасан хабарияб сочинение, хъвазе лъай. Цо лъилниги

12 Наречиязулгун цIалдохъабаз, учебникалдаса яги жидецаго гIуцIарал текстазул анализ гьабулаго, практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьабула. Гьелда тIаса щвараб лъаялъул даражаялъул хал гьабуларо.

13 Словариял хIалтIаби тIолго лъагIалида жанир гьарула.

14 Калам гIуцIизе ругьун гьариялъул хIалтIаби тIолго цIалул соналда жанир тIоритIула. Ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тIоритIизе, хасал дарсазе литературияб цIалиялъе бихьизабураб заманалдаса ичIго сагIат кьун буго.

яги сундулниги хIакъалъулъ, сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвазе лъай.

Текст гIуцIулаго, эпитетаздаса, метафораздаса, дандекквеяздаса, олицетворенияздаса, гьединго синонимаздаса, антонимаздаса ва гь.ц. пайда боси.

**ЛъагIалида жаниб малъараб материал лъазаби**

Предложениялъул хIакъалъулъ щвараб лъай гIаммлъизаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда текст ва предложение. Каламалъул бутIаби.

**Берцинго хъвай**

Берцинго хъваялъе ва хатI къачIаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIониги, цересел классаздаго гIадин, гьанибги берцин хъваялде ва хатI къачIаялде кидагосеб кIвар кьела.

**БитIун хъвазе захIматал рагIаби:** бакъанигIуж, бакIа-бахари, бакъдебусс, бекIкIи, БецIкъварилъи, Сулахъ гIор, ГIарахъ-мегIер, волейбол, ворта-хъети, вуцIцIухIун, гъадибусен, бадиса-бадибе, кIалагъоркье, махсароде, рекIетIа, гьанжего-гьанже, гьанамахI, гьитIинкилищ, гьоркьобакI, гIалагъважа, гIамалквеш, гIамалберцин, гIоркIкIен, гIурччинхер, жура-гъуран, тIадерахъи, малъухъе, дандерижи, захIмалъи, инжилъи, комбайн, экскурсия, шофер, кIийида, ункъида, лъаб-лъабккун.

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**Напсиял хIасилал:**

- школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби;
- мугIалимасул, цадахъ цIалулел гьалмагъзабазул ва эбел-инсул рахъалъан щвараб къиматги хIисабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;

- инсанасул напсалъул лъикIаб хасиятги обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кIвар ва магIна бугел мурадал цере лъей.

**Метапредметиял хIасилал:**

- рахьдал мацI гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIи;

- цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гIаммлъизабизеги, тIелазде бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригIараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;

- информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIалиялъул, хъвадариялъул, цIалул тIехьгун хIалтIиялъул) бажариял куцай;

- цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гъалатIал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин;

- мацIалъул бечелъи бичIчIи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;

- хурхен гьабиялъул батIи-батIиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул ва мацIалъул алатал хIалтIизаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял хIасилал:**

Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, ункъабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула:

- лъазарурал каламалъул бутIабазул гIаламатал рихьизаризе;

- предложениялъул тайпа цоял членазул гIаламатал рихьизаризе;

- гъалатIал риччачIого, малъарал битIунхъваялъул къагIида-биги цIунун, 60–70 рагIи бугеб диктант хъвазе;

- геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал гъорлъ ругьел рагIабазул фонетикияб разбор гьабизе;

- рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе (рагIулъ кьибил, суффикс, аслу ва ахир бихьизабизе);

- рагIул морфологияб разбор гьабизе (предметияб цIаралъул байбихьул форма, жинс, цолъул ва гIемерлъул форма, падеж; прилагательноялъул жинс, цолъул ва гIемерлъул форма; глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма, заман, цолъул ва гIемерлъул форма, жинсиял глаголазул жинс бихьизабизе);

- предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (предложениялъул тайпа чIезабизе, бетIерал членал рихьизаризе, суалаздалъун бетIерал членаздаги бетIерал гурел членаздаги гьоркьоб бухьен чIезабизе);

- тайпа цоял членалгун предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе;

- текстальул тема чIезабизе ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе;

- текстальда цIар лъезе;

- текстальул план гIуцIизе;

- хабариял, сипатиял ва пикриял текстал ратIарахъизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе;

- лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гьорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе;

- лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гьорлъе ккезабун, сочинение хъвазе;

- кIалзул ва хъвавул каламалъулъ хабариял, суалиял, тIалабиял ва ахIул предложениял ратIа рахъизе ва гьездаса пайда босизе;

- тIиритIарал предложениял, тайпа цоял членалгун предложениял ва журарал предложениял цоцаздаса ратIа рахъизе ва каламалъулъ битIун хIалтIизаризе.

# ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

## Хъвай-цIали малъи (I35 сагIат, анкьида жаниб 5 сагIат)

### ХIадурлъиялъул заман (24 сагIат)

#### ЦIализе малъи (I2 сагIат)

| Дарс | Тема | Темаялъе баян | Гьаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|---|
| I | **«Азбука» - тIо-цебесеб цIалул тIехь.** | Азбукаялъул шартIиял ишараби ва цIалул тIехьалъул бутIаби (тIехьалъул мужалат, титулалъулаб гьумер, суратал, форзац). Дарсида хьвада-чIвадиялъул къагIидаби. ЦIалул тIехьгун хIалтIулел къагIидаби. | Азбукаялъул гIуцIи лъазабизе. ЦIалул тIехьалъул бутIаби (тIехьалъул мужалат, титулалъулаб гьумер, суратал, форзац) рихьизаризе ва абизе. Азбукаялъул шартIиял ишараби абизе, щибаб ищараялъул магIна баян гьабизе, Азбукагун хIалтIулаго, гьезул бугеб кIваралъул бицине. ЦIалул тIехь кин битIун хIалтIизабизе кколебали бицине: цIодорго тIехь рагьизе, къваригIараб гьумер батизе, гьеб сукIине биччачIого, чIоло лъун, батIа гьабизе ва гь.ц. Дарсида хьвада-чIвадиялъул къагIидабазда тIаса мугIалимас лъурал суалазе жавабал кьезе ва цIалул хIалтIулъ гьел къагIидаби |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | дурусго цIунизе (битIун гIодор чIезе, жаваб кьелалде цебе квер борхизе; жаваб кьолаго, тIаде рахъизе, гьаракь борхун ва мухIканго жаваб кьезе, мугIалимасухъ гIенеккизе ва гьесул тIадкъаял тIуразе, гьалмагъзабазул жавабазухъ гIенеккизе). |
| 2 | **Калам. КIалзул ва хъвавул калам.** | Дарсида хьвада-чIвадиялъул къагIидаби. Каламалъул этикет: салам кьей, къо-мех лъикI гьаби, тIаса лъугьин, баркала кьей, гьари. Инсанасул гIумруялда жаниб лъаялъул бугеб кIвар. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе ва мугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Каламалъул хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи кьезе.<br>Практикияб къагIидаялъ кIалзул каламалдаги хъвавул каламалдаги гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабизе.<br>Сюжетияб сураталда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Каламалъул этикет цIунизе.<br>Цогидал цIалдохъабазухъ кIвар кьун гIенеккизе.<br>МугIалимас лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Школалда жиндирго рекIее лъугьараб асаралъул хIакъалъулъ гьалмагъзабазда бицине; кIвар кьун, гьоркьоса къотIичIого, гьалмагъзабазухъ гIенеккизе, цо сунданиги тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе.<br>Суратазда тIасан хабар гIуцIизе. |
| **3** | **Предложение.** | Дарсида хьвада- | Дарсида цебе лъураб цIалул |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | чIвадиялъул къагIидаби.<br>Группаялъулъ хIалтIулел къагIидаби. | масъала бичIчIизе ва мугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Предложениялъул хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи кьезе.<br>Каламалъулъ предложениял рихьизаризе.<br>Каламалъулъ предложениязул къадар чIезабизе.<br>Сюжетияб сураталда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Каламалъул этикет цIунизе.<br>Цогидал цIалдохъабазухъ кIвар кьун гIенеккизе.<br>МугIалимас лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Школалда жиндирго рекIее лъугьараб асаралъул хIакъалъулъ гьалмагъзабазда бицине; кIвар кьун, гьоркьоса къотIичIого, гьалмагъзабазухъ гIенеккизе, цо сунданиги тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе.<br>Суратазда тIасан хабар гIуцIизе. |
| 4 | **Предложение ва рагIи.** | Предложение рагIабазде биххи.<br>РагIудаги предложениялдаги гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизаби.<br>РагIул магIна.<br>Предложениялъул гIуцIиялъулъ рагIул графикияб сипат бихьизаби. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Сураталдасан хабар бицине.<br>Предложение рагIабазде биххизе.<br>РагIул магIна бичIчIизе.<br>Предложениялъулъ рагIабазул къадар чIезабизе.<br>Предложениялдаса рагIаби, ратIа гьарун, росизе.<br>ГIадатал предложениял гIуцIизе |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | ва схемабаздалъун гьел рихьизаризе.<br>Кьурал схемабазда рекъон предложениял гIуцIизе. Схемазда рекъон предложениял «цIализе».<br>АхIул интонациялдалъун предложениял абизе. АхIул предложениялъул ахиралда ахIул ишара лъолеблъи баян гьабизе.<br>Сюжетияб сураталда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Жидеца тIубалеб хъулухъалде балагьун, предложение ва рагIи цоцаздаса ратIарахъизе (МугIалимасул кумекалдалъун гьадинаб хIасил гьабула: предложениялъ нилъер пикру загьир гьабула, цо сундулниги, лъилниги хIакъалъулъ бицуна; рагIабаз сундулниги цIарал абула).<br>Предметал тIелазде рикьизе, предметазул тIелал цо рагIудалъун абизе. |
| **5** | **Слог** | Слог абиялъул рахъалъ мацIалъул бищунго гьитIинаб бутIа хIисабалда. РагIаби слогазде рихxи. РагIабазулъ слогазул къадар чIезаби. Слогазде бихxараб рагIи схемаялдалъун бихьизаби. Сюжетиял | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Сураталдасан хабар бицине.<br>РагIаби слогалккун абизе.<br>РагIаби слогазде рикьизе.<br>Схемаялъул кумекалдалъун рагIул модель гьабизе.<br>Цо чIванкъотIарал слогаздасан гIуцIарал рагIабазул мисалал рачине. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | суратазда тӀасан кӀудиял гьечӀел харбал гӀуцӀи. | Предметал рихьизарулел рагӀабазул слогазул гӀуцӀи чӀезабизе.<br>Сураталдасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Предметал тӀелазде рикьизе.<br>ХӀасил гьабизе лъурал суалазе жавабал кьезе ва дарсида жинца гьабураб хӀалтӀуе къимат лъезе. |
| 6 | **Каламалъулъ гьаркьал.** | Гьаркьалъул хӀакъалъулъ бичӀчӀи. РатӀатӀурал гьаркьал битӀун абизе ва битӀун рагӀизе ругьун гьари. Сюжетиял суратазда тӀасан кӀудиял гьечӀел хабариял текстал гӀуцӀи. | Дарсида цебе лъураб цӀалул масъала бичӀчӀизе. МугӀалимасул кумекалдалъун гьеб тӀубазе.<br>Сверухъ тӀабигӀаталда рагӀулел каламалъул гурел гьаркьазда хадуб халкквезе.<br>Каламалъул гурел гьаркьазухъ гӀенеккизе, гьел ратӀарахъизе.<br>Каламалъул ва каламалъул гурел гьаркьал практикияб къагӀидаялъ цоцаздаса ратӀарахъизе. «Гьаркьал нилъеца абула ва нилъеда рагӀула» абураб палхӀасил гьабизе.<br>РатӀатӀурал гьаркьал абизе ва гьезухъ гӀенеккизе.<br>Сураталдасан хабар гӀуцӀизе.<br>ХӀасил гьабизе лъурал суалазе жавабал кьезе ва дарсида жинца гьабураб хӀалтӀуе къимат лъезе. |
| 7 | **РагӀабазулъ гьаркьал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал.** | РагӀулъ гьаракь бихьизаби. РагӀул гьаркьилаб анализ. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва гьезул хаслъи. Рагьарал | Дарсида цебе лъураб цӀалул масъала бичӀчӀизе. МугӀалимасул кумекалдалъун гьеб тӀубазе.<br>МугӀалимасул кумекалдалъун рагӀулъ гьаракь бихьизабизе.<br>РагӀул гьаркьилаб анализ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | гьаркьаз слог лъугьинабулеблъи бихьизаби. РагIул гьаркьазул гIуцIиялъул модель гьаби. Сюжетиял суратазда тIасан кIудиял гьечIел хабариял текстал гIуцIи. | гьабизе: слогазул къадар чIезабизе, рагIулъ ва щибаб слогалъулъ гьаркьазул къадарги гьезул тартибги чIезабизе, рагIулъ тартибалда гьаркьал рихьизаризе ва абизе. Къураб гьаракь гъорлъ бугеб рагIи каламалъулъ чIезабизе ва жиндирго мисалал рачине. Сураталдасан хабар гIуцIизе. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал абулеб къагIидаялда хадуб хал кквезе, гьезда гьоркьоб бугеб батIалъи баян гьабизе. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хаслъаби рихьизаризе. Схемабазда рагьарал ва рагьукъал гьаркьал рихьизарулел къагIидаби лъазе. Рагьараб гьаракьалъ слог лъугьинабулеблъи бихьизабизе. ХIасил гьабизе лъурал суалазе жавабал кьезе ва дарсида жинца гьабураб хIалтIуе къимат лъезе. |
| **8** | **Слогалъулъ гьаркьал цоцалъ журай.** | РагIабазулъ рагьукъаб ва рагьараб гьаркьал цоцалъ журараб бакIги гьезда хадуб бачIунеб рагьукъаб гьаракьги бихьизаби. Рагьукъаб ва рагьараб гьаркьал цоцалъ журараб слогалъул схема. Рагьукъаб ва рагьараб | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал цоцаздаса ратIарахъизе, гьезул аслиял гIаламатал абизе. РагIабазулъ рагьукъал ва рагьарал гьаркьаздасанги, кIиябго рахъалъ рагьукъал гьаркьаздасанги гIуцIарал слогал ратIа гьари. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | гьаркьаздасанги, кIиябго рахъалъ рагьукъал гьаркьаздасанги гIуцIараб слогалъул моделалда тIад хIалтIи. Сюжетиял суратазда тIасан кIудиял гьечIел хабариял текстал гIуцIи. | Рагьукъал ва рагьарал гьаркьаздасанги, кIиябго рахъалъ рагьукъал гьаркьаздасанги гIуцIарал слогазул схемаби ратIарахъизе, рагIи лъугьинабулаго гьездаса пайда босизе. Суратазде ва схемабазде мугъги чIван, предложениял гIуцIизе.<br>РагIулъ слогазул къадар ва гьезул тартиб чIезабизе, щибаб слог халат бахъун абизе.<br>Кьураб схемаялъе рагIаби тIаса рищизе.<br>Сюжетияб сураталдасан кьурал суалазе жавабал кьезе.<br>Сураталда тIасан цоцазе суалал кьезе, гьалмагъас лъурал суалазе жавабал кьезе, гьалмагъасухъ гIенеккизе ва гьесул жавабазе къимат кьезе.<br>ХIасил гьабизе лъурал суалазе жавабал кьезе ва дарсида жинца гьабураб хIалтIуе къимат лъезе. |
| 9 | **Рагьараб гьаракь [а].** ***А, а*** **хIарпал.** | [А] гьаракь абиялъул хаслъаби. [А] гьаракьалъул хасал гIаламатал. [А] гьаракь бихьизабулел ишараби: *А, а.* Басмаялъулал ва хъвавул хIарпал. КIудиял ва гьитIинал хIарпал. Сюжетиял суратазда тIасан | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Сюжетияб сураталда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>[А] гьаракь гъорлъ бугеб рагIул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе.<br>РагIул схемаялда-моделалда ва сюжетияб сураталда мугъ чIвалаго, слогалъулабгин |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | кIудиял гьечIел хабариял текстал гIуцIи. Халкъиял ва литературиял маргьаби. | гьаркьилаб анализалдалъун [а] гьаракь батIа гьабизе. Гьеб гьаракь абиялъул хаслъабазда хадуб халкквезе.<br>Таблицаялде мугъги чIван, батIа гьабураб гьаркьие характеристика кьезе. [А] гьаракь рагьараб букIин хIужжабаздалъун чIезабизе. Абулел рагIабазулъ [а] гьаракь рагIизе, рагIулъ гьелъ ккураб бакI бихьизабизе.<br>РагIул бетIералда, гьоркьоб ва ахиралда [а] гьаракь бугел рагIабазул мисалал рачине.<br>КIудияб ва гьитIинаб, басмаялъулал ва хъвавул *А, а* хIарпал лъазе, цоцазда данделкквезе ва цоцаздаса ратIарахъизе.<br>[А] гьаркьидаги гьеб бихьизабулеб хIарпалдаги бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе.<br>Цин мугIалимас лъурал суалазул кумекалдалъун, хадуб, жалго жидедаго чIун, сюжетияб сураталдасан хабар гIуцIизе. АхIул интонациягун предложениял цIализе.<br>ТIадкъаял тIуразарулаго, цадахъ хIалтIизе: тIадкъаязул анализ гьабизе, гьелъул мурад бихьизабизе, тIадкъаялъе лъураб суалалъе жаваб гьабизе, гъалатI битIизабизе, гьалмагъас кьолеб жавабалъухъ гIенеккизе. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | ХІасил гьабизе лъурал суалазе жавабал кьезе ва дарсида жинца гьабураб хІалтІуе къимат лъезе. |
| **10** | **Рагьараб гьаракь [о]. *О, о* хІарпал.** | Гьаракь абиялъул хаслъаби, гьелъул хасал гІаламатал. [О] гьаракь бихьизабулел ишараби: *О, о.* Сюжетиял суратазда тІасан кІудиял гьечІел хабариял текстал гІуцІи. | Дарсида цебе лъураб цІалул масъала бичІчІизе. МугІалимасул кумекалдалъун гьеб тІубазе. [О] гьаракь гъорлъ бугеб рагІул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе. РагІул схемаялда – моделалда ва сюжетияб сураталда мугъ чІвалаго, слогалъулабгин гьаркьилаб анализалдалъун [о] гьаракь батІа гьабизе. Гьеб гьаракь абиялъул хаслъабазда хадуб халкквезе. Таблицаялде мугъги чІван, батІа гьабураб гьаркьие характеристика кьезе. [О] гьаракь рагьараб букІин хІужжабаздалъун чІезабизе. РагІабазулъ [о] гьаракь гІенеккун батІа гьабизе, рагІулъ гьелъ ккураб бакІ бихьизабизе. РагІул бетІералда, гьоркьоб ва ахиралда [о] гьаракь бугел рагІабазул мисалал рачине. КІудияб ва гьитІинаб, басмаялъулал ва хъвавул *О, о* хІарпал лъазе, цоцазда дандекквезе ва цоцаздаса ратІарахъизе. *О, о* хІарпалгун тексталъулъ рагІаби ратизе. [О] гьаркьидаги гьеб бихьизабулеб хІарпалдаги бугеб |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | гьоркьоблъи бихьизабизе. Сюжетияб суратaлдасан хабар гIуцIизе. АхIул интонациягун предложение цIализе. ТIадкъаял тIуразарулаго, цадахъ хIалтIизе: сюжетиял суратазулъ жидер цIаразулъ [о] гьаракь бугел предметал ратизе, иргадал гьел рагIаби абизе, цадахъ гьабураб хIалтIул хIасилалъе къимат кьезе. «ЦIалул дарсида щиб дуда лъараб?» абураб суалалъе жаваб кьолаго, мугIалимасул нухмалъиялда гъорлъ лъазабураб материал гIаммлъизабизе. |
| **11** | **Рагьараб гьаракь [и]. *И, и* хIарпал.** | Гьаракь абиялъул хаслъаби, гьелъул хасал гIаламатал. РагIабазул магIнаялда хадуб халкквезе. [О] гьаракь бихьизабулел ишараби: *О, о.* Сюжетиял суратазда тIасан кIудиял гьечIел хабариял текстал гIуцIи. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе. [И] гьаракь гъорлъ бугеб рагIул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе. РагIул схемаялда – моделалда ва сюжетияб суратaлда мугъ чIвалаго, слогалъулабгин гьаркьилаб анализалдалъун [и] гьаракь батIа гьабизе. Гьеб гьаракь абиялъул хаслъабазда хадуб халкквезе. Таблицаялде мугъги чIван, батIа гьабураб гьаркьие характеристика кьезе. [И] гьаракь рагьараб букIин хIужжабаздалъун чIезабизе. РагIабазулъ [и] гьаракь гIенеккун батIа гьабизе, рагIулъ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | гьелъ ккураб бакI бихьизабизе. РагIул бетIералда, гьоркьоб ва ахиралда [и] гьаракь бугел рагIабазул мисалал рачине. КIудияб ва гьитIинаб, басмаялъулал ва хъвавул *И, и* хIарпал лъазе, цоцазда дандекквезе ва цоцаздаса ратIарахъизе. *И, и* хIарпалгун тексталъулъ рагIаби ратизе. [И] гьаркьидаги гьеб бихьизабулеб хIарпалдаги бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе. Сюжетияб сураталдасан хабар гIуцIизе. Жиндирго бищунго лъикIав гьалмагъасул, гьесулгун бугеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ бицине. «Гъудуллъи, гьудул-гьалмагълъи» абурал рагIабазул магIна баян гьабизе. **И** хIарпгун рагIиги гъорлъе ккезабун, предложение гIуцIизе. Предметиял суратазда цIарал абизе. Группаялъулъ хIалтIизе: иргадал жавабал кьезе, рагIаби мухIканго абизе, цогидас кьолеб жавабалъухъ кIвар кьун гIенеккизе, жавабал ритIун кьун ругищали хал гьабизе. |
| **12** | **Рагьараб гьаракь [у]. *У, у* хIарпал.** | Гьаракь абиялъул хаслъаби, гьелъул хасал гIаламатал. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | [У] гьаракь бихьизабулел ишараби: *У, у.* [А], [и] [о] рагьарал гьаркьал такрар гьаризе.<br>Сюжетияб сураталда тIасан кIудияб гьечIеб хабарияб текст гIуцIи. | Сюжетияб сураталда тIасан хабар гIуцIизе.<br>[У] гьаракь гьорлъ бугеб рагIул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе.<br>РагIул схемаялда – моделалда ва предметияб сураталда мугъ чIвалаго, слогалъулабгин гьаркьилаб анализалдалъун [и] гьаракь батIа гьабизе. Гьеб гьаракь абиялъул хаслъабазда хадуб халкквезе.<br>Таблицаялде мугъги чIван, батIа гьабураб гьаркьие характеристика кьезе. [У] гьаракь рагьараб букIин хIужжабаздалъун чIезабизе.<br>РагIабазулъ [и] гьаракь гIенеккун батIа гьабизе, рагIулъ гьелъ ккураб бакI бихьизабизе.<br>РагIул бетIералда, гьоркьоб ва ахиралда [у] гьаракь бугел рагIабазул мисалал рачине.<br>КIудияб ва гьитIинаб, басмаялъулал ва хъвавул *У, у* хIарпал лъазе, цоцазда дандекквезе ва цоцаздаса ратIа рахъизе.<br>*У, у* хIарпалгун тексталъулъ рагIаби ратизе.<br>[У] гьаркьидаги гьеб бихьизабулеб хIарпалдаги бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе.<br>РагIабазул схемаби предметиял суратазда рухьине.<br>Лъазарурал рагьарал гьаркьазе |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | характеристика кьезе.<br>Группаялъулъ хIалтIи: тIадкъай тIубазабизе цебе лъураб мурад цадахъго чIезабизе, иргадал рагIаби абизе, цогидаз кьурал жавабазе къимат кьезе, «Кинав чи кколев жигарав цIалдохъан? Нужеда гьоркьоб жигарав цIалдохъалин лъида абизе бегьулеб?» абурал суалазе жаваб кьезе. Жигарав цIалдохъанасул гIаламатал абизе. «ХIарпазул лентáлда» лъазабураб хIарпалъул бакI чIезабизе. |

**Хъвазе малъи (12 сагIат)**

| Дарс | Тема | Темаялъе баян | Гьаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|---|
| 1 | **Берцинхъваялъул тIоцебесеб тетрадь** | Берцинхъваялъул тетрадалъул бутIаби: тетрадалъул мужалат ва тIанчил гьумер. Нилъер хъвай-хъвагIай цебетIеялъул тарих (къокъго). Ручкаялъулгун лъай-хъвай гьаби ва хъвадарулаго гьеб кколеб куц бихьизаби. Хъвадарулеб заманалда битIун гIодор чIезе лъай. Тетрадалда ругел мухъазулгун ва | Берцинхъваялъул тетрадалъул бугеб мурадалъул хIакъалъулъ мугIалимас кьурал суалазе жавабал кьезе.<br>Берцинхъваялъул тетрадалда кьураб материалалда тIад хIалтIизе.<br>Столалда тIад тетрадь битIун лъезе, хъвадарулеб заманалда битIун ручка кквезе.<br>ТIеренал хIуччал рахъизе. ТIанкIаздалъун цIарал мухъал цIезаризе.<br>Предметиял суратазул тIанкIаздалъун цIарал мухъазулъ хIарпазул бутIаби ратизе. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | хIуччазулгун лъай-хъвай гьаби.<br>ХIалтIулаб мухъ.<br>ХIалтIулал мухъазул тIасиял ва гъоркьиял хIуччал.<br>Хъвадариялъул гигиеналъул къагIидаби.<br>Хъвадаризе квер ругьун гьаби.<br>ТIеренал хIуччал рахъиялъул тайпаби.<br>ТIанкIаздалъун цIарал мухъал цIезари. ХIарпазул бутIаби (элементал) (хоноккараб гургинлъи, бащадаб хоноккараб гургинлъи, битIараб цо рахъалда балагьи бугеб къокъаб мухъ), накъищал хъвай. | Тетрадалда кьурал мисалазда рекъон графикиял элементал хъвазе: хIарпазул бутIаби (элементал) мухъида битIун лъезе, графикиял элементазда гъоркьоб букIине кколеб манзил цIунизе. |
| 2 | **ХIалтIулаб мухъ. ХIалтIулаб мухъалъул тIасияб ва гъоркьияб хIучч.** | Хъвадаризе квер ругьун гьаби.<br>ТIеренал хIуччал рахъиялъул тайпаби.<br>ТIанкIаздалъун цIарал мухъал цIезари. ХIарпазул бутIаби (элементал) (хоноккараб гургинлъи, бащадаб хоноккараб | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе.<br>МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Столалда тIад тетрадь битIун лъезе.<br>КъватIисеб сипаталда рекъон ручкаялъ предметазул суратал рахъине.<br>Предметиял суратазул къватIисел сипатазулъ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | гургинлъи, битIараб цо рахъалда балагьи бугеб къокъаб мухъ), накъищал хъвай. | хIарпазул бутIаби (элементал) ратизе.<br>ХIарпазул бутIаби (элементал) ручкаялъ рахъизе.<br>Тетрадалда кьураб мисалалда рекъон графикиял элементал хъвазе: хIарпазул бутIаби (элементал) мухъида битIун лъезе, графикиял элементазда гьоркьоб букIине кколеб манзил ва гьезул гьетIи цIунизе. Мисалазда мугъги чIван, накъищал иргаялда рахъизе. |
| 3 | **Хоноккараб гургинлъи, бащадаб хоноккараб гургинлъи.** | Хъвадаризе квер ругьун гьаби. Хъвадарулаго гIодор чIолел къагIидаби. Тетрадалда ругел суратазе предложениял гIуцIи. Предложениялъул моделал. Сюжетиял суратазда тIеренал хIуччал цIай. ГIаммаб гIаламаталъул кьучIалда предметал тIелазде рикьи. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе.<br>МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Столалда тIад тетрадь битIун лъезе.<br>ТIадкъаял тIуразарулаго, хъвадариялъул гигиеналъулал къагIидабаздаса пайда босизе.<br>Хоноккарал гургинлъаби, ращадал хоноккарал гургинлъаби предметазул суратазулъ ратизе.<br>КъватIисеб сипаталда рекъон ручкаялъ предметазул суратал рахъизе.<br>Тетрадалъул гьумералда кьурал суратазда ругел предметазул цIарал абизе ва гьел тIелазде рикьизе. Тетрадалда кьурал суратазе предложениял гIуцIизе. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **4** | **Халатал ва къокъал гьетIарал хIуччал.** | Хъвадаризе квер ругьун гьаби. Хъвадарулаго гIодор чIолел къагIидаби лъазари. Сюжетиял суратазда тIеренал хIуччал цIай. Предметал рагIудалъун аби. ГIаммаб гIаламаталъул кьучIалда предметал тIелазде рикьи. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе. Столалда тIад тетрадь битIун лъезе. ТIадкъаял тIуразарулаго, хъвадариялъул гигиеналъулал къагIидабаздаса пайда босизе. Сюжетиял суратазда тIеренал хIуччал цIазе. Тетрадалда кьурал сюжетиял суратазда тIасан харбал гIуцIизе. Мисалазде балагьун, халатал ва къокъал гьетIарал хIуччал ритIун рахъизе. ХIуччал рахъулаго, букIине кколеб гьетIиги гьел хIуччазда гьоркьоб къваригIараб манзилги цIунизе. |
| **5** | **КвегIаб рахъалъ гьоркьан кIичIизабураб халатаб гьетIараб хIучч. Кваранаб рахъалъ гьоркьан кIичIизабураб къокъаб гьетIараб хIучч.** | Хъвадарулаго гIодор чIолел къагIидаби цIуни. Предметиял суратазда тIеренал хIуччал цIай. Тетрадалда ругел предметал рихьизарулел рагIабазул слогалъулаб анализ гьаби. Сюжетиял суратаздасан харбал гIуцIи. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе. Столалда тIад тетрадь битIун лъезе. ТIадкъаял тIуразарулаго, хъвадариялъул гигиеналъулал къагIидабаздаса пайда босизе. КъватIисеб сипаталда рекъон предметазул суратал рахъизе. Суратадда кьурал схемабазе дандекколел предметал ратизе. КвегIаб рахъалъ гьоркьан |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | кIичIизабураб халатаб гьетIараб хIучч бахъизе.<br>Кваранаб рахъалъ гъоркьан кIичIизабураб къокъаб гьетIараб хIучч бахъизе.<br>Тетрадалда кьурал суратаздасан харбал гIуцIизе. |
| 6 | **КвегIаб рахъалъ тIасан кIичIизабураб къокъаб гьетIараб хIучч. Кваранаб рахъалъ гъоркьан кIичIизабураб халатаб гьетIараб хIучч.** | Хъвадарулаго гIодор чIолел къагIидаби цIуни. Предметиял суратазда тIеренал хIуччал цIай. Суратаздасан харбал гIуцIи. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Столалда тIад тетрадь битIун лъезе.<br>ТIадкъаял тIуразарулаго, хъвадариялъул гигиеналъулал къагIидабаздаса пайда босизе. КъватIисеб сипаталда рекъон предметазул суратал рахъизе.<br>Сураталда кьурал схемабазе дандекколел предметал ратизе,<br>КвегIаб рахъалъ тIасан кIичIизабураб къокъаб гьетIараб хIучч бахъизе.<br>Кваранаб рахъалъ гъоркьан кIичIизабураб халатаб гьетIараб хIучч бахъизе.<br>Тетрадалда кьурал суратаздасан харбал гIуцIизе. |
| 7 | **КвегIаб рахъалъ тIасан, кваранаб рахъалъ гъоркьан кIичIизарурал къокъал гьетIарал** | Хъвадарулаго гIодор чIолел къагIидаби цIуни. РагIабазул слогалгин гьаркьилаб анализ. Предметиял суратазда тIеренал хIуччал цIай. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>Столалда тIад тетрадь битIун лъезе.<br>ТIадкъаял тIуразарулаго, |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | **хIуччал. Гъоркьан ва тIасан кIичI барал гьетIарал хIуччал.** | Суратаздасан харбал гIуцIи. | хъвадариялъул гигиеналъулал къагIидабаздаса пайда босизе. КъватIисеб сипаталда рекъон предметазул суратал рахъизе. РагIабазул слогалгин гьаркьилаб анализ гьабизе. КвегIаб рахъалъ тIасан, кваранаб рахъалъ гъоркьан кIичIизарурал къокъал гьетIарал хIуччал рахъизе. Гъоркьан ва тIасан кIичI барал гьетIарал хIуччал рахъизе. Суратаздасан харбал гIуцIизе. |
| 8 | **Гъоркьан ва тIасан кIичI барал гьетIарал хIуччал. Бащадаб хоноккараб гургинлъи. Хоноккараб гургинлъи.** | Хъвадарулаго гIодор чIолел къагIидаби цIуни. РагIабазул слогалгин гьаркьилаб анализ. Предметиял суратазда тIеренал хIуччал цIай. Суратаздасан харбал гIуцIи. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе. Столалда тIад тетрадь битIун лъезе. ТIадкъаял тIуразарулаго, хъвадариялъул гигиеналъулал къагIидабаздаса пайда босизе. КъватIисеб сипаталда рекъон графикиял элементазда, предметазда тIасан хIуччал цIазе. РагIабазул слогалгин гьаркьилаб анализ гьабизе. Гъоркьан ва тIасан кIичI барал гьетIарал хIуччал рахъизе. Ращадал хоноккарал гургинлъаби, гьетIи, борхалъи ва цоцазда гьоркьоб букIине кколеб манзилги цIунун, рахъи. ХIалтIулаб мухъилъ хоноккарал гургинлъаби рахъизе. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Суратаздасан харбал гIуцIизе. |
| 9 | **КIудияб ва гьитIинаб *А, а* хIарпал.** | КIудияб хIарпги гьитIинаб хIарпги дандекквей. Басмаялъулаб хIарпги ва хъвавул хIарпги дандекквей. [А] гьаракь гъорлъ бугел рагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьаби. Хасал цIаразулъ кIудияб хIарп. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе. БитIун гIодор чIезе, цIалул алатал хIалтIизаризе ва столалда терадь лъезе бугеб бажари цебетIезабизе. ТIадкъаял тIуразарулаго, хъвадариялъул гигиеналъулал къагIидабаздаса пайда босизе. КIудияб хIарпалъулги гьитIинаб хIарпалъулги бутIаби (элементал) рихьизаризе. **А, а** хIарпалъул бутIаби (элементал) битIун абизе. Басмаялъулал ва хъвавул хIарпал дандекквезе. **А, а** хIарпал батIи-батIияб материалалдаса гьаризе. **А, а** хIарпал мисалазда рекъон хъвазе. ХIарпалъул бутIаби роцадулъ рекъон ккезаризе. Тетрадалда хъварал **А, а** хIарпал мисалазда дандекквезе. Тетрадалда кьурал рагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе, хъварал рагIаби схемабазда рухьине. Хасал цIарал битIун хъвазе. |
| 10 | **КIудияб ва гьитIинаб *О, о* хIарпал.** | КIудияб хIарпги гьитIинаб хIарпги дандекквей. | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Басмаялъулаб хIарпги ва хъвавул хIарпги дандекквей. [О] гьаракь гъорлъ бугел рагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьаби. | гьеб тIубазе.<br>БитIун гIодор чIезе, цIалул алатал хIалтIизаризе ва столалда терадь лъезе бугеб бажари цебетIезабизе.<br>ТIадкъаял тIуразарулаго, хъвадариялъул гигиеналъулал къагIидабаздаса пайда босизе.<br>КIудияб хIарпалъулги гьитIинаб хIарпалъулги бутIаби (элементал) рихьизаризе.<br>**О, о** хIарпалъул бутIаби (элементал) битIун абизе. Басмаялъулал ва хъвавул хIарпал дандекквезе.<br>**О, о** хIарпал батIи-батIияб материалалдаса гьаризе.<br>**О, о** хIарпал мисалазда рекъон хъвазе.<br>ХIарпалъул бутIаби роцадулъ рекъон ккезаризе.<br>Тетрадалда хъварал **О, о** хIарпал мисалалъе кьуразда дандекквезе.<br>Тетрадалда кьурал рагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе, хъварал рагIаби схемабазда рухьине. |
| **11** | **КIудияб ва гьитIинаб *И, и* хIарпал.** | Басмаялъулаб хIарпги ва хъвавул хIарпги дандекквей. КIудияб хIарпги гьитIинаб хIарпги дандекквей. [И] гьаракь гъорлъ бугел рагIабазул | Дарсида цебе лъураб цIалул масъала бичIчIизе. МугIалимасул кумекалдалъун гьеб тIубазе.<br>БитIун гIодор чIезе, цIалул алатал хIалтIизаризе ва столалда терадь лъезе бугеб |

| | | | |
|---|---|---|---|
| Предложение ва текст.(8 сагІат) | Каламалъулъ предложеніялъул бугеб кІвар. Предложеніялъул бетІерал членал (грамматикияб аслу): подлежащее, сказуемое ва битІараб дополнение. Предложеніялъул авалалда кІудияб хІарп хъвай, ахиралда тІанкІ, суалияб ва ахІул ишараби лъей. Предложениялда жаниб | РагІаби ва предложениял дандеккола. БатІи-батІиял формабазда ругел рагІабаздасан предложениял гІуцІула. Предложеніялъулъ рагІабазда гьоркьоб бухьен чІезабула. Текст предложениязде биххула. Предложениял гІуцІула (суалазул кумекалдалъун, сураталдасан). Предложеніялъулъ бетІерал членал ратула ва гьезда гьоркь хІучч цІала. Предложеніялъул авалалда кІудияб хІарп хъвазеги ахиралда лъалхъул ишараби битІун лъезеги бугеб бажари цебетІезабула. МагІнаялъул рахъалъ |

| | | |
|---|---|---|
| | магIнаялъул рахъалъ цIикIкIараб кIвар жиндир бугеб рагIи, гьаракь борхизабун, бихьизаби. Текст, тексталъул гIаламатал, тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцада рухьин, тексталда цIар лъей. Тексталъул план, тексталъул тайпаби: хабарияб, сипатияб, пикрияб. Планалда рекъон изложение. | цIикIкIараб кIвар жиндир бугеб рагIиялда тIад ударениеги гьабун, предложениял цIалула ва магIнаялъул рахъалъ гьезда гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабула. МагIнаялъул рахъалъ цоцада рухьинчIел предложенияздаса текст батIа гьабизе бугеб бажари цебетIезабула. Тексталъул хаслъабазда (гIаламатазда) хадуб хал ккола: предложениял цоцазда рухьин, цIар лъезе рес букIин, тематикияб цолъи. Текст предложениязде бихxула ва гьелда цIар лъола. Тексталъул бутIабазда хадуб халккола. Тексталъул тайпабазул хIакъалъулъ бичIчIи кьола, гьел цоцаздаса ратIарахъиялъул бажари лъугьинабула. Текстал гIуцIула. Живго жиндаго чIун, слогалккун абулаго, предложениял ва текстал учебникалдаса хъвала. Хабарияб тексталъул план гIуцIула ва, гIуцIараб планалда рекъон, изложение хъвала. |
| Авар мацIалъе хасиятал гьаркьал ва геминатал (6 сагIат) | Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: *гъ, гь, гI, къ, кь, кI, лъ, тI, хъ, хь, хI, цI, чI.* Геминатал (хIухьелалъул тIадецуй кутаклъизабун абулел) ва гьел рихьизарулел хIарпал: *кк, кIкI, чч, чIчI, сс, хх, цц, цIцI, лълъ.* Хабар гIуцIи. Суалазда рекъон изложение. Цо кинаб бугониги темаялда тIасан сочинение. | 13 рагьукъаб гьаракь мухIканго абизе ва гьел рихьизарулел хIарпал битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабула. Болъаби цIезарула ва кIи-кIи ишараялдасан гIуцIарал хIарпал гъорлъ ругел рагIаби ургъула ва хъвала. БицанкIаби чIвала. Хабар гIуцIула. Кицаби гIуцIула ва гьел каламалъулъ хIалтIизарула. РагIабазул фонетикияб разбор гьабула. Шарадабазе ва бицанкIоялъе жавабал кьола. Суалазда рекъон хабар (текст) хъвала. Геминатал гъорлъ ругел рагIаби битIун цIализе ва хъвавулъ гьел битIун рихьизаризе бугеб бажари цебетIезабула. Предложение ва текст гIуцIизе бугеб бажари |

| | | |
|---|---|---|
| | | камиллъизабула. Сверухъ тIабигIаталда хадуб халкквеялъул кьучIалда жиндирго хабар гIуцIизе бугеб бажари цебетIезабула. |
| Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар (5 сагIат) | Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби. Предметияб цIар. Гьелъул гIаммаб магIна ва гIаламатал. Предметияб цIаралъул суалал: *щив? щий? щиб? щал?* Каламалъулъ предметияб цIар хIалтIизаби. Диктант | Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIабазе суалал лъола. Жидее хасал гIаламатазде балагьун, рагIаби тIелазде рикьула. Предложениялъулъ предметиял цIаразул гIаламатазда хадуб халккола. Щибаб рагIуе батIи-батIияб суал лъезе ругьунлъула: **щив?** абураб суал лъола чиясул жинсалъул гIадамазе; **щий?** лъола чIужуялъул жинсалъул гIадамазе; **щиб?** лъола, гIадамал хутIизегIан, рухI бугелги гьечIелги предметазе; **щал?** лъола цо чанго яги гIемерал предметазе. Предложениялъулъ бетIерал членал рихьизарула. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабула. Сураталдасан хабар гIуцIула. Кьураб схемаялда рекъон предложениял гIуцIула. Кьурал рагIабаздасан предложениял гIуцIула. Диктант хъвала. Каламалъулъ предметиял цIарал лъурал суалазда рекъон хисизаризе бугеб бажари цебетIезабула. Текст цIалула, гьелъул гIуцIиялъул анализ гьабула. Тексталда цIар лъола. БиცанкIаби цIалула ва гьезие жавабал ратула. |
| Ункъабилеб четверть (I6+2 сагIат) | | |
| Предметияб цIар (хадусеб бутIа) (2 сагIат) | Хасал ва гIаммал предметиял цIарал. | ГIаммал ва хасал цIарал цоцаздаса ратIа гьарула. Хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе бугеб бажари цебетIезабула. БатIи-батIиял формабазда |

| | | |
|---|---|---|
| | | ругел рагIабаздасан предложениял гIуцIула. Цо-цо предметазул цIарал гIаммалги хасалги рукIунеллъи бичIчIизабула. |
| Глагол (6 сагIат) | Глагол**.** ГIаммаб магIна. Глаголалъул гIаламатал. Каламалъулъ глаголазул бугеб кIвар. Глаголал цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал батIи-батIиял заманабазде хиси. ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги глаголал. Творческияб диктант. Суалазда рекъон хабар гIуцIи. КечI рекIехъе лъазаби. Суратазда рекъон текст гIуцIи. | **Щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабилеб? щиб гьабизе бугеб? щиб гьабулеб? щиб гьабулеб бугеб?** абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIабаз предметаз гьабулеб иш бихьизабулеблъи бичIчIизабула. Творческияб диктант хъвала. Предложениялъулъ глаголазе суалал лъола. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабула. Каламалъулъ заманалъул батIи-батIиял формабазда глаголал хIалтIизариялда хадуб халккола. Глаголал заманабазде хисула (терминал абичIого, суалазул кумекалдалъун). Предложениял ва текстал (суратазда ва цо кинаб бугониги темаялда тIасан) гIуцIула. ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги глаголал каламалъулъ хIалтIизаризе ругьунлъула. тексталъул бутIаби тартибаллда лъезеги гьеб текст лъугIизабизеги бугеб бажари цебетIезабула. |
| Прилагательное (6 сагIат) | Прилагательное. ГIаммаб магIна. Прилагательноялъул гIаламатал. Прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял цолъул ва гIемерлъул | **Кинав? кинай? кинаб? кинал?** абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIабаз предметазул гIаламатал рихьизарулеллъи бичIчIизабула. Каламалъулъ прилагательнояз тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола, прилагательноял гъорлъ ругел ва гьел гьечIел текстал дандеги ккун. Предложениялъулъ прилагательноязе суалал лъола. |

| | | |
|---|---|---|
| | формаялде хиси. ГІага-шагараб магІнаялъулги гІаксаб магІнаялъулги прилагательноял. Сураталдасан сочинение. Творческияб хІалтІи.<br><br>Планалда рекъон изложение. | Предметиял цІаразе магІнаялъул рахъалъ дандекколел прилагательноял тІаса рищула ва гьел предметиял цІаралгун рекъон ккезарула. Прилагательноял цолъул ва гІемерлъул формаялда хисизарула. Предметалъул хасаб тІабгІ, хасият-гІамал бихьизабизе, батІи-батІиял прилагательноял (синонимал рукІа, антонимал рукІа) тІаса рищула. Сипатияб текст гІуцІула, гьелда цІар лъола, гьелъул анализ гьабула. Цоял предметал цогиязда цо кинаб бугониги гІаламаталдалъун (масала, кІодолъи-гьитІинлъиялдалъун, тІагІамалдалъун, кьералдалъун, роценалдалъун ва гь.ц.) дандеккола. Учебникалдаса текстал хъвала ва гьезулъ прилагательноял ралагьула. Суалазда рекъон, сураталдасан хабар гІуцІула. План гІуцІула ва гьелда рекъон изложение хъвала. |
| Такрар гьаби (4 сагІат) | Гьаркьал ва хІарпал. Каламалъул бутІаби. Каламалъул бутІаби хІисабалда текст ва предложение. Сураталдасан хабар гІуцІи. Грамматикиял тІадкъаялгун диктант. | Гьаркьал ва хІарпал цоцаздаса ратІарахъизеги гьел битІун абизеги бугеб бажари цебетІезабула. Фонетикияб разбор гьабула. Лабиалиял гьаркьазда ва геминатазда хадуб халккола. Сураталдасан хабар гІуцІула. Кицабазул магІна баян гьабула. Предметияб цІар, прилагательное ва глагол каламалъулъ хІалтІизаризе бугеб бажари цебетІезабула. БатІи-батІиял формабазда ругел глаголал ва прилагательноял битІун хъвазе бугеб бажари камиллъизабула. Тексталъул хаслъи ва бутІаби рихьизаризеги, тексталъулъ предложение батизеги, предложениялъул авалалда кІудияб хІарп |

| | | |
|---|---|---|
| | | хъвазеги, ахиралда къваригIараб лъалхъул ишара лъезеги бугеб бажари цебетIезабула. |

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

### 3 КЛАСС (68 сагIат, анкьида жаниб 2 сагIат)[16]

[16] Гьелда тIадеги, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тIоритIизе, планалъулъ кьун буго литературияб цIалиялъул программаялъ калам цебетIезабиялъул хIалтIабазе бихьизабураб ичIго сагIатги.

| Тема | Темаялъе баян | Гъаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|
| ТIоцебесеб четверть (18+2 сагIат) | | |
| КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гъаби (7 сагIат) | МацIалъул ва каламалъул бутIа хIисабалда текст, предложение ва рагIи. Предмет, предметалъул гIаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагIаби. Гъаркьал ва хIарпал. Рагъарал ва рагъукъал гъаркьал. **Е, ё, ю, я** рагъарал хIарпал. Геминатал ва лабиалиял гъаркьал. Грамматикиял тIадкъаялгун диктант. | Учебникалъулгун лъай-хъвай гъабула. ГIадамазул гIумруялъулъ каламалъул бугеб кIваралъулги кIалзул ва хъвавул каламалъул хаслъабазулги бицуна. Суратаздасан текстал гIуцIула. Текстазе цIарал кьола. Текстазул темаби баян гъарула. Текстазулъ предложениязул къадар чIезабула (щибаб предложениялъулъ цо сундулниги бицуна, щибаб предложениялъул ахиралда гъаракь гIодоцинабула, лъалхъи гъабула). Предложениялъул хIакъалъулъ бугеб лъай мухIкан гъабула. Хъвавул ва кIалзул каламалъулъ предложениял цоцаздаса ратIа гъаризе бугеб бажари цебетIезабула. Цо кинаб бугониги темаялда тIасан текст гIуцIула. Тексталъул ратIатIурал предложенияздаса бугеб батIалъи бихьизабула. Предложениялъулъ бетIерал членал рихьизарула.<br><br>Суалаздалъун каламалъул бутIаби рихьизарула. БатIи-батIиял рагIабазул дандраял гIуцIула (прилагательное + предметияб цIар, предметияб цIар + прилагательное). Учебникалдаса текстал ва предложениял, тIаде балагьун, хъвала, цебеккунго гьезул анализги гьабун.<br><br>Гъаракь ва хIарп, рагъарал ва рагъукъал гъаркьал ратIа рахъулаго, рагIабазул гъаркьилабгин хIарпалъулаб анализ |

| | | |
|---|---|---|
| | | гьабула. ХӀарпазе характеристика кьола. Гьаркьалги хӀарпалги рагӀулъ битӀун абиялда хадуб халккола. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал битӀун цӀализе ва гьел рихьизарулел хӀарпал битӀун хъвазе бугеб бажари щула гьабула. *Цин, квачI* гӀадал рагӀабазул фонетикияб разбор гьабула. |
| Предложение. РагӀабазул дандрай. (12 сагӀат) | Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тӀалабияб. Интонациялде балагьун, ахӀул предложение. Предложениялъул бетӀерал членал: подлежащее, сказуемое ва битӀараб дополнение. Предложениялъул бетӀерал гурел членал. Предложениялъулъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен. ГӀадатал тӀиритӀарал ва тӀиритӀичӀел предложениял. ГӀадатал ва журарал предложениял. РагӀабазул дандрай. РагӀабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагӀи. | Предложениялъул хаслъабазда хадуб халккола. Сураталдасан магӀнаялъул рахъалъ цоцазда рухьарал предложениял гӀуцӀула. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалъухъ ва интонациялъухъ балагьун, рикьун ругел хабариял, суалиял, тӀалабиял ва ахӀул предложенияздаги тӀиритӀарал ва тӀиритӀичӀел предложенияздаги хадуб халккола. Предложениялъулъ рагӀабазе магӀнаялъулал суалал лъола. Предложениялъул грамматикияб аслу бихьизабула. Предложениялъул бетӀерал гурел членал ратула. Предложениялъулъ рагӀабазул дандраял ратӀа гьарула. РагӀабазул дандраял гӀуцӀула. Предложениязул гӀурхъи чӀезабула. Предложение битӀун хъван бахъинабула (предложениялъул авалалда кӀудияб хӀарп хъвала, предложениялъул ахиралда къваригӀараб лъалхъул ишара лъола). Сураталдасан предложениял гӀуцӀула. Суалаздалъун текс цӀидасан гӀуцӀула. Тексталъул бутӀабазул тартиб чӀезабула. Тексталда цӀар лъола. Жидеца халккураб жоялда тӀасан хабар (текст) гӀуцӀула. |

| | | |
|---|---|---|
| | РагӀабазул дандраязулъ рагӀабазда гьоркьоб бугеб бухьен. Цо кинаб бугониги темаялда тӀасан сочинение. Ругьунлъиялъул изложение. | Кьурал тӀадкъаял тӀуразарулаго, учебникалдаса текстал, тӀаде балагьун, хъвала. |
| Текст (1 сагӀат) | Текст, featured текстал gIаламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, цӀар лъей. | Тексталъул тема чӀезабула, тексталъул анализ гьабула (аслияб пикру загьир гьабула, тексталда цӀар лъола). Учебникалдаса, тӀаде балагьун, текстал хъвала. |
| КӀиабилеб четверть (14 + 2 сагӀат) | | |
| Текст (хадусеб бутӀа) (1 сагӀат) | Текст, тексталъул гӀаламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, цӀар лъей. | Тексталъул тема чӀезабула, тексталъул анализ гьабула (аслияб пикру загьир гьабула, тексталда цӀар лъола). Учебникалдаса, тӀаде балагьун, текстал хъвала. |
| РагӀул гӀуцӀи (11 сагӀат) | МагӀна гӀагарал рагӀаби. Кьибил ва кьибил цоял рагӀаби. Кьибил цоял рагӀаби ва цого цо рагӀул формаби. РагӀул ахир ва аслу. Суффикс. Ахиразул кумекалдалъун рагӀул форма хиси ва суффиксазул кумекалдалъун цӀиял рагӀаби лъугьин. РагӀул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. Тексталъул гӀуцӀи. Текст рекӀехъе хъвай. Текст гӀуцӀи. Хабарияб текст. | ГӀаммаб бутӀа ва гӀаммаб магӀна бихьизабула. Кьибил цоял рагӀаби ралагьула, кьибил бихьизабула. Кьибил цоял рагӀаби ва цого цо рагӀул формаби дандекквела. РагӀул гӀуцӀиялъул схемаялъул анализ гьабула ва гьелъие рагӀаби тӀасарищула. РагӀул ахир ва аслу бихьизабула. Ахиралъ тӀубалеб хъулухъ бихьизабула (предложениялъулъ ва рагӀабазул дандраялъулъ ахиралъ рагӀаби магӀнаялъул рахъалъ цоцалъ рекъезарула). РагӀулъ суффикс бихьизабула. Суффиксалъул кумекалдалъун цӀиял рагӀаби лъугьинарула. РагӀул гӀуцӀиялъул разбор гьабула. Аслуялъулъ гьаркьал хисиялъул къагӀидабазулгун лъай-хъвай гьабула. РагӀабиги батӀи-батӀиял |

| | | |
|---|---|---|
| | Сураталдасан сочинение. Суалазда рекъон изложение. Контролияб диктант. | формабазде хисун, предложениял гIуцIула. Учебникалдаса текстал хъвала, гьезда цIарал лъола, гьел бутIабазде риххула. Текст рекIехъе хъвала. Планалда рекъон рагIул гIуцIиялъул хIакъалъулъ бицуна. Хабарияб текстальул анализги гьабун, изложение хъвала. Планалда рекъон хабарияб текст гIуцIула. Сураталдасан сочинение хъвала, гьелъул хал гьабула. |
| Каламалъул бутIаби (3 сагIат) | Авар мацIалъул каламалъул бутIаби: предметияб цIар, прилагательное, глагол, рикIкIен, цIарубакI ва наречие. Каламалъул бутIаби цоцаздаса ратIарахъи. Каламалъул бутIабазул синтаксисияб роль. Хабарияб текст (гIаммаб бичIчIи), Хабарияб текстальул изложение. | МагIнаялъухъ, суалазухъ ва предложениялъулъ тIубалеб хъулухъалъухъ балагьун, каламалъул бутIаби лъазарула. Каламалъул бутIабазде рагIаби рикьула. Текстальул анализ гьабула: предложениязул гIурхъи бихьизабула, предложениязул ахиралда лъалхъул ишараби лъола. Цо кинаб бугониги каламалъул бутIа гъорлъеги ккезабун, предложениял гIуцIула. Предложениял членазде риххула, гьел членаллъун кинал каламалъул бутIаби ккун ругелали баян гьабула. Каламалъул бутIа хIисабалда рагIул ва предложениялъул членалъул магIнаби дандекквела. Хабарияб текстальул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Тексталда цIар лъезеги бутIабиккун гьеб бицинеги бугеб бажари цебетIезабула. Планалда рекъон текст гIуцIула. |
| Предметияб цIар (1 сагIат) | Предметияб цIаралъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва | Предметияб цIаралъул лексикияб магIнаялъулгун ва гьелъие лъолел суалазулгун лъай-хъвай гьабула. |

| | | |
|---|---|---|
| | предложениялъулъ гьелъ тӀубалеб хъулухъ. | Предметияб цӀаралъул хӀакъалъулъ бичӀчӀи лъугьинабула. Каламалъулъ предметиял цӀараз тӀубалеб хъулухъалда хадуб халккола. |
| Лъабабилеб четверть (20 + 2 сагӀат) | | |
| Предметияб цӀар (Хадусеб бутӀа) (12 сагӀат) | Хасал ва гӀаммал предметиял цӀарал. Хасал предметиял цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп. Предметияб цӀаралъул жинс: чиясул, чӀужуялъул ва гьоркьохъеб. Предметияб цӀаралъул цолъул ва гӀемерлъул форма. ГӀицӀго цолъул формаялда хӀалтӀизарулел яги гӀицӀго гӀемерлъул формаялда хӀалтӀизарулел предметиял цӀарал. Предметиял цӀарал падежазде сВери *(асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п.* ва *жинда п.).* Ругьунлъиялъул изложение. Контролияб диктант. | Инсан вихьизабулел предметиял цӀарал цогидал предметиял цӀараздаса ратӀа гьарула, гьезие битӀун суалал лъола. РагӀул лексикияб магӀна мухӀкан гьабула. ГӀезегӀанго предметиял цӀаразул цо чанго магӀна (ай гӀемер магӀна) букӀиналде кӀвар буссинабула. ГӀаммал ва хасал предметиял цӀарал дандекквела. Хасал цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп хъвазе кколеблъи ракӀалде щвезабула. ХӀайваназул цӀараздаги ва хӀайваназда лъурал тӀокӀцӀараздаги гьоркьоб бугеб батӀалъи бихьизабула. Цо-цо предметиял цӀарал гӀаммаллъунги хасаллъунги рукӀунеллъи лъазабула. Предметияб цӀаралъул жинс бихьизабиялъул къагӀидабазулгун лъай-хъвай гьабула. Предметиял цӀразда рухьарал рагӀабазул жинсиял гӀаламатаздалъун жинс чӀезабизе ругьунлъула. МагӀнаялде ва суффиксазде балагьун, цолъул ва гӀемерлъул формаялда ругел рагӀаби ратӀа гьарула. Каламалъулъ цӀикӀкӀун хӀалтӀизарулел предметиял цӀарал цолъул ва гӀемерлъул формабазде хисизарула. Предметиял цӀарал падежазде сверизаризе ругьунлъула. Падежазул хаслъабазда хадуб халккола. Суалаздалъун рагӀабазул дандраялъулъ ва |

| | | |
|---|---|---|
| | | предложениялъулъ предметияб цIаралъул падеж чIезабула. БатIи-батIиял падежазул формабазда ругел предметиял цIаразул предложениялъулъ бугеб кIваралъулгун лъай-хъвай гьабула. Подлежащеелъун ккараб предметияб цIаралъул падеж бихьизабиялъул бажари цебетIезабула. Кьурал грамматикиял гIаламатаздалъун предметиял цIаразда гьоркьоса цояб тIаса бищула. Предметиял цIаралъул разбор гьабула: ай жинс, падеж, форма бихьизабула. Предложениял членазде риххула. БатIи-батIиял тайпабазул предложениял гIуцIула ва хъвала. Словариял диктантал гьарула. БицанкIаби чIвала ва жавабал хъвала. БатIи-батIиял темабазда тIасан харбал (текстал) гIуцIула. Сураталъулаб диктант хъвала. Сураталде балагьун, текст гIуцIула. Учебникалдаса текстал хъвала ва, гьезул тайпаби (хабариял, сипатиял ва пикриял) чIезабулаго, анализ гьабула. Цо лъихъениги кагътал хъвазе ругьунлъула. Ругьунлъиялъул изложение хъвала. КучIдул пасихIго цIализе ругьунлъула. Предложениял кколеб тартибалдаги лъун, текстал гIуцIула. ГIинзулалгин берзулал диктантал хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун диктант хъвала. Диктанталъулъ ккарал гъалатIазул анализ гьабула. |
| Прилагательное (8 сагIат) | Прилагательноялъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ | Прилагательноялъул гIаламатазулгун лъай-хъвай гьабула. Каламалъулъ прилагательноя тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. Тексталъулъ |

| | | |
|---|---|---|
| | тIубалеб хъулухъ.<br>Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьун рукIин. Цого яги гIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял.<br>Прилагательноял-антонимал каламалъулъ хIалтIизари.<br>Прилагательноял жинсазде хиси.<br>Прилагательноял формабазде хиси.<br>ГIелмияб текст ва гьелъул хаслъаби.<br>Сипатияб текст, гьелъулъ прилагательноялъул бугеб кIвар.<br>Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант. | прилагательноял суалазул кумекалдалъун рихьизаризе ругьунлъула. Предметияб цIаралда прилагательное бараб букIин баян гьабула. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабиялъул бажари цебетIезабула. Прилагательноял-синонимазул ва прилагательноял-антонимазул хIакъалъулъ бугеб лъай гъварид гьабула, каламалъулъ гьел битIун хIалтIизариялъул бажари цебетIезабула. Прилагательное жинсазде хисиялда хадуб халккола. Тексталъулъ ва предложениялъулъ прилагательноязул жинс ва цолъул ва гIемерлъул форма бихьизабула. Прилагательноялъул цолъул ва гIемерлъул формаялъул суффиксал битIун хъвазе ругьунлъула. Предметиял цIаразе рекъон ккарал прилагательноял тIаса рищула («прилагательное + предметияб цIар» гIадал рагIабазул дандраял гIуцIула). Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьуна. Предложениялъулъ прилагательноялъ тIубалеб хъулухъ бихьизабула. Прилагательноялгун предложениял гIуцIула (схемаялда рекъонги). Берзулгин гIинзул диктантал хъвала. БицанкIабазе жавабал ратула ва гьел хъвала. Киназго гIуцIараб планалда рекъон гIелмияб тексталъул изложение хъвала. Сипатияб тексталъул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула, сипатияб текст гIуцIула ва гIуцIараб тексталъул анализ гьабула, гьелъие къимат кьола. Грамматикиял |

| | | |
|---|---|---|
| | | тIадкъаялгун, контролияб диктант хъвала. |
| РикIкIен<br>(2 сагIат) | РикIкIеналъул магIна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?).<br>Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай. | РикIкIеналъул хIакъалъулъ бичIчIи кьола, рикIкIеналъул лексикияб магIнаялъулгун ва гьелъие лъолел суалазулгун лъай-хъвай гьабула, каламалъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. Тексталъулъ рикIкIенал битIун хъвазе ругьунлъула. РикIкIенал предметиял цIаралгун рухьун рукIунеллъи бичIчIула. Къадаралъул рикIкIеналда хадуб предметияб цIар кидаго цолъул формаялда букIунеблъи лъала. Берзул диктант хъвала. РагIабиги дандран, предложениял гIуцIула ва хъвала. Суалазул кумекалдалъун текст гIуцIула. Текстазда тIад хIалтIула. БиценкIабазе жавабал ратула ва хъвала. |
| Ункъабилеб четверть (16 + 3 сагIат) | | |
| Глагол (16 сагIат) | Глаголалъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цIаргун рекъон ккей. Глаголалъул мурадияб форма. Глаголал заманабазде хиси: бачIунеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман. Цого яги гIага-шагарал магIнаялъул глаголалги | Каламалъул бутIа хIисабалда глаголалъул хаслъиялда хадуб халккола. Цогидал каламалъул бутIабазулъ, магIнаялде ва суалазде балагьун, глагол бихьизабула. Нилъер каламалъулъ глаголалъ тIубалеб хъулухъ бихьизабула. Предложениял членазде риххизаризе ругьунлъула. Глаголазул лексикияб магIна мухIкан гьабула (гIемер магIна букIин, синонимал, антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъулги битIараб ва хъвалсараб магIнаялъулги глаголал каламалъулъ хIалтIизаризе ругьун гьарула. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазулгун лъай-хъвай гьабула. Предложениялъулъ рагIаби рекъон ккезаризе бугеб бажари цебетIезабула. |

| | | |
|---|---|---|
| | гIаксаб магIнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъул глаголал. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялъул глаголал. Сураталдасан сочинение. Пикрияб тексталъул хаслъаби. Ругьунлъиялъул изложение. Планалда рекъон изложение. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант. | Глаголал заманазде ва формабазде хисиялда хадуб халккола. Суалалде ва магIнаялде балагьун, глаголалъул заман ва цолъул ва гIемерлъул форма чIезабула. Араб, бачIунеб заманалъул гIадатал ва составиял формаби лъугьинаризе ругьунлъула. Суалаздалъун араб заманалъул глаголал ратIа гьарула. БачIунеб ва гIахьалаб заманалъул глаголал ратIа гьаризеги гьезие суалал лъезеги бажарула. Суалазул кумекалдалъун гьанже заманалъул глаголал ратIа гьаризеги цогидал заманаздаса гьел лъугьинаризеги бажарула. Суалаздалъун глаголалъул мурадияб форма лъазабула. Предложениялъулъ бугеб глаголалъул кIварги бихьизабун, предложениялъул синтаксисияб разбор гьабула. Глаголалги гъорлъе ккезарун, предложениял гIуцIула. Кьураб темаялда тIасан предложениял гIуцIула ва, баянги кьун, хъвала. КечI рекIехъе хъвала. Тексталъулъ гIемер магIнаялъул глаголал ратула. Пикрияб тексталъул хаслъабазулгун лъай-хъвай гьабула. Пикриял текстал гIуцIизе ругьунлъула. Лъурал суалазда рекъон сураталдасан хабар гIуцIула, хабаралда цIар лъола. Цадахъго гIуцIараб планалда рекъон хабарияб тексталъул изложение хъвала. Эркенаб диктант хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун, контролияб диктант хъвала. |
| ЛъагIалида жаниб | Текст ва предложение. | Каламалъулъ предложениялъул ва рагIул |

| | | |
|---|---|---|
| малъараб материал лъазаби (3 сагIат) | РагIул магIнаял бутIаби. Каламалъул бутIаби. | бугеб кIваралъул хIакъалъулъ щвараб лъай мухIкан гьабула. Каламалъулъ предложениял битIун хIалтIизариялъул бажари цебетIезабула. “Предложение” ва ”РагIи” абурал бичIчIиял дандекквела. Предложениял членазде риххула (ай предложениялъул синтаксисияб разбор гьабула). Тексталъул хаслъабазул хIакъалъулъ щвараб лъай мухIкан гьабула. РагIул магIнаял бутIабазул щвараб лъай гIаммлъизабула. Суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьинарула. Предметияб цIаралъул, прилагательноялъул, глаголалъул хIакъалъулъ щвараб лъай гIаммлъизабула; гьел цоцаздаса ратIарахъизеги каламалъулъ гьездасан пайда босизеги бугеб бажари цебетIезабула. Предложениял гIуцIула, гIакса магIнаялъул рагIаби ургъула. Текст гIуцIула. Диктант хъвала. |

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

## 4 КЛАСС (68 сагІат, анкьида жаниб 2 сагІат)[17]

| Тема | Темаялъе баян | Гьаризе кколел хІалтІабазул тайпаби |
|---|---|---|
| ТІоцебесеб четверть (18+2 сагІат) | | |
| Лъабабилеб клас-салда малъараб материал такрар гьаби (18 сагІат) | Гьаркьал ва хІарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Геминатал. Лабиалиял гьаркьал. *Е,ё,ю,я* хІарпал. *Й* гьаракь ва хІарп. *Щ, Ш* рагьукъал гьаркьал ва хІарпал. *Ъ* гьаракь ва хІарп. *Ь* хІарп. РагІи. РагІул лексикияб магІна, синонимал, антонимал. РагІул гІуцІи (кьибил, ахир, аслу ва суффикс). Кьибил цоял рагІаби. РагІул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял. Каламалъул бутІаби. Каламалъул бутІаби хІисабалда предметиял цІаразул, прилагательноязул, глаголазул гІаламатал | Гьаркьал хІарпаздаса ратІа гьарула. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ва гьел рихьизарулел хІарпал цоцаздаса ратІарахъула. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хаслъаби рихьизарула. Жиндир хаслъиялде балагьун, гьаракь батІабахъула. РагІул гьаркьилаб ва гьаркьилабгин хІарпилаб анализ гьабула. РагІулъ ругел рагьарал гьаркьазул къадарги слогазул къадарги дандеккола. Авар мацІалъе хасиятал гьаркьал битІун абиялде кІвар кьола. Гьел рихьизарулел хІарпал битІун хъвазе бугеб бажари камиллъизабула. Геминатал битІун абиялда ва гьел рихьизарулел хІарпал рагІабазулъ битІун хъваялда хадуб халккола. Хъвавулъ лабиалиял гьаркьал битІун рихьизаризе бугеб бажари цебетІезабула. ***Е, ё, ю, я*** рагьарал хІарпазде кІвар кьола. ***Ё*** хІарп авалалда бугел рагІаби битІун хъвазе бугеб бажари цебетІезабула. ***Й*** хІарпалъул битІунхъвай лъазабула. ***Ш, щ*** рагьукъал гьаркьал дандекквела. Гьел рихьизарулел хІарпал гьорлъ ругел рагІаби битІун хъвазе бугеб |

[17] Гьелда тІадеги, ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тІоритІизе, планалъулъ кьун буго литературияб цІалиялъул программаялъ калам цебетІезабиялъул хІалтІабазе бихьизабураб ичІго сагІатги.

| | | |
|---|---|---|
| | гIаммлъизари: гIаммаб магIна, суалал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял, предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъ. Предметиял цIарал падежазде свери.<br>Каламалъул бутIа хIисабалда предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби. Предложения-лъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. РагIабазул дандрай.<br>Текст. Тексталъул тайпаби (хабарияб, сипатияб, пикрияб). Тексталъул тема ва аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Тексталъул бутIаби ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант. Сюжетияб | бажари цебетIезабула. **Ъ, ь** ишарабаз тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. ГIаммаб кьибил бугел рагIаби данде гьарула. Кьурал рагIул гIуциялъул схемабазул анализ гьабула ва гьезие дандекколел рагIаби тIасарищула. МагIна гIагарал рагIабиги батIи-батIиял суффиксалгун рагIабиги гьорлъ ругел текстазул анализ гьабула. Суффиксазул кумекалдалъун лъугьарал цIиял рагIабазул магIна баян гьабула. РагIул гIуцIиялъул разбор гьабула. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиязде кIвар кьола. Предметиял цIаразул, прилагательноязул, глаголазул лексикиял ва грамматикиял гIаламатал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял рихьизарула. БатIи-батIиял каламалъул бутIабазул грамматикиял гIаламатал дандекквела, гьезул анализ гьабула. **Щиб бихьизабулеб? Кинал суалазе жаваблъун бачIунеб? Гьелъул кинал гIаламатал рукIунел? Кин хисулел? ГIемерисеб мехалъ предложениялъул кинаб членлъун букIунеб?** гIадал каламалъул бутIабазда хурхарал суалазе жавабал кьола. Каламалъул бутIабазул битIунхъваялда хадуб халккола. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениял тайпабазде рикьула. Тексталъулъ хабариял, суалиял, тIалабиял ва ахIул предложениял ратула. ТIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял цоцаздаса ратIа гьарула. Предложениялъул ахиралда лъезе |

| | | |
|---|---|---|
| | сураталдасан сочинение. Планалда рекъон изложение. | лъалхъул ишара тIасабищула. Предложениязул схемаби гIуцIула. Предложениялъулъ бетIерал ва бетIерал гурел членал рихьизарула. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабула. РагIабаздасан предложениял гIуцIула. Тексталъул тема чIезабула. Тексталда лъураб цIар баян гьабула. БатIи-батIиял тайпабазул текстал цоцаздаса ратIа гьарула. Тексталъул хIасилалъул анализ гьабула. Текст цIи гьабун гIуцIула. Тексталда цIар лъола. Сюжетияб сураталдасан сочинение хъвала. Живго жиндаго чIун гIуцIараб планалда рекъон изложение хъвала. ГIинзулалгин берзулал диктантал хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант хъвала. Диктанталъулъ ккарал гъалатIазул анализ гьабула. |
| Предложение. Предложениялъул тайпа цоял членал (2 сагIат) | Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. Предложениялъул тайпа цоял членал. Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизари. | Предложениялъулъ тайпа цоял членал хIалтIизариялдаги ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьеналдаги хадуб халккола. Жидеца тIубалеб хъулухъалде балагьун, предложениялъул членал тIелазде рикьула. Тайпа цоял членал гъорлъ ругел текстазул ва предложениязул анализ гьабула. |
| КIиабилеб четверть (I4+2 сагIат) | | |
| Предложение. Предложениялъул тайпа цоял членал (хадусеб бутIа) (8 сагIат) | Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел битIун цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Союзазул | Тексталъулъ тайпа цоял членал гъорлъ ругел предложениял ратула. Тайпа цоял членал гъорлъ ругел предложениял цIалулаго, данде кколеб интонация цIунула. Тайпа цоял членалгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби |

| | | |
|---|---|---|
| | кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизарурал тайпа цоял членалгун гIадатал предложениял ва журарал предложениял цоцазда дандекквей. Предложениялъул тайпа цоял членалгун хабарияб текст. Планалда рекъон изложение. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант | лъола. Тайпа цоял членалги гъорлъе ккезарун, предложениял гIуцIула. Суалазда рекъон предложениялъул тайпа цоял членал гъорлъ ругел текстalъул хIасил бицуна. ГIуцIараб текстalъул анализ гьабула. Тексталъе къимат кьола ва гьенир гъалатIал ратула. Киназго цадахъ гIуцIараб планалда рекъон изложение хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант хъвала. |
| Текст (4 сагIат) | Тексталъул хIакъалъулъ щварал баянал гIамм-лъизари: тексталъул тема ва гьелъулъ аслияб пикру загьир гьаби, тексталда цIар лъей, тексталъул гIуцIи ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен, тексталъул план гIуцIи. Сураталдасан сочинение. | Тексталъул тема рагьула ва аслияб пикру загьир гьабула. Тексталъул хIасил бицуна. Тема ва загьир гьабураб аслияб пикру кьочIое босун, тексталда цIар лъола. Бихьизабураб темаялда тIасан текст гIуцIула. Тексталъул план гIуцIула. Тексталъул анализ гьабула. Сураталдасан сочинение хъвала. |
| Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар (4 сагIат) | Цолъул формаялда предметиял цIарал гIадатал падежазде свери. ГIадатал падежал: аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж. | Падежазул хаслъабазда хадуб халккола. Лъурал суалаздаса пайдаги босун, предметияб цIаралъул падеж бихьизабула. ГIадатал падежазул батIи-батIияб формаялда ругел предметиял цIараз предложениялъулъ тIубалеб хъулухъ бихьизабула. Предметиял цIарал гIадатал |
| Лъабабилеб четверть (20 + 3 сагIат) | | |
| Предметияб цIар (хадусеб бутIа) | ГIадатал падежал: кьовул падеж. | падежазде сверизарула. Предметиял цIарал падежазде свериялъул |

| | | |
|---|---|---|
| (I5 сагIат) | Предметиял цIарал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери. БакIалъул падежазул суалал ва гьел суалазда рекъон предметиял цIарал хисизари. Падежазул ахиразул битIунхъвай. ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери. Хабарияб текст гIуцIи. Хабарияб тексталъул изложение. Диктантал. Контролияб диктант. | тайпабазулгун лъай-хъвай гьабула. БакIалъул падежазулгун, жидеда цIарал абичIого, практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьабула. ГIадатал ва бакIалъул падежазул магIнаялда ва предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. БакIалъул падежазул суалал лъазарула. Гьел суалал предметиял цIаразе битIун лъезеги суалазул кумекалдалъун предметиял цIарал хисизаризеги ругьунлъула. Суалазул кумекалдалъун рагIабазул дандраялъулъ ва предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабула. Каламалъулъ предметияб цIаралъул батIи-батIиял формаби хIалтIизаризе ругьунлъула. Падежазул ахирал битIун хъвазе бугеб бажари цебетIезабула. ГIадатал ва бакIалъул падежазда ругел предметал гъорлъеги ккезарун, предложение ва текст гIуцIула. Тексталъулъ, падежиял суалаздаса пайдаги босун, предметиял цIарал ратIа гьарула. Грамматикиял гIаламатаздалъун предметиял цIаразул анализ гьабула. БицанкIаби чIвала ва жавабал хъвала. Берзулгин гIинзул диктантал хъвала. ГIенеккун бичIчIараб хабарияб тексталъул изложение хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант хъвала. Текстги жиндирго рагIабаздалъун лъугIинабун изложение хъвала. Тексталъул анализ гьабула. |
| Прилагательное (5 сагIат) | Прилагательноялъул лексикияб магIна, | Каламалъулъ прилагательноялъ тIубалеб хъулухъалда хадуб халккола. Къураб |

| | | |
|---|---|---|
| | гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ хиси. Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде свери. Прилагательноязул битIунхъвай. Текст. Тексталъул тема. Тексталъул цIар. Лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабураб хабарияб тексталъул гIуцIи. Сураталдасан сочинение. | предметияб цIаралъе магIнаялъул рахъалъ рекъон колел прилагательноял тIасарищула. «Прилагательное + предметияб цIар» гIадал рагIабазул дандраял гIуцIулаго, прилагательное предметияб цIаргун жинсалъулъ ва цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ рекъон ккезабизе ругьунлъула. Предметияб цIаргун цадахъ бугеб мехалъ прилагательное падежазде свериялъул хаслъиялда хадуб халккола. Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде битIун сверизарула. Берзулгин гIинзул диктантал хъвала. Текстазул анализ гьабула: предложениязул гIурхъи чIезабула, предложениязул ахиралда къваригIараб лъалхъул ишара лъола. Тексталъул гIуцIиялъул анализ гьабула. Тексталъул тема рагьула. Текстазулъ прилагательноял битIун хIалтIизарула. Лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, хабарияб тексталъул къокъаб изложение хъвала. Сураталдасан сипатияб текст гIуцIула. |
| ЦIарубакI (3 сагIат) | Каламалъул бутIа хIисабалда цIарубакI. ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал. Гьумера-лъул цIарубакIал падежазде свери. | Каламалъулъ цIарубакIаз тIубалеб хъулухъалъулгун лъай-хъвай гьабула. Гьумералъул цIарубакIазда хадуб халккола. Тексталъулъ цIарубакIал рихьизарула. Тексталъулъ такрарлъулел предметиял цIарал дандеккарал цIарубакIаздалъун хисула. ЦIарубакIа- |
| Ункъабилеб четверть (I6 + 2 сагIат) | | |
| ЦIарубакI (хадусеб бутIа) (2 | ЦIарубакIал калама-лъулъ хIалтIизариялъул | зул битIунхъваялде кIвар кьола. Хабарияб текталъул тартибалда хIасил бицуна. |

| | | |
|---|---|---|
| сагIат) | хаслъи. ЦIарубакIазул битIунхъвай. Текст ва гьелъул анализ. Сураталдасан сочинение. | Такрарлъулел предметиял цIарал цIарубакIаздалъунги хисун, тексталъулъ гъалатIал ритIизарула, гIуцIараб тексталъул анализ гьабула. Цебеккунго хIадурлъиги гьабун, сураталдасан сочинение хъвала. |
| Глагол (12 сагIат) | Каламалъул бутIа хIисабалда глагол: глаголалъул лексикияб магIна, глаголазул суалал. Глаголияб цIар. Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал заманабазде хиси: араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал. Глаголазул битIунхъвай. Текст. Тексталъул аслияб пикру загьир гьаби. Хабарияб тексталъул гIуцIи. Планалда рекъон изложение. Диктант. | Глагол цогидал каламалъул бутIабазулъ батула. ЦIарулал каламалъул бутIабаздаса глагол батIабахъула. БитIараб ва хъвалсараб магIна бугел глаголал, глаголал-синонимал ва глаголал-антонимал каламалъулъ хIалтIизарула. Глаголияб цIаралъулгун лъай-хъай гьабула. Глаголазул байбихьул формаялдаги заманазул формабаздаги бугеб гьоркьоблъи бихьизабула. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголазда гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабула. Жинсиял глаголал предметияб цIаргун жинсгун формаялъулъ рекъон ккезарула. Араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал лъазарула, ва каламалъулъ гьел хIалтIизариялъул бажари цебетIезабула. БатIи-батIиял заманазда ругел глаголалги гьоркьоре ккезарун, предложениял ва текст гIуцIула. Глаголал битIунхъваялъул бажари лъугьуна. Берзулгин гIинзул диктантал хъвала. Диктантазулъ гъалатIал тIатуна ва ритIизарула. Тексталъул тема рагьула ва аслияб пикру загьир гьабула. Тексталда цIар лъола. РекIехъе ва планалда рекъон текст бицуна. Глаголалъул заманги хисун (масала гIахьалаб заманалъул глагол |

| | | |
|---|---|---|
| | | бачIунеб, яги араб заманалдеги хисун), текстал хисула. Лъилниги сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, текстал гIуцIула. Планалда рекъон, жиндирго пикру загьирги гьабун, тексталъул изложение хъвала. Грамматикиял тIадкъаялгун диктант хъвала. |
| ЛъагIалида жаниб малъараб материал лъазаби (4 сагIат) | Предложениялъул хIакъалъулъ щвараб лъай гIаммлъизаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда текст ва предложение. Каламалъул бутIаби. | РатIатIурал предложениялдасан текст гIуцIула. ГIуцIараб тексталъулъ предложениязул гIорхъи бихьизабула. Предложениялъул ахиралда лъезе къваригIараб лъалхъул ишара тIасабищула. Тексталъул анализ гьабула, гьенир тайпа цоял членал гъорлъ ругел предложениял ралагьула. Текст битIун хъван бугищали хал гьабула. Жидее хасал гIаламатазде балагьун, каламалъул бутIаби дандекквела. Тексталъулъ каламалъул бутIаби ратула, гьел каламалъулъ битIун хIалтIизарула. Прематиял цIарал падежазде сверула, глаголал заманабазде хисула. Предметиял цIаразе магIнаялъул рахъалъ дандекколел прилагательноял тIаса рищула. Хабарияб тексталъул изложение хъвала. |

## Авар адабият

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилазулги, обществоялда чиясул хьвада-чIвадиясул къагIидабазда бухьараб концепциялъулги, Байбихьул школалъул лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъулги кьучIалда.

Адабияб цIали байбихьул школалъул системаялда аслиял предметазул цояб ккола. Гьелъ рахьдал мацIалда цIалиялъул махщел ва тексталда тIад хIалтIиялъул бажари лъугьинабула, художествияб литература цIалиялде интерес бижизабула ва лъимералъе рухIияб ва эстетикияб тарбия кьезе, гьесул гIакълу цебетIезабизе квербакъула. Гьединго литературияб цIалиялъул курс тIадегIанаб даражаялда лъазабиялъ рес кьола байбихьул классазул цогидал предметазда лъикIал хIасилал рихьизаризе.

Байбихьул школалъул литературияб цIалиялъул курс буссун буго гьал хадусел мурадал тIуразариялде:

- бичIчIун, битIун, чвахун ва пасихIго цIализе гъваридго лъазаби; батIи-батIиял тайпабазул текстазда тIад хIалтIизе бажаруледухъ, калам цебетIезаби; тIехьалдехун ва цIалиялдехун бугеб интерес щулалъизаби; цIалиялъул даража борхизаби ва, жалго жидедаго чIун, асарал цIалиялъулъги къваригIараб тIехь тIаса бищиялъулъги хIалбихьи букIинаби;

- художествиябгин творчествоялъулаб ва нахъгIунтIиялъулаб пагьмуги, художествиял асарал цIалулаго, чидае рекIел асар загьир гьабизе бугеб бажариги цебетIезаби; рагIудехун берцинаб (эстетикияб) балагьи лъугьинаби ва художествияб асар бичIчIизе бажари;

- художествиял асараздалъун байбихьул классазул цIалдохъабазул рухIияб хIалбихьи бечелъизаби; рухIияб асаралъул ва гьудуллъиялъулги, жавабчилъиялъулги, лъикIлъиялъулги, ритIухълъиялъулги хIакъалъулъ бичIчIиял куцай; Дагъистаналъул ва цогидал миллатазул культураялъул адаб-хъатир гьабизе цIалдохъаби куцай.

Байбихьул школалда предмет хIисабалда литературияб цIалиялъ лъимал цIализариялъул гуребги, гьезие тарбия кьеялъулги масъалаби тIурала.

ЦIалдохъабазул ригьалье хасал, рухIияб ва эстетикияб рахъалъ бечедал художествиял асараз цIалдохъабазе кIудияб асар гьабула, гьел асараз квербакъула миллияб ва киналго гIадамазе, ай тIолабго инсаниялалье данде кколеб хасият куцазе.

Литературияб цIалиялъул дарсазда аслияб куцалъ кIвар кьола цIализе бугеб бажари лъугьинабиялде ва лъималазул калам цебетIезабиялде. ЦIалдохъабаз гъваридго лъазабула бичIчIун ва пасихIго цIализе, жалго жидедаго чIун, текстал цIализе; гьел ругьунлъула тIехьалъул хIасил бичIчIизе ва гьелдаса сверухъ бугеб тIабигIаталъул хIакъалъулъ щвараб лъай гIатIилъизабиялье пайда босизе.

Литературияб курс лъазабулаго, цIалдохъабазул хурхен гьабиялъулаб культураялъул (маданияталъул) даража борхула: гьезул лъугьуна монолог ва диалог гIуцIизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, батIи-батIиял текстазда тIад хIалтIизеги, жалго жидедаго чIун, учебникалъул баян кьолеб аппараталдаса пайда босизеги, словаразулъ къваригIараб информация балагьизеги бугеб бажари.

Литературияб цIалиялъул дарсазда цIалдохъан ругьунлъула битIун, гъалатIал риччачIого, цIализе. БитIун, чвахун цIализе бажарулеб лъимералье гьоркьоса къотIичIого тIахьал цIализе рокьула, гьесда лъала текстал цIалиялъул ва гьелгун хIалтIиялъул къагIидаби, гьединго гьесда бажарула цIаларал асаразул хIасил бичIчIизе, живго жиндаго чIун, жиндие къваригIараб тIехь тIаса бищизе ва гьелъие къимат кьезе.

Литературияб цIалиялъул курсалъ цIалдохъабазул художествиял асарал цIалиялде интерес бижизабула. ЦIалдохъаби ругьунлъула поэзиялъулаб рагIул берцинлъи бичIчIизе, рагIул искусствоялъул сипат-сураталъе къимат кьезе.

Къокъго абуни, «Литературияб цIали» абураб предметалъ байбихьул классазда гIемерал, кIвар бугел масъалаби тIурала ва гьитIинаб лъимер гьоркьохъеб школалда лъикI цIалдезе хIадур гьабула.

**Курсалъул гIаммаб характеристика**

ЦIалул дарсал гьарула тIоцебесеб классалдаса байбихьун (хIарпал малъулеб заман лъугIун хадуб), гьоркьоса къотIичIого, ункъабилеб класс лъугIизегIан. ЦIализе ругьун гьарулаго, мугъчIвай гьабула, тIоцебесеб классалда «Азбука» малъулаго, лъималазе щвараб лъаялдеги бажариялдеги.

ЦIалул курс гIуцIун буго магIарулазул, гIурусазул ва дагъистаналъул цогидал миллатазул хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул художествиял асараздасан. Гьединго цIалул курсалъулъ кьун руго гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асаралги. Художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асарал дандекквеялъ квербакъула литературияб искусство жеги гъваридго бичIчIизе.

Литературияб цIалиялъул хIасил программаялъулъ гьал хадусел бутIабазде бикьун буго:

1. Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура;
2. Тексталда тIад гьабулеб хIалтIул тайпаби;
3. Художествияб асаралда тIад хIалтIи;
4. ЦIализе кколел асарал. ЦIалиялъул культура.

ТIоцебесеб «***Каламалъул тайпаби. Каламалъул культура»*** абураб бутIаялъулъ хъвазе ва цIализе, гIенеккизе ва гаргадизе бугеб бажариялде, ай каламалъул киналго тайпаби камиллъиялде кIвар буссинабун буго.

Программаялъ тIалаб гьабулеб буго I–IV классазда щибаб цIалул дарсазда битIун, чвахун, бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари камил гьабизе.

Гьединаб бажари лъугьуна батIи-батIиял асарал, гьезул бутIаби гьоркьоса къотIичIого цIалиялдалъун.

I классалда лъималазда лъазе ккола гIедегIичIого, бичIчIун ва битIун гIисинал текстал рагIабиккун цIализе. Гьелдаго цадахъ цIалул дарсазда цIикIкIараб кIвар кьола гьаркьал ритIун рахъиялде. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб гIага-шагарго 20–25 рагIуде бахуна.

II классалда лъималаз гIисинал текстал рагIабиккун (захIматал рагIаби слогалккун) цIалула. ЦIалул хехлъи, I классалда дандеккун, цо минуталда жаниб 30–40 рагIуде бахуна.

III классалда текстал рагIабиккун ритIун, ричIчIун ва чвахун цIалула. ЦIалулаго, логикияб ударение лъезе, кколелъуб лъалхъи гьабизе, интонация цIунизе. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 50–60 рагIуде бахуна.

IV классалда киналго цIалдохъабаз хехго, ритIун, ричIчIун, рагIабиккун текстал цIалула. Слогалккун цIалиялъул магIна ккола цIалдохъаби цIалулъ нахъахутIи. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 70–80 рагIуде бахуна.

ЦIализе малъиялда цадахъ программаялъ кIвар буссинабула накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясда гIенеккизе, гьес бицараб жоялъул анализ гьабизе, гьелдаса аслияб, кIвар бугеб батIа бахъизе, гьединго бицараб жо мухIкан гьабизе, суалал кьезе бугеб бажари лъугьинабиялде.

Программаялда кьураб материалалъ квербакъула гаргадизе (ай жиндирго пикру загьир гьабизе, суалал лъезе ва гьезие жавабал кьезе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, монолог гIуцIизе) бугеб бажари цебетIезабизеги. ЦIалдохъаби ругьунлъула жидеда цебе мурад лъезе, бицунеб жоялда хадуб халккезе, гьелъие къимат кьезе, цогидазухъ сабурго гIенеккизе ва гь.ц.

Программаялда кIудияб кIвар кьола хъвазе бугеб бажари цебетIезабиялдеги. ЦIалул дарсазда цIалдохъаби ругьунлъула жидецаго текстал гIуцIизе, цIаларал хабариял, сипатиял ва пикриял текстазул кьучIалда изложениял ва къокъал сочинениял хъвазе.

Программаялъул кIиабилеб бутIаялъулъ цIалдохъабаз лъай-хъвай гьабула ***тексталда тIад гьабулеб хIалтIул тайпабазулгун***. Гьел

ругьунлъула текст бутIабазде биххизе, гьел бутIабазда цIарал лъезе, план гIуцIизе, цIалараб текст къокъго ва тIубанго бицине, тексталъулъ аслияб пикру жидерго рагIабаздалъун загьир гьабизе. ЦIалдохъабазда лъала текстал хабариял, сипатиял ва пикриял рукIин. Гьезда бажарула тексталъул хIасилги бетIерги цоцазда рухьизе, цIалул, гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал ва художествиял текстал ратIарахъизе, гьезул бугеб кIвар бихьизабизе.

Программаялъулъ хасаб бакI ккола ***художествияб асаралда тIад гьабулеб хIалтIиялъ***. Лъимал ругьунлъула художествиял ва нахъгIунтIиялъулал текстазулъ дунял бихьизабулел къагIидаби цоцаздаса ратIарахъизе (мугIалимасул кумекалдалъун), художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал текстазул хаслъаби ричIчIизе, жалго бетIергьанал текстал гIуцIизе.

ЦIалдохъаби ругьунлъула художествияб асар бичIчIизе ва гьелъие къимат кьезе, гьеб гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асараздаса батIабахъизе. Гьезда лъала художествиял асаразул хаслъаби.

Программаялда кьураб материалалда рекъон лъималаз чара гьечIого гьабизе ккола художествиял асаразул гIадатияб анализ: цин цIалдохъабаз текст тIубанго лъазабула, цинги гьеб цIалула ва гьелъул анализ гьабула, хадуб, художествиябгин эстетикияб къиматги кьун, байбихьи ва ахир, загьир гьабураб аслияб пикру тесталъул хIасилалда ва цIаралда дандеги ккун, цIидасан гьеб текстталде кIвар буссинабула.

Художествиял асаразул анализ гьабулаго, цIалдохъабаз лъугьабахъиназул тартиб чIезабула, героязулгун ва гьез гьарурал ишазулгун лъай-хъвай гьабула, жидергоги авторасулги герояздехун бугеб балагьи рагьула, цIалараб жоялъул аслияб пикру загьир гьабула. Гьединаб анализалъ квербакъула моралиябгин рухIияб бечелъи (ай гьудуллъи, адаб-хIурмат, лъикIлъи ва тIалаб-агъаз гьаби щиб кколебали) бичIчIизе.

Программаялъулъ бугеб материалалъ сверухъ тIабигIаталдаги хIайваназул хьвада-чIвадиялдаги хадуб халкквеялда бухьараб бажариги цебетIезабула.

***«ЦІализе кколел асарал. ЦІалиялъул культура»*** абураб бутІаялъулъ рихьизарун руго батІи-батІиял темаби ва гьезда тІасан цІализе кколел асарал. ЦІалдохъабаз цІализе кколел асаразда гъорлъе уна аваразул ва цогидал миллатазул рагІул устарзабаз хъварал, лъималазул гІумруялде гІагарал, гІисинал, художествиял ва гІелмиялгин нахъгІунтІиялъулал асарал. Программаялда рекъон лъималазда лъазе ккола литератураялъул киналго аслиял жанрал: маргьаби, кучІдул, харбал, абиял, кицаби, бицанкІаби, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Гьаниб кьураб тематика байбихьул школалъул гІелалъул лъималазде гІагараб буго. Тематикаялъул хІасилалъ сверухъ бугеб дунялалдехун интерес бижизабула, лъималазул кІвар буссинабула жидерго гІел бащадаздехун ва цІикІкІараздехун, тІабигІаталдехун, тарихалдехун, нилъер ватІаналъул культураялдехун бугеб гьоркьоблъиялде, гьединго тематикаялъ рес кьола батІи-батІиял автораз цого цо тематикаялда тІаса хъварал асарал дандекквезе. ЦІализе кьураб тематикаялъ лъимералъул сверухъ дунял бичІчІизе бугеб интерес гІатІилъизабула, цІализе бугеб махщел цІикІкІинабула ва цІалиялъул культура лъугьинабула. Гьелда тІадеги, цІализе кьурал асараз кІудияб кумек гьабула лъималазе рухІиябгин эстетикияб тарбия кьезе.

**ЦІалул планалда литературияб цІалиялъ ккураб бакІ**

Литературияб цІалиялъе кинабниги кьун буго 321 сагІат.

ТІоцебесеб классалда литературияб цІалиялъе бихьизабун буго 15 сагІат (2,5 сагІат, 6 цІалул анкь)[18].

2 – 4 классазда 102 – 102 сагІат кьун буго (щибаб классалда 34 цІалул анкь, анкьида жаниб 3 сагІат). Гьезда гьоркьоса асарал цІализе ва гьезда

---

[18] Литературияб цІалиялъул курс хъвазе-цІализе малъун хадуб лъазабизе байбихьула. Литературияб цІалиялъул ва авар мацІалъул дарсал цоцазда ращадал рукІине ккола.

тIад хIалтIизе 77 – 77 сагIат, класстун къватIисеб цIалиялъе 16 – 16 сагIат, калам цебетIезабиялъул хIалтIабазе 9-9 сагIат бихьизабун буго.

## Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал

**Напсиял хIасилал**

1. Жиндирго ВатIаналде, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатазде ва гьезул тарихалде кIудияб рокьи бижизаби.
2. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
3. ЦIалиялдехун лъимералъул интерес бижизаби.
4. Жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби.
5. Эстетикияб бичIчIи лъугьинаби.
6. Цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
7. Лъиданиги цадахъ хIалтIизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетIезаби, тIадкIалъай бугеб, дагIбадулаб ахIвал-хIалалдаса ворчIизе нух батиялъул бажари цебетIезаби.
8. Творческияб хIалтIуде гъира ккезаби, ай творческияб къагIидаялъ хIалтIизе бугеб бажари цебетIезаби.

**Метапредметиял хIасилал**

1. БатIи-батIиял жанразул ва тайпабазул текстал бичIчIун цIализе ругьунлъи, текстал кIалзул ва хъвавул формаялда гIуцIизе лъай.
2. Сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIизеги цогидазулгун бухьен гьабизеги каламалдаса пайда боси.
3. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъ гIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе мукIурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

4. Предметал дандекквезе, гьезул анализ ва синтез гьабизе, гьел гIаммлъизаризе, тIелазде рикьизе ва цоцада рельълъинаризе лъай.

5. Предметазул ва предметазда гьоркьор ругел бичIчIиял лъай (цоцазулгун гьоркьоблъи, маданият, творчество, тIехь, асаралъул хIасил, художествияб текст ва гь. ц.); гуманитариял (ай инсанасул, гьесул культураялъул, тарихалъул бицунел) ва эстетикиял (ай искусствоялда, дунялалда ва гIадамазул гIумруялда жаниб берцинлъиялъул, гьайбатлъиялъул хIакъалъулъ бицунел) предметазда гьоркьор ругел бухьенал ричIчIи.

6. ЦIалиялда цере лъурал мурадал ва масъалаби ричIчIизе ва гьел тIуразаризе лъай.

7. Цебе лъураб масъалаялда рекъон цIалиялда хурхарал хIалтIаби планалда росизе, гьезда хадуб хелкквезе ва гьезие къимат кьезе бугеб бажари лъугьинаби.

8. ЦIалулъ жиндирго лъикIал яги квешал хIасилал рихьизе бугеб бажари лъугьинаби.

9. Цебе лъураб мурад тIубаялъе гIоло цадахъ хIалтIизе бажари.

**Предметиял хIасилал**

1. Литература тIолабго дунялалъулаб ва миллияб культура гIадин бичIчIи, гьелъ рухIияб бечелъи ва гIадатал цIунулеллъи лъай.

2. ТIехь культурияб бечелъи букIин бичIчIи.

3. РагIул искусство гIадин художествиял асараздехун бербалагьи букIинаби.

4. МагIарулазул ва Россиялъул цогидал миллатазул литератураялъул рухIияб бечелъи бичIчIи.

5. Инсан цеветIезавиялъе литератураялъул бугеб кIвар бичIчIи; ВатIаналъул ва гьелъул халкъалъул, сверухъ тIабигIаталъул, культураялъул, лъикIлъи-квешлъиялъул, гьудул-гьалмагълъиялъул, ритIухълъиялъул

хIакъалъулъ бичIчIи лъугьинаби; гьоркьоса къотIичIого цIалдезе кколеблъи бичIчIи.

6. ЦIалиялъул бугеб кIвар бичIчIи; цIалиялъул батIи-батIиял тайпабаздаса пайда боси (лъай-хъвай гьабиялъул, аслияб жо балагьиялъул, тIасабищул, лъазабиялъул); героязул хьвада-чIвадиялъе кьураб къимаб хIужжабаздалъун кьучIаб букIин бихьизабизеги, гьоркьоб лъураб жоялда тIаса жиндирго пикру загьир гьабизеги, текстазул батIи-батIиял тайпаби ричIчIизеги, гьезие къимат кьезеги бажари.

7. Жиндие къваригIараб литература, живго жиндаго чIун, цогидазул кумек гьечIого, тIаса бищизеги цебе букIаралдаса цIикIкIараб информация бичIчIизе ва щвезе баян кьолел тIахьал (источникал) хIалтIизаризеги бажари.

8. БатIи-батIиял текстазул анализ гьабизе, ай гIиллаялъулабгин цIех-рехалъул бухьен чIезабизеги, асаралъул аслияб пикру загьир гьабизеги, текст бутIабазде биххизеги, гьел бутIабазда цIарал лъезеги, гIадатаб план гIуцIизеги, асаралъул загьирлъи, пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизеги, текст жиндирго рагIабаздалъун цIидасан цIализеги бажари.

9. БатIи-батIиял текстазда тIад хIалтIизеги, цIалул ва художествиял, гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал текстазул хаслъаби рихьизаризеги бажари; художествиябгин творчествияб пагьму цебетIезаби; художествиял асаразда, суратазда тIасан яги жиндирго хIалбихьиялъул хIакъалъулъ живго бетIергьанаб текст гIуцIизе бажари.

## Курсалъул материал

**Каламалда ва цIалиялда сверухъ гьарулел хIалтIабазул тайпаби**

**ГIенеккун (гIинтIамун) рагIараб жо бичIчIизе бажари (аудирование)**

ГIинда рагIараб цогидазул калам бичIчIи. Цогидас цIалулеб асар гIенеккун дандрекъон кколеб хIалалъ бичIчIи. ГIенеккун рагIараб асаралда тIаса лъурал суалазе жавабал кьезе бажари, лъугьа-бахъиналъул тартиб

чIезаби, ргIараб каламалъул мурад бичIчIи, гIенеккун ргIарал гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал ва художествиял асаразда тIаса суалал лъезе бажари.

Авторасул стилалъул хаслъиялдаги каламалъул пасихIлъиялдаги хадуб халкквезе бугеб бажари цебетIезаби.

## ЦIали

*РагIизабун цIали.* РагIабазулъ слогал ва хIарпал гъоркьор риччачIого ва гьел ругеб бакI хисичIого, рагIаби, предложениял ва текстал бичIчIун, битIун цIали. Слогалккун цIалиялдаса байбихьун дагь-дагьккун бичIчIун, битIун тIуранго рагIаби ва рагIабазул дандраял цIали; классалдаса классалде, тIубараб текст бичIчIуледухъ, цIалиялъул хехлъи цIикIкIинаби. КIудияб гуреб, гьитIинаб текст пасихIго цIали: цIалулаго битIун абиялъул ва интонациялъул нормаби цIуни; цIалиялъул мурад бичIчIи, цIалулев чиясул цIалараб асаралдехун бугеб гьоркьоблъи бихьизабизе бажариледухъ, интонациялдаса ва  цоцазулгун бухьен гьабизе цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон хIинцлъизабун (хьадарлъизабун) яги хехлъизабун цIалиялъул темпалдаса пайда боси. Интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпаялъул предложениял цIали. БатIи-батIиял текстазул магIнаялъулал хаслъаби ричIчIи ва интонациялъул кумекалдалъун гьел рихьизари. КIудияб гьечIеб текст живго жиндаго чIун пасихIго цIализе бажари (цIалулаго данде кколеб гьаракь-бакъан ва хехлъи (темп) тIасабищизе, логикияб ударение битIун лъезе, лъалхъи гьабизе).

*Сасун цIали.* Жанраялъул ва кIодолъи-гьитIинлъиялъул рахъалъ ричIчIизе бигьаял асарал рагIизабун цIалиялдаса дагь-дагьккун сасун цIалиялде рачIин. ЦIалараб тексталъул магIна бичIчIи. ЦIалиялъул тайпа чIезаби: лъазабиялъул, лъай-хъвай гьабиялъул ва тIасабищиялъул; тексталъулъ къваригIараб информация балагьи, гьелъул хаслъаби ричIчIи.

## БатIи-батIиял текстазда тIад хIалтIи

## I класс

ЦIалараб тексталда тIасан мугIалимас лъурал суалазе жавабал кьезе бажари. МугIалимасул кумекалдалъун цIаларал текстазда цIарал лъезе бажари. ЦIалараб асаралъе къимат кьезе лъай. Суратазда тIасан харбал херхине лъай (бицун).

Баянго, зирараб гьаркьидалъун рагIаби ва предложениял абизе ругьун гьари. Цоцазда хурхараб каламалда, предложениялда, рагIуда, гьаракь битIун абиялда тIад гьоркьоса къотIичIого хIалтIаби гьари. Цогидал цIалдохъабазул, мугIалимасул хабаралъухъ ва цIалиялъухъ гIенеккизе бажари.

**II класс**

МугIалимас бицараб жоялъул ва тIехьалдаса цIалараб тексталъул магIна боси. ХIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьей. Малъарал ва жинцаго цIаларал гIисиналго асаразулъ рехсарал лъугьа-бахъиназул тартиб ракIалда чIезаби, героязул ишазе ва рагIабазе битIараб къимат кьей.

Гара-чIвариялда гIахьаллъи. Жинцаго суалал кьей, малъарал асаразда тIасан лъурал суалазе къокъгоги гIатIидгоги жавабал кьей.

Текст бутIабазде бихxи, гьезда цIарал лъей, цIалараб жоялъул аслияб магIна загьир гьаби (мугIалимасул кумекалдалъун).

Хабариял, сипатиял ва пикриял текстазул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи кьей.

МагIна гIагарал рагIаби дандекквей; рагIул магIна баян гьаби, цо-цо рагIабазул гIемер магIна букIин лъай; мугIалимасул кумекалдалъун тексталъулъ героязул, тIабигIаталъул, лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ бицунел рагIаби ва предложениял рихьизари.

Практикияб къагIидаялъ маргьаби, харбал, кучIдул ратIа гьари.

**III класс**

Малъарал асаразул, лъугьа-бахъиназул тартиб чIезаби. Жидецаго текст магIнаял бутIабазде бихxи, мугIалимасул кумекалдалъун гьезулъ цIикIкIун кIвар бугеб бакI балагьи. ТIубанго тексталъул ва гьелъул щибаб бутIаялъул аслияб пикру загьир гьаби, гьезда цIар лъей.

МугIалимасул кумекалдалъун малъарал (цIаларал) асаразул план гIуцIи. Планалда рекъон мухIканго, гьоркьоса бищун, къокъго яги гIатIидго, хIасил бицин. Хабариял, сипатиял ва пикруял текстал гIуцIи ва каламалъулъ гьездаса пайда босизе бажари.

Гара-чIварияллъулъ гIахьаллъи: лъурал суалазе жавабал кьезе, цо чIванкъотIараб темаялда тIаса кIалъазе, гьалмагъзабазул кIалъаялъухъ гIенеккизе бажари.

Жидеца цIалулеб тексталда жаниса ричIчIуларел рагIаби ва предложениял ратIарахъи, гьезул магIна мугIалимасда цIехей.

Диафильм хIисабалда малъараб (цIалараб) тексталъулъ кколел лъугьа-бахъиназул тартибалда суратал церечIезари.

Жидерго халкквеялъул, цIалдохъабазул гIумруялъул хIакъалъулъ хабар бицин.

Хабар бицунаго, синонимаздаса, сипатиял рагIабаздаса ва предложенияздаса пайда боси.

Героязул, тIабигIаталъул, лъугьа-бахъиназул сипат-сурат бихьизаби, авторас хIалтIизарулел рагIаби ва предложениял тексталъулъ жидецаго рати.

МугIалимасул кумекалдалъун малъарал асаразулъ лъугьа-бахъиназе ва героязул ишазе битIараб къимат кьей.

Каламалъул гьаркьилаб культура камиллъизаби, литературияб къагIидаялда рекъон рагIаби аби.

Халкъиял асараздаса литературиял асарал ратIа гьари.

**IV класс**

ТIехьалдаса цIалараб жоялъул магIна жидецаго боси (аслияб пикру жидерго рагIабаздалъун загьир гьаби); тексталъул бутIабазул магIнаялъулаб бухьен чIезаби; цIарулал предложенияздалъун яги суалаздалъун хабаралъул план гIуцIи.

Жидецаго гIуцIараб планалда рекъон яги аслиял рагIабазде мугъчIвайги гьабун, асаразул хIасил дурусго, къокъго, гIатIидго бицин; цо чIванкъотIараб

суалалда тIасан хабар гIуцIизе тексталъул материал бати. Хабар бицунаго, магIнаялъул тартиб ва дуруслъи цIуни.

Хабаралъул героязул каламалъул хаслъабазухъ халкквей, гьезул ишал ва цогидаздехун ругел гьоркьорлъаби дандекквей. Героязул гIамал-хасияталъе ва рагIабазе къимат кьей, герояздехун ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьаби. Асаразда жанир кколел лъугьа-бахъиназул, героязул, сверухъ бугеб тIабигIаталъул сипат-сурат цебечIезабулел рагIаби рати (дандекквеял, эпитетал, метафорал, фразеологиял свераби).

Харбазул, кучIдузул, маргьабазул, кицабазул, абиязул, бицанкIабазул хIакъалъулъ I–III классазда щвараб лъай щула гьаби. Художествиял текстал гIелмиял ва нахъгIунтIиялъулал текстаздаса ратIарахъизе ругьун гьари.

## Библиографияб культура

ТIехь искусствоялъулаб хасаб тайпа. ТIехь – лъаялъул ицц. ЦIалул, художествиял ва къаригIарал баянал кьолел (справкаялъулал) тIахьал. ТIехьалъул бутIаби: тIехьалъул хIасил яги тIехьалъул бутIрул, титулалъулаб гьумер, аннотация, суратал.

Живго жиндаго чIун аннотация хъвазе бажари.

ТIахьазул тайпаби: художествиял асаразул тIехь, тIехь мажмугI, данде гьарурал асаразул тIехь, цо ккураб заманалда бахъараб басма, баян кьолел тIахьал (справочник, ай сундулниги хIакъалъулъ къокъаб ва дурусаб баян босизе рес бугеб тIехь, словарал, энциклопедиял, ай, къокъ гьабун, гIемерал гIелмабазул баян кьолел тIахьал).

Библиотекаялдаса жидее къваригIарал тIахьал росизе лъай. Лъималазул гIумруялде дандекколел словараздаса ва дурусаб баян босизе рес бугеб литератураялдаса пайда боси.

## Художествияб асаралда тIад хIалтIи

Художествияб тексталъул хаслъаби, ай гьелъул цогидазда релълъинчIел пасихIал, рекIелъе рортулел мацIалъул алатал рихьизари (мугIалимасул кумекалдалъун). Асаралъул хIасилги гьелъул цIарги дандрекъон кколеллъи бичIчIи.

ЦIалараб асаралъул хIасил рухIиябгин эстетикияб букIин бичIчIи, героязул хьвада-чIвади ритIухъ гьабулеб гIилла бачинеги гьезул ишазе къимат кьезеги бажари.

ПасихIал, рекIелъе рортулел мацIалъул алатаздаса (синонимаздаса, антонимаздаса, дандекквеяздаса, эпитетаздаса) пайдаги босун, живго жиндаго чIун, текст цIи гьабун бицин. Кьураб тексталъе хасаб лексикаялдаса пайдаги босун, гьеб тексталъул кIвар бугеб ва жибго жиндаго чIараб гIадаб цо лъугьа-бахъин цIи гьабун бицин (мугIалимасул кумекалдалъун). ТIахьазул текстазе суратаздалъун баян кьей.

Асаралъул героясе характеристика кьей (гьесул сипат-сурат, хасаб тIабгI, хасият-гIамал, калам ва гьес гьарулел ишал рихьизари). Лъугьа-бахъиналъе ва героясе характеристика кьолел рагIаби ва предложениял тесталъулъ рати. Художествияб асаралъул героясул ишалъул анализ гьабизе ва гьеб иш ритIухъ гьабизе гIилла бачине бажари. Героязул ишал цоцазда дандекквей. Героялдехун авторасул бугеб бербалагьи тIатинаби.

Художествиял асарал жиндирго рагIабаздалъун рициналъул къагIидаби лъай (дурусго бицин, гьоркьоса бищун бицин ва къокъго бицин).

МухIканго, дурусго текст бицин (текст бутIабазде бихxи, щибаб бутIаялъул ва тIубараб тексталъул аслияб пикру загьир гьаби, щибаб бутIаялъе ва тIубараб тексталъе цIарал кьей): тексталъул кесекалъул аслияб пикру загьир гьаби, кIвар бугел яги аслиял рагIаби рихьизари, цIарал лъей; план гIуцIи ва гьелда рекъон тIубанго текст мухIканго жиндирго рагIабаздалъун бицин.

Кьураб асаралъул кесек гьоркьоса бищун бицин: асаралъул героясе характеристика кьей (тексталъулъ героясул хIакъалъулъ хабар гIуцIизе рес кьолел рагIаби ва предложениял тIаса рищи), иш лъугьараб бакIалъул

хIакъалъулъ бицин (тексталъулъ иш лъугьараб бакIалъул хIакъалъулъ бицине рес кьолел рагIаби ва предложениял тIасарищи). БатIи-батIиял асараздаса цоцада дандекколел героязул сипат-суратал, гьезул ишал ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъинал дандекквезе.

ШигIриял асарал цIалулаго, гIисинал лъугьа-бахъинал, ишазул тIолалго рахъал рихьизе бугеб гьунар цебетIезаби. Лъугьа-бахъиназул ва сюжеталъул ин цебеккунго бичIчIиялъул бажари цебетIезаби.

**ЦIалул, гIелмиялгин гIадатал хIасил бугел ва цогидалги текстазда тIад хIалтIи**

Асаралъул цIар ва гьеб цIар асаралъул хIасилалда дандрекъон кколеблъи бичIчIи. ЦIалул, гIелмиялгин гIадатал хIасил бугел текстазул хаслъаби, мухIкан гьарун, чIезари. БатIи-батIиял тайпабазул текстазул анализ гьабиялъул гIадатиял къагIидабазулгун лъай-хъвай гьаби: тексталъул аслияб пикру загьир гьаби, гIиллаябгин хIасилалъул бухьен чIезаби (гIилла гьечIеб хIасил букIунаро). Текст бутIабазде биххи. Гьел бутIабазул темаби баян гьари. КIвар бугел яги аслиял рагIаби ралагьи. Текст цIидасан бициналъул алгоритм гIуцIи. Схемаялда, моделалда, кIвар бугел, аслиял рагIабазда мугъги чIван, текст цIидасан бицин. Текст гIатIидго, ай дурусго бицин. Текст къокъго бицин (ай тексталъул хIасилалъулъ аслияб, кIвар бугеб жо бихьизаби). Справкаялъулаб (батIи-батIияб жоялъул баян кьолеб) материалалда, гIамлъизабулел суалазда ва цIалул тIадкъаязда тIад хIалтIизе бажари.

**Гаргадизе, кIалъазе бажари (каламалъул культура)**

Диалог каламалъул тайпабазул цояб кколеблъи бичIчIи. Диалогалъул хаслъи: лъурал суалал ричIчIизеги, гьезие жавабал кьезеги, тексталда тIаса жинцаго суалал кьезеги, хабар-кIалалда вугев чиясул каламалъухъ, гьеб калам гьоркьоса къотIичIого, кIвар кьун гIенеккизеги, гьоркьоб лъураб асаралда тIаса хIеренго жиндир пикру загьир гьабизеги бажари. Каламалъул низам цIуни. КIалзул гьунаралъул халкъиял асаразул кьучIалда иш

гьабиялъул, гIадамазда гъорлъ вукIиналъул низамалъулгун яги къагIидаялъулгун лъай-хъвай гьаби.

РагIиялда тIад хIалтIи (рагIул битIараб ва хъвалсараб магIнаги гьелъул гIемер магIнаги букIин лъай), активиял рагIабазул нахъраткел дагьабги цIубазаби.

Монолог каламалъул тайпабазул цояб кколеблъи бичIчIи. Лъурал суалазда яги кьураб темаялда тIасан кIудияб гьечIеб калам гIуцIизеги ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизеги бажари. ЦIалараб ялъуни рагIараб жоялъул хIасил бицин.

Жинца бицунеб пикруялъул план гIуцIи. Жинца бицунеб жоялъул мурадалда рекъон кIалъаялъул къагIидаби тIасарищи. Суратазда ва цIалараб яги кьураб темаялда тIасан кIалзул формаялда къокъаб хабар гIуцIи.

## Хъвадари (хъвавул каламалъул культура)

Хъвавул каламалъул нормаби цIуни: хIасил цIаралда рекъонккезаби (гьелъулъ героязул гIамал-хасият, иш лъугьараб бакI ва тема бихьизаби). Хъвавул каламалъулъ пасихIал, рекIелъе рортулел мацIалъул алатал (синонимал, антонимал, дандекквеял) хIалтIизари. Хъвавул текст дурус гьаби.

Кьураб темаялдаги, цIаларал асараздаги тIасан гьитIиналго сочинениял хъвай.

## ЦIализе кколел асарал

МагIарулазул ва цогидал миллатазул рагIул устарзабаз хъварал, лъималазул гIумруялде гIагарал, гIисинал, художествиял ва гIелмиялгин нахъгIунтIиялъулал асарал.

ЦIализе кколел асаразул жанрал: магIарулазул ва цогидал миллатазул халкъиял маргьаби, кучIдул, харбал, абиял, кицаби, бицанкIаби, абундачал, драмаялъулал асарал ва гь.ц.

Тематикаялъ гъорлъе рачуна лъагIалил 4 заманалъул, ВатIаналъул, гьелъул тарихалъул ва тIабигIаталъул, нилъер хIайваназул ва хIанчIазул, лъикIлъиялъул, ритIухълъиялъул, вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул, гIадамазул лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, яхI-намусалъул хIакъалъулъ, гьединго эркенаб захIматалъул, лъималазул гIумруялъул ва сахаватал ишазул, ракълие ва эркенлъиялъе гIоло къеркьолел бахIарзазул хIакъалъулъ бицунел асарал.

## ЦIалул курсалъулъ темабазул къадар

## I класс

**Маргьаби, биценкIаби ва кицаби**

1 классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал халкъиял ва литературиял маргьаби, кучIдул, кицаби ва биценкIаби.

**Их**

Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хIайваназул гIумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул, лъималаз гьарулел ишазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ихдалил кицаби ва биценкIаби.

**Дунги дир гьалмагъзабиги**

Лъималазул гIумруялъул ва гьудуллъиялъул, гьез гьарулел ишазул хIакъалъулъ асарал.

**Нилъер ункъхIатIилал гьудулзаби**

ХIайваназул ва хIанчIазул гIумруялъул, гьел цIуниялъул хIакъалъулъ къокъал кучIдул, харбал, маргьаби ва биценкIаби.

## II класс

**Рии ракIалде щвезаби**

Риидал магIарул тIабигIаталъул бицунел харбал ва кучIдул. ЧIахIиял гIадамаз ва лъималаз гьарулел пайдаял хIалтIабазул бицунел асарал.

**Меседилаб хасалихълъи**

Хасалихъе тIабигIаталъул ва гьеб цIуниялъул, бачIин бакIариялъул ва ахакь, хурзабахъ гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ къокъал, пасихIал харбал ва кучIдул.

ТIабигIаталде экскурсия.

**Нилъер ункъхIатIилал гьудулзаби**

ХIайваназул ва хIанчIазул хIакъалъулъ къокъал кучIдул, харбал, маргьаби ва бицанкIаби.

Гьел цIуниялда ва гьезул гIумруялда, бетIербахъиялда тIасан гара-чIвари.

**Эркенаб захIмат – нигIматазул ицц**

ЗахIматалъул, батIй-батIияб махщалил, гьединго лъималазул гIумруялъул ва пайдаял ишазул хIакъалъулъ асарал.

Лъималазул рукIа-рахъиналда, хьвада-чIвадиялда тIасан гара-чIвари.

**Лъималазул гIумру ва гьезул ишал**

Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, кицаби ва абиял.

Лъималаз цоцазе ва чIахIиязе гьабулеб кумекалда тIасан гара-чIвари.

**Хасел – лъималазе рохел**

Хасалил гIаламатазул, ЦIияб соналде гьабулеб хIадурлъиялъул, хасало лъималаз гьарулел расандабазул, хIайваназ ва хIанчIаз хасел тIамулеб куцалъул бицунел асарал.

Хасалил тIабигIаталде экскурсия.

**Хъизан ва школа**

Хъизаналъул ва школалъул, кIудиязулги гIисиназулги цоцадехун букIине кколеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал.

**ЛъикIлъи, хIалимлъи, хIурмат**

ГIадамазул лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, цоцазе гьабулеб хIурматалъул, яхI-намус бугел унго-унгоял гIадамазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул.

**Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал**

2 абилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал захIматалъул, хIайваназул, гIажаибал лъугьа-бахъиназул, лъикIлъи-квешлъиялъул бицунел халкъиял маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял ва бицанкIаби.

**Их**

Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хIайваназул гIумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул, лъималаз гьарулел расандабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ихдалил байрамазул бицунел асарал (8 Март, оцбай ва гь.ц.)

Ихдалил тIабигIаталде экскурсия.

**Росу**

Росдал тIабигIаталъул, гIадамазул гIумруялъул, гьез гьарулел хIалтIабазул, гIухьбузул, рекьарухъабазул, ахихъабазул хIакъалъулъ асарал.

**Нилъер ВатIан**

ВатIаналъул, шагьаразул ва росабазул, гьаваялда, ралъдада ва ракъдада бахIарчилъи бихьизабурал Дагъистаналъул бахIарзазул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал.

Экскурсия «Нилъер росу», «Нилъер район».

**Класс тун къватIисеб цIали**

***ЦIализе кколеб материал.*** Жиндир кIодолъи 8-30 гъумералдаса тIаде инчIеб лъималазул художествияб ва гIелмиябгун художествияб тIехь. Жидецаго цIалулел кучIдузул, маргъабазул, харбазул кIодолъи букIине бегьула 1-10 гъумералдаса тIаде инчIеб.

***ЦIалул тематика.*** ВатIаналъул, бахIарчиял ишазул, лъималазул, хIайваназул, гIажаибал лъугьа-бахъиназул ва гь.ц. хIакъалъулъ бицунел асарал.

***ТIехьалъулгун гьабулеб хIалтIи.*** Лъималазда лъазе ва бажаризе ккола:

тIехьалъул жилд, гъумер, ахир бихьизабизе;

мугIалимас цIалун гIенеккарал ялъуни жидецаго цIаларал асаразда тIасан кьурал суалазе битIун жавабал кьезе;

асаразул ва гьезул авторазул цIаразде балагьун, хIасил бицине;

цIалараб жоялъул тема бицине;

кьурал гIаламатаздалъун тIахьал тIаса рищизе;

героязул гIамал-хасияталъе, гьез гьарулел ишазе ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназе битIун къимат кьезе;

классалъул цIалул бокIоналъул низам цIунизе.

## III класс

**Рии**

Риидалил тIабигIат цебечIезабулел Дагъистаналъул рагIул устарзабазулги халкъиял асараздасаги къокъал кучIдул ва харбал.

Риидал лъимал хIалтIараб, гьез хIухьбахъи гьабураб куцалъул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, гара-чIвариял.

**ТIабигIат цIуни – ВатIан цIуни**

МагIарулазул хъвадарухъабазул гIагараб ВатIаналъул сипат-сурат цебечIезабулел асарал.

ТIабигIат цIунизе ккей загьир гьабулел асарал.

ТIабигIаталда кколел хиса-басиял.

ТIабигIат цIуниялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал: кицаби, маргъаби, бицанкIаби.

**Меседилаб хасалихълъи**

Меседилаб хасалихълъиялъул сипат-сурат, берцинлъи, бечелъи цебечIезабулел асарал. Хасалихъе гъарулел хIалтIаби. Хасалихълъиялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал. Хасалихъе рукъалъул ва гIалхул хIайванал.

ТIабигIаталда кколел хиса-басиял.

**Лъималазул гIумру ва гьезул ишал**

Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал.

ГIадамазе, ВатIаналъе пайдаяллъун рукIине ккеялъул бицунел асарал.

Лъималазе рекъел бокьула. Лъималазул миллияб гьудуллъи. Киналго лъимал вацал ва яцал ккола.

**ЦIорораб хасел**

Хасалил тIабигIаталъул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, кица-би, маргъаби. Хасало лъималазул расандаби.

**Халкъалъул кIалзул гьунаралъул асараздасан**

3 абилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал халкъиял маргъаби, харбал, кучIдул, кицаби, бицанкIаби.

**Рекъел ва гьудуллъи**

Ракълилаб гIумруялъул ва гьудуллъиялъул берцинлъи, гьайбатлъи беццун хъварал кучIдул ва харбал.

Ракълие гIоло къеркьей.

**Рохалилаб их**

Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, ихдалил хIалтIабазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, маргьаби, кицаби, абиял.

Ихдалил тIабигIаталда кколеб хиса-басиязул хIакъалъулъ гара-чIвари.

Ихдалил байрамал (8 Март, 9 Май).

**Эркенаб захIмат**

ЗахIматалъул церехъабазул хIакъалъулъ кучIдул. ЗахIмата-лъул баракат. ЗахIмат ккола рохелги, бечелъиги, талихIги. ЗахIматалда хурхарал кицаби, абиял.

ЧIахIияз ва лъималаз гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ гара-чIвариял. МагIарулазул устарзабазул хIакъалъулъ харбал.

**ВатIан чIухIарал бахIарзал**

ВатIаналъе гIоло рухI кьурал бахIарзазул гьунарал, гIаданлъи, лебаллъи, намус-бацIцIалъи загьир гьабулел къокъал харбал, кучIдул, маргьаби, биценал, кицаби.

ГIалимзабазул, гIакъилзабазул хьвада-чIвадиялъул бицунел асарал.

**Класс тун къватIисеб цIали**

***ЦIализе кколеб материал.*** ЦIализе хIисаб гьабурал художествиял тIахьал рукIине бегьула 1–100 гьумералдаса тIаде инчIел. ЛъикIаланго пайда босула «Лачен» журналалдаса.

***ЦIалул тематика.*** Классалда цIализе ругел асаразул тематикаялде балагьун, живго мугIалимас чIезарула цIализе мустахIикъал асарал.

***ТIехьалъулгун гьабулеб хIалтIи.*** Лъималазда лъазе ва бажаризе ккола:

тIехьалъул бутIаби рихьизаризе: тIехьалъулги авторасулги цIарал ругеб тIоцебесеб гьумер, бутIрул, цеберагIи, цадахълъел;

темаялда хурхараб тIехь тIаса бищизе, гьелъие битIараб къимат кьезе;

лъагIалил I бащалъиялда анкьида жаниб 2–3 гьумералде, лъагIалил II бащалъиялда 10–15 гьумералде рахарал асарал цIализе; мугIалимасул суалазде мугъги чIван, цIалараб жоялъул хIасил цебечIезабизе.

## IV класс

**Бищунго кьарияб жо – рии, бищунго бечедаб жо – хасалихълъи**

Роол ва хасалихълъиялъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал. Риидал рукIарал рекIелгъеязул ва хIухьба-хъиялъул, хаслихъе хурул ва ахил бачIин рукъалде буссина-биялъулъ цIалдохъабаз гьабулеб гIахьаллъиялъул гара-чIвари.

**Дунги дир гьалмагъзабиги**

Лъималазул гIумруялъул, гьез гьабулеб гьудул-гьалмагъ-лъиялъул, захIматалдехун гьезул бугеб гьоркьоблъиялъул бицунел харбал, кучIдул, маргьаби ва кицаби.

**ТIабигIат цIуни**

ГIагараб тIабигIат, рухIчIаголъаби ва рохьал цIуниялъул хIакъалъулъ рицунел харбал, кучIдул ва маргьаби.

**ЛъикIабин сунда абулеб, квешабин сунда абулеб?**

ГIадамазул гьоркьорлъабазул, унго-унгоял гьудулзабазул ва гьалмагъзабазул, лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, яхI-намусалъул хIакъалъулъ рицунел харбал, кучIдул, маргьаби, кицаби, бицанкIаби ва абиял.

**Гьудуллъиялъ бахъулареб хъала букIунареб**

Халкъазул вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул бицунел кучIдул, харбал ва маргьаби.

**Хасел**

Хасалил тIабигIаталъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал.

**Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал**

Аваразул ва цогидал миллатазул маргъаби, кицаби, абиял ва бицанкIаби.

**ТIабигIат берцинаб их**

Ихдалил тIабигIат чIаголъулеб куцалъул, гьелъул берцинлъиялъ гьабулеб асаралъул, ихдалил байрамазул бицунел асарал.

**Нилъер адабият ва маданият**

РухIияб ва материалияб маданияталъул, рукIа-рахъиналъул, захIматалъул, хьвада-чIвадиялъул, адабияталъул хаслъабазул, къагIидабазул, гIадатазул, гIумру гьабулеб куцалъул хIакъалъулъ бицунел асарал. МагIарул устарзабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул (ГIоцIалъ, Унсоколо, РахатIа, ГIанди).

**МугIрузул улка**

Дагъистаналъул мацIазул, халкъазул тарихалъул, эркенлъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзазул (Шамилил, ГъазимухIамадил, ХIамзатил ва гь.ц.) биографиялъул хIакъалъулъ бицунел асарал.

**Класс тун къватIисеб цIали**

***ЦIализе кколеб материал.*** Аваразул ва цогидал миллатазул рагIул устарзабаз хъварал, лъималазул гIумруялде гIагарал гIисинал асарал.

***ЦIалул тематика.*** ГIадамазул цоцадехун рукIунел гьоркьорлъабазул, лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, яхI-намусалъул, рухIияб ва материалияб маданияталъул, рукIа-рахъиналъул, Дагъистаналъул тарихалъул, халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзазул хIакъалъулъ бицунел асарал.

***ТIехьалъулгун гьабулеб хIалтIи.*** Лъималазда лъазе ва бажаризе ккола:

лъималазул гІумруялда хурхараб тІехь балагьизе ва жидецаго цІализе;

лъагІалил I бащалъиялда анкьида жаниб 3–6 гьумералде, лъагІалил II бащалъиялда 15–20 гьумералде рахарал асарал цІализе;

цІалараб жоялъул къокъго хІасил бицине;

мугІалимас кьураб ялъуни жидецаго гІуцІараб планалда рекъон героясул хІакъалъулъ хабар гІуцІизе.

**Адабияталъул теориялъул хІакъалъулъ лъазе кколел авалиял баянал (практикияб къагІидаялъ лъазаризе)**

ПасихІал, рекІелъе рортулел мацІалъул алатал, ай *синонимал, антонимал, эпитетал, дандекквеял, метафорал, олицетворениял* тексталъулъ рати ва практикияб къагІидаялъ гьел ратІа гьаризе лъай (мугІалимасул кумекалдалъун).

*Художествиял асар, рагІул искусство, автор (хабар бицине гьунар бугев чи, хабар бицунев чи), тема, герой (гьесул сипат-сурат, гьес гьабураб иш, загьир гьарурал пикраби, гьесул калам); героялдехун авторасул бугеб бербалагьи* гІадал литературиял бичІчІиял лъай (мугІалимасул кумекалдалъун).

Хабариял, сипатиял ва пикриял текстазул гІуцІиялъул хаслъабазул хІакъалъулъ гІаммаб бичІчІи щвей.

Прозаялъулаб (харбихъего хъвараб) ва шигІрияб калам, шигІрияб асаралъул хаслъаби рихьизари (ритм /гьаракь рекъей/, рифма).

Асаразул жанр. КІалзул гьунаралъул халкъиял ва авторасул асарал (ратІарахъизе).

КІалзул гьунаралъул халкъиял асаразул гьитІинал жанрал (кинидухъ ахІулел кучІдул, абиял, кицаби, бицанкІаби ва абундачал): гьезул магІна бичІчІи, гьел цоцаздаса ратІарахъизе лъай.

ХІайваназул, рукІа-рахъиналъулал ва гІажаибал маргьаби. Маргьабазул художествиял хаслъаби: маргьадулаб герой, пасихІал, рекІелъе рортулел мацІалъул алатал, гІуцІи. Литературияб (авторасул) маргьа.

Хабар, кечI – жанраялъул, гьезул гIуцIиялъул хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи.

**Творческияб хIалтIи**

ЦIаларал асаразда релълъарал харбал гIуцIи яги маргьаби ургъи, сипатияб яги пикрияб цо-цо рахъ хабаралъулъ ккезаби; мугIалимасул суалазул кумекалдалъун маргьаялъул сюжет гIатIид гьаби.

Литературияб асар, ролаздеги бикьун, цIали; гьелъул инсценировка гьаби, гьеб пасихIго цIали ва мацIалъул ресаздалъун асаралъул хIакъалъулъ бицин, хисараб тексталда тIад гьабулеб хIалтIул батIи-батIиял къагIидабазулгун лъай-хъвай гьаби ва гьездаса пайда боси (гIиллаябгин хIасилалъул бухьен чIезаби, рукIа-рахъиналъул тартиб ва хIалтIи гьабиялъул этапал цIуни).

# ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

## I КЛАСС (15 сагIат)

| Тема | Темаялъе баян | Гъаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|
| Литературияб цIалиялъул байбихьул дарс (1 сагIат) | Литературияб цIалул учебникалъулгун лъай-хъвай гъаби. Учебникалъул шартIиял ишараби. Учебникалда жаниб бугеб материалалъулгун лъай-хъвай гъаби. Словарь. | Литературияб цIалул тIехь лъикI лъазе.<br>ШартIиял ишараби ричIчIизе ва, кьурал тIадкъаял тIуразарулаго, гьездаса пайда босизе. Учебникалъулъ къваригIараб тема ва къваригIараб асар батизе.<br>Щибаб тексталъул ахиралда кьурал ричIчIуларел рагIабазул лексикияб магIна баян гьабизе. |
| Маргьаби, биценкIаби ва кицаби (3 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>1 классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал халкъиял ва литературиял маргьаби, кучIдул, кицаби ва | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Асарал гIедегIичIого, рагIабиккун, пасихIго цIализе, художествияб асаралъул хIасил гIенеккун бичIчIизе.<br>Учебникалада ругел суратал текстазул хIасилалда рухьизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | биканкIаби. Маргъабазул героял. Маргъабазул аслияб пикру. Халкъиял ва литературиял маргъаби дандекквей. Маргъабазулъ ругел диалогал пасихIго цIали. Ролаздеги бикьун, цIали. | Асаралъул хIасилалда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе. Маргъабазул героял абизе ва гьез гьарурал ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине. Сураталда рекъон маргъа пасихIго цIидасан бицине. Халкъияб ва литературияб маргъа дандекквезе. Маргъабазулъ ругел диалогал, ролаздеги рикьун, пасихIго цIализе. ГьитIинал ва кIудиял асаразул жанразда гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабизе (мугIалимасул кумекалдалъун). БиканкIабазе жавабал кьезе, кицабазул магIна баян гьабизе. |
| Их (3 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хIайваназул гIумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул, лъималаз гьарулел ишазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ихдалил кицаби ва биканкIаби. Художествияб асаралъул хIасил гIенеккун бичIчIи. Лирикиял кучIдул рагIун цIали. Авторасул рекIел хIал, гьес гIуцIараб тIабигIаталъул | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Художествияб асаралъул хIасил гIенеккун бичIчIизе. Предложениялъул ахиралда лъурал лъалхъул иашарабиги хIисабалде росун, интонацияги цIунун, лирикиял кучIдул рагIун цIализе. Авторасул рекIел хIал, гьес гIуцIараб тIабигIаталъул сурат бихьизабизе кумек гьабулел рагIаби кучIдузулъ ратизе. Лирикиял асаразул ритмалда хадуб халкквезе. БиканкIабазе жавабал кьезе, кицабазул магIна баян гьабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | сурат бихьизаби. Лирикиял асаразул ритм. | |
| Дунги дир гьалмагъзабиги (4 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Лъималазул гIумруялъул ва гьудуллъиялъул, гьез гьарулел ишазул хIакъалъулъ асарал. ЦIалараб жоялда тIаса жидерго пикру загьир гьаби. Асралъул тема ва аслияб пикру загьир гьаби. Кицабазул магIна баян гьаби. КочIода ва хабаралда гьоркьоб бугеб батIалъи. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Художествияб асаралъул хIасил гIенеккун бичIчIизе.<br>ХIакъикъияб гьудул-гьалмагълъиялъул хIакъалъулъ гьалмагъзабигун гара-чIвари гьабизе.<br>Асарал гIедегIичIого, рагIабиккун, пасихIго цIализе, цIалараб жоялда тIаса жидерго пикру загьир гьабизе.<br>Асралъул тема ва аслияб пикру загьир гьабизе.<br>Кицабазул магIна баян гьабизе.<br>КочIода ва хабаралда гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабизе.<br>Лъурал суалазе жавабал кьезе. |
| Нилъер ункъхIатIилал гьудулзаби (4 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>ХIайваназул ва хIанчIазул гIумруялъул, гьел цIуниялъул хIакъалъулъ къокъал кучIдул, харбал, маргьаби ва бицанкIаби.<br>НахъгIунтIиялъулалги художествиялги текстал дандекквей. Героясе характеристика кьей. Сураталда рекъон тексталъул | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Художествияб асаралъул хIасил гIенеккун бичIчIизе.<br>ЦIалараб асаралда тIасан гара-чIвари гьабизе.<br>КучIдул пасихIго цIализе.<br>НахъгIунтIиялъулалги художествиялги текстал дандекквезе (мугIалимасул кумекалдалъун).<br>Жинца гьарулел ишазде балагьун, художествияб асаралъул героясе характеристика кьезе. |

| | | |
|---|---|---|
| | хIасил бицин. | Сураталда рекъон тексталъул хIасил бицине.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул магIна баян гьабизе. |

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

**2 КЛАСС (77** сагIат асарал цIализе ва гьезда тIад хIалтIизе **+ 16** сагIат класстун къватIисеб цIалиялъе)

| Тема | Темаялъе баян | Гьаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|
| Литературияб цIалиялъул байбихьул дарс (1 сагIат) | Литературияб цIалул учебникалъулгун лъай-хъвай гьаби. Учебникалъул шартIиял ишараби. Учебникалда жаниб бугеб материалалъулгун лъай-хъвай гьаби. Словарь. Рахьдал мацIалъул бугеб кIваралъул бицин. ПасихIго цIали. | Литературияб цIалул тIехь лъикI лъазе.<br>Иллюстрациязухъ (ай суратазухъ) лъикI балагьизе, учебникалъулъ ругел текстазул хIасилазда гьел суратал рухьизе.<br>Кьурал тIадкъаял тIуразарулаго, шартIиял ишараби лъазе ва гьездаса пайда босизе. Учебникалъулъ къваригIараб тема ва къваригIараб асар батизе. Темаялъулъ кьураб материал гьелъул цIаралда бухьараб букIин чIезабизе.<br>Щибаб тексталъул ахиралда кьурал рагIабазул лексикияб магIна баян гьабизе.<br>КечI пасихIго цIализе. |
| Рии ракIалде | Темаялда лъураб цIаралъулгун | Темаялъулъ кьураб материал кинаб |

| | | |
|---|---|---|
| щвезаби (3 сагІат) | лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицин.<br>Риидал магІарул тІабигІаталъул бицунел харбал ва кучІдул. ЧІахІиял гІадамаз ва лъималаз гьарулел пайдаял хІалтІабазул бицунел асарал.<br>Риидал цІаларал тІахьал. ЦІаларал тІахьазул героял. Риилда хурхарал биценкІаби, кицаби. ПасихІго цІали. КучІдул рекІехъе лъазари. Асаралъул аслияб пикру загьир гьаби.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | букІине кколебали цебеккунго бицине.<br>Риидал цІаларал тІахьазул хІакъалъулъ бицине.<br>Сураталдаса хабар бицине.<br>Харбал ва кучІдул пасихІго цІализе.<br>БиценкІабазе жавабал кьезе, кицабазул магІна бицине. МугІалимас бицараб жоялъул ва тІехьалдаса цІалараб тексталъул магІна босизе.<br>ХІасилалда тІасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе.<br>Героязул ишазе ва рагІабазе битІараб къимат кьезе. МугІалимасул кумекалдалъун тексталъулъ героязул хІакъалъулъ бицунел рагІаби ва предложениял рихьизаризе.<br>Асаралъул аслияб пикру загьир гьабизе. |
| Меседилаб хасалихълъи (7 + 2 сагІат) | Темаялда лъураб цІаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицин.<br>Хасалихъе тІабигІаталъул ва гьеб цІуниялъул, бачІин бакІариялъул ва ахакь, хурзабахъ гьарулел хІалтІабазул хІакъалъулъ къокъал, пасихІал харбал ва кучІдул.<br>ТІабигІаталде экскурсия. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицине.<br>БукІине кколеб интонациялдалъун кучІдул цІализе, хасалихълъиялъул хІакъалъулъ шагІирзабаз хъварал асарал дандекквезе, рекІее гІураб тІасабищизе, щай гьеб жинца тІасабищарабали бичІчІизабизе.<br>Харбихъего хъварал асараздаги кучІдуздаги гьоркьоб бугеб батІалъи бихьизабизе.<br>Лирикиял текстазулъ интересал |

| | | |
|---|---|---|
| | Хасалихълъиялъул тIабигIаталъул суратал. Хасалихълъиялъул бицанкIаби. Кицабазулъ хасалихълъиялъул сипат-сурат. ПасихIго цIали. КучIдул рекIехъе лъазари. Художествияб пасихIлъи бихьизабулел алатал. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | предложениял баян гьаризе. ХIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе. БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул магIна бицине. КучIдул рекIехъе лъазаризе. Асаразулъ хасалихълъиялъул гIаламатал рихьизаризе. КочIол ритмаялда ва рифмаялда хадуб халкквезе. Художествияб пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизе. Хасалихълъи тIобитIиялъул хIакъалъулъ къокъаб текст гIуцIизе. Жинца гьарурал жавабазе къимат кьезе. ЦIалулаго риччарал гъалатIал ритIизаризе. |
| Нилъер ункъхIатIилал гьудулзаби (7 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. ХIайваназул ва хIанчIазул хIакъалъулъ къокъал кучIдул, харбал, маргьаби ва бицанкIаби. Гьел цIуниялда ва гьезул гIумруялда, бетIербахъиялда тIасан гара-чIвари. Планалда, суалазда рекъон хабар бицин. Маргьабазул художествиял хаслъаби, маргьадулал героязе характеристика кьей. НахъгIунтIиялъул тексталъул | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Асаралда тIад тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе, дарсида гьабулеб хIалтIул тайпа тIасабищизе. Асарал рагIизабун цIалиялдаса дагь-дагькккун сасун цIалиялде рачIине. Цогидас цIалулеб асар гIенеккун дандрекъон кколеб хIалалъ бичIчIизе. Художествиял ва нахъгIунтIиялъулал текстал дандекквезе. ХIайваназул хIакъалъулъ хъварал харбал ва маргьаби дандекквезе. |

| | | |
|---|---|---|
| | хаслъи.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Лъугьа-бахъиналъул тартиб чІезабизе.<br>План гІуцІизе.<br>Планалда рекъон текст мухІканго жиндирго рагІабаздалъун бицине.<br>Художествиял асаразулъ кьураб магІарул берцинаб тІабигІат бихьизабизе.<br>Асаразулъ героял рихьизаризе, гьезие характеристика кьезе.<br>Герояздехун жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе, гьезул ишазе рухІияб къимат кьезе.<br>МугІалимасул кумекалдалъун тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>БицанкІабазе жавабал кьезе, гьел рекІехъе лъазаризе.<br>Жинца гьабураб жавабалъе къимат кьезе. |
| Эркенаб захІмат – нигІматазул ицц (9 + 2 сагІат) | Темаялда лъураб цІаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицин.<br>ЗахІматалъул, батІи-батІияб махщалил, гьединго лъималазул гІумруялъул ва пайдаял ишазул хІакъалъулъ асарал.<br>Лъималазул рукІа-рахъиналда, хьвада-чІвадиялда тІасан гара-чІвари.<br>Героязе характеристика кьей. ЗахІматалъул хІакъалъулъ | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицине.<br>Асаразул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>Асаразулъ ругел рагІаби битІун цІалиялде, битІун хъваялде ва гьезул магІнаялде кІвар кьезе. Кициялъул магІна асаралъул хІасилалда бухьине.<br>ХІасилалда тІасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе.<br>Асаралъул героясул сипат-сурат бихьизабизе кумек гьабулел рагІаби ратизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | кицаби. Хабаралъул аслияб пикруялда кицаби рухьин. Героязе къимат кьей. Герояздехун авторасул ва жидер бугеб бербалагьи. Гара-чIвариялъулъ гIахьаллъи. КечI пасихIго цIали. Хабар херхин. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Хабаралъул аслияб пикруялда кицаби рухьине. Героязул ишазе ва рагIабазе битIараб къимат кьезе. Герояздехун авторасул ва жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. БатIи-батIияб ролалдеги вукIун, гара-чIвари гьабизе. КучIдул пасихIго цIализе. Асаралда жанир героязул сипат-сурат цебечIезабулел рагIаби ратизе. ХIасилалда тIасан кьурал суалазе жавабал кьезе. Суалазда рекъон хабар гьоркьоса къотIичIого бицине. Кицабазул магIна бицине. Суалазда рекъон, тексталъул темаялде мугъги чIван, хабар херхине. |
| Лъималазул гIумру ва гьезул ишал (7 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, кицаби ва абиял. Лъималаз цоцазе ва чIахIиязе гьабулеб кумекалда тIасан гара-чIвари. ПасихIго цIали. РекIехъе лъазаби. Тексталъул тема. Тексталъул аслияб пикру. Хабаралъул план. Героясе къимат кьей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе. Унго-унгояв цIалдохъанасул, ханчIи ва хIайван цIуниялъул хIакъалъулъ гьалмагъзабигун бицине. Гьениб бугеб рекIел хIал бихьизабулаго, асар цIализе, цIалараб жоялда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе. Тексталъул тема чIезабизе, аслияб пикру загьир гьабизе. Кициялъул магIна асаралъул |

| | | |
|---|---|---|
| | Щвараб лъаялъе къимат лъей. | хIасилалда бухьине.<br>Халкъияб кечIги авторасул кечIги дандекквезе.<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Асаразул героязе къимат кьезе. Асаразулъ ругел рагIаби битIун цIалиялде, битIун хъваялде ва гьезул магIнаялде кIвар кьезе.<br>ХIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе.<br>БицанкIабазе жавабал ратизе. |
| Хасел – лъималазе рохел (8 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Хасалил гIаламатазул, ЦIияб соналде гьабулеб хIадурлъиялъул, хасало лъималаз гьарулел расандабазул, хIайваназ ва хIанчIаз хасел тIамулеб куцалъул бицунел асарал.<br>Хасалил тIабигIаталде экскурсия. Хасалил хIакъалъулъ бицанкIаби.<br>Хасалил сурат бихьизабизе кумек гьабулел рагIаби. Хасалоялдехун авторасул бугеб бербалагьи. ГIелмуябгин нахъгIунтIиялъулаб текст. РекIехъе лъазаби.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>БицанкIабазе жавабал ратизе.<br>Гьениб бугеб рекIел хIал бихьизабулаго, асар цIализе, цIалараб жоялда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе.<br>Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе.<br>Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьине.<br>Хасалил хIакъалъулъ батIи-батIиял шагIирзабаз хъварал асарал дандекквезе.<br>Асаразул текстазде мугъги чIван, хасалил тIабигIаталъул суратал рахъизе (бицун).<br>ХIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе.<br>КечI рекIехъе лъазабизе. ГIелмуябгин нахъгIунтIиялъулаб тексталъул хаслъи бичIчIизе. |
| Хъизан ва | Темаялда лъураб цIаралъулгун | Темаялъулъ кьураб материал кинаб |

| | | |
|---|---|---|
| школа (6 + 2 сагIат) | лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Хъизаналъул ва школалъул, кIудиязулги гIисиназулги цоцадехун букIине кколеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ кучIдул ва харбал. Ишалъулаб кагъат. КучIдул пасихIго цIали. Асаразул героял. Героязул ишазе, гIамал-хасияталъе къимат кьей. Герояздехун жидер бугеб бербалагьи. ЦIалараб жоялъул магIна жидецаго боси.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе.<br>Гьениб бугеб рекIел хIал бихьизабулаго, асар цIализе. ЦIалараб асаралъул магIна жидецаго босизе (ай аслияб пикру жидерго рагIабаздалъун загьир гьабизе).<br>Героязул ишазе, гIамал-хасияталъе къимат кьезе.<br>Герояздехун ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Героязул сипат-сурат цебечIезабулел рагIаби ратизе.<br>Гьудул-гьалмагълъиялъул, коллективалъул хIакъалъулъ бицине.<br>Хабаралъулъ цIалулеб куцги хъвалеб куцги дандекколарел рагIаби ратизе.<br>Ишалъулаб калам бичIчIизе. БицанкIабазе жавабал ратизе. |
| ЛъикIлъи, хIалим-лъи, хIурмат (7 +1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>ГIадамазул лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, цоцазе гьабулеб хIурматалъул, яхI-намус бугел унго-унгоял | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>КечI, ролазде бикьун, цIализе.<br>Жиндирго пикруги загьир гьабун, асаразул героязул бицине.<br>Суалазул кумекалдалъун хабаралъул аслияб магIна загьир гьабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | гIадамазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ролазде бикьун, цIали. Асаразул героял. Жиндирго пикру загьир гьаби. Аслияб магIна загьир гьаби. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьине. Асаралъул план гIуцIизе ва гьелъул къучIалда асаралъул хIасил мухIканого бицине. |
| Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал (5 +1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ къураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. Тема лъазабиялда тIад гьабулеб хIалтIул план гIуцIи. Халкъалъул кIалзул гьунар. 2 абилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал захIматалъул, хIайваназул, гIажаибал лъугьа-бахъиназул, лъикIлъи-квешлъиялъул, гьудуллъиялъул, ВатIаналъул, чIухIиялъул хIакъалъулъ бицунел халкъиял маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял ва биценкIаби. Бицардаби. Къиса. Маргьабазул героял. Маргьабазул аслияб пикру. Халкъиял ва литературиял маргьаби дандекквей. Маргьабазулъ ругел диалогал пасихIго цIали. Ролаздеги бикьун, цIали. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ къураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Кицаби, абиял, бицанкIаби ва бицардаби пасихIго цIализе. БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе. БицанкIабазул анализ гьабизе; бицанкIаби, кицаби ва абиял тематикиял тIелазде рикьизе. Эбел-инсул кумекалдалъун цо чанго бицанкIо ургъун бахъизе. Халкъиял ва литературиял маргьабазда гьоркьоб бугеб батIалъи бихьизабизе. Маргьаби гIедегIичIого рагIабиккун пасихIго цIализе. Сураталтекстазул хIасилазда рухьизе. Кицаби хабаралъул аслияб магIнаялда дандеккезаризе Хабаралъул суалаздалъун план гIуцIизе, гьезда рекъон хIасил бицине. Планалда рекъон цо сундулниги хIакъалъулъ къокъаб хабар гIуцIизе. Хабаралъул хIасилалда тIасан |

| | | |
|---|---|---|
| | | лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Маргъабазул героял рихьизаризе, героязги гьарулел ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине.<br>Героязе къимат кьезе.<br>Маргъабазул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>Маргъабазулъ ругел диалогал пасихIго цIализе.<br>Хабар, ролаздеги бикьун, цIализе.<br>Жинцаго щвараб лъаялъе къимат кьезе. |
| Их (6 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, хIайваназул гIумруялъул, хурзабахъ ва ахакь гьарулел хIалтIабазул, лъималаз гьарулел расандабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул. Ихдалил байрамазул бицунел асарал (8 Март, оцбай ва гь.ц.)<br>Ихдалил тIабигIаталде экскурсия.<br>Ихдалил кицаби ва биценкIаби. ПасихIал, рекIелъе ртулел мацIалъул алатал: дандекквеял, матафорал, эпитетал. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе.<br>КучIдул ва кицаби пасихIго цIализе; интонациялдалъун, цIалул хехлъиялдалъун ва гьаркьил къуваталдалъун рекIел хIал бихьизабизе.<br>ЦIалараб асаралъул магIна жидецаго босизе (ай аслияб пикру жидерго рагIабаздалъун загьир гьабизе).<br>Авторасул рекIел хIалги гьес бижизабураб тIабигIаталъул суратги бихьизабизе кумек гьабулел рагIаби кучIдузулъ ратизе.<br>ПасихIал, рекIелъе ртулел мацIалъул алатал, дандекквеял, матафорал, эпитетал кучIдузулъ, кицабазулъ ва биценкIабазулъ |

| | | |
|---|---|---|
| | ШигІрияб тексталъул хаслъиялда хадуб халкквей. КечІ рекІехъе лъазаби. Кицаби ракІалда чІезари.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | ратизе (мугІалимасул кумекалдалъун).<br>ШигІрияб тексталъул ритмаялда хадуб халкквезе.<br>БатІи-батІиял шагІирзабаз ихдалил хІакъалъулъ хъварал кучІдул дандекквезе.<br>Кицабазул магІна бицине.<br>БицанкІабазе жавабал кьезе.<br>КечІ рекІехъе лъазабизе.<br>Асаралъулъ ихдалил гІаламатал рихьизаризе, ихдалил тІабигІаталъул сурат бахъизе.<br>Суалазул кумекалдалъун ихдалил хІакъалъулъ хабар гІуцІизе. |
| Нилъер ВатІан (8 + 2 сагІат) | Темаялда лъураб цІаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицин.<br>ВатІаналъул, нилъер халкъазул гьудуллъиялъул, Дагъистаналъул, гьаваялда, ралъдада ва ракъдада бахІарчилъи бихьизабурал Дагъистаналъул бахІарзазул хІакъалъулъ кучІдул ва харбал.<br>КечІ рекІехъе лъазаби.<br>Васият, биография ва гьезул хаслъи. Асаразул героял. Планалда рекъон хабар бицин.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицине.<br>КечІ рекІехъе лъазабизе.<br>КІечІ, хабар, ролаздеги рикьун, пасихІго цІализе.<br>Васият рекІехъе лъазабизе.<br>Суалазул кумекалдалъун тексталъул хІасил тартибалда бицине.<br>РекІел хІал бихьизабулаго, шигІриял асарал цІализе.<br>ЦІаларал асаразул магІна жидецаго босизе (ай аслияб пикру жидерго рагІабаздалъун загьир гьабизе). Асаразул героял, гьезул сипат-сурат, гьез гьабураб иш, загьир гьарурал пикраби, гьезул калам бихьизабизе.<br>Героязул ишазе, гІамал-хасияталъе |

| | | |
|---|---|---|
| | | къимат кьезе.<br>Герояздехун ва гьез гІахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Героязул сипат-сурат цебечІезабулел рагІаби ратизе.<br>ВатІаналъул, халкъазул гьудуллъиялъул, Дагъистаналъул, Дагъистаналъул бахІарзазул хІакъалъулъ бицине.<br>Кицабазул магІна асаразул хІасилазда бухьине.<br>Планалда рекъон хабар бицине. |
| Росу (3 сагІат) | Темаялда лъураб цІаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицин.<br>Росдал тІабигІаталъул, гІадамазул гІумруялъул, гьез гьарулел хІалтІабазул, гІухьбузул, рекьарухъабазул, ахихъабазул хІакъалъулъ асарал. Экскурсия «Нилъер росу», «Нилъер район».<br>Хабар гІуцІи.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицине.<br>Сураталдалъун кечІалъул хІасил цебечІезабизе.<br>Суалазда рекъон тексталъул хІасил къокъго бицине.<br>Кьурал темабазда тІасан харбал гІуцІизе. |

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

**3 КЛАСС (77** сагIат асарал цIализе ва гьезда тIад хIалтIизе **+ 16** сагIат класстун къватIисеб цIалиялъе)

| **Тема** | **Темаялъе баян** | **Гьаризе кколел хIалтIабазул тайпаби** |
|---|---|---|
| Литературияб цIалиялъул байбихьул дарсал (2 сагIат) | Литературияб цIалул учебникалъулгун лъай-хъвай гьаби. Учебникалъул шартIиял ишараби. Учебникалда жаниб бугеб материалалъулгун лъай-хъвай гьаби. Словарь.<br>МагIарул ВатIаналъул ва магIарул каламалъул хIакъалъулъ кучIдул. Автор, цо лъидехунниги сундехунниги авторасул бугеб бербалагьи. КIвар бугел предложениязул магIна баян гьаби. КечI рекIехъе лъазаби. | Литературияб цIалул тIехь лъикI лъазе.<br>Иллюстрациязухъ (ай суратазухъ) лъикI балагьизе, учебникалъулъ ругел текстазул хIасилазда гьел суратал рухьизе.<br>Кьурал тIадкъаял тIуразарулаго, шартIиял ишараби лъазе ва гьездаса пайда босизе. Учебникалъулъ къваригIараб тема ва къваригIараб асар батизе. Темаялъулъ кьураб материал гьелъул цIаралда бухьараб букIин чIезабизе.<br>Щибаб тексталъул ахиралда кьурал рагIабазул лексикияб магIна баян гьабизе.<br>КучIдул пасихIго цIализе. |

| | | |
|---|---|---|
| | | МугIалимасул кумекалдалъун кучIдузул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>ВатIаналдехун ва магIарул каламалдехун авторазул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>КIвар бугел предложениязул магIна баян гьабизе.<br>КечI рекIехъе лъазабизе. |
| Рии (6 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Риидалил тIабигIат цебечIезабулел<br>Дагъистаналъул рагIул устарзабазулги халкъиял асараздасаги къокъал кучIдул ва харбал.<br>Риидал лъимал хIалтIараб, гьез хIухьбахъи гьабураб куцалъул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, гара-чIвариял.<br>Харбал ва кучIдул пасихIго цIали. Текст мухIканго жиндирго рагIабаздалъун бицин. Асаралъул героясе характеристика кьей. Текст бутIабазде биххи ва гьезие цIарал кьей.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Харбал рагIун тIурарал рагIабиккун цIализе; кучIдул пасихIго цIализе, интонациялдалъун, цIалул хехлъиялдалъун ва гьаркьил къуваталдалъун рекIел хIал бихьизабизе.<br>Суалазда рекъон цо сундулниги хIакъалъулъ къокъаб хабар гIуцIизе.<br>Хабаралъул хIасилалда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Асаразул героял рихьизаризе, герояз гьарулел ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине.<br>Героязе къимат кьезе.<br>Кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Текст бутIабазде биххизе ва гьезда цIар лъезе.<br>Роол тIабигIаталъул сурат бихьизабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| ТIабигIат цIуни – ВатIан цIуни (5 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>МагIарулазул хъвадарухъаба-зул гIагараб ВатIаналъул сипат-сурат цебечIезабулел асарал.<br>ТIабигIат цIунизе ккей загьир гьабулел асарал.<br>ТIабигIаталда кколел хиса-басиял.<br>ТIабигIат цIуниялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал: кицаби, маргьаби, бицанкIаби.<br>Текст пасихIго цIали. Асаразул жанрал. Асаразул аслияб магIна. Художествияб тесталъул кьучIалда хабар гIуцIи. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Текст пасихIго цIализе, цIалулаго битIун абиялъул ва интонациялъул нормаби цIунизе, цIалиялъул мурад бичIчIизе.<br>Асаразул жанрал чIезаризе.<br>Асаразул аслияб магIна бичIчIизе.<br>Цо сундехунниги авторасул бугеб бербалагьи тIатинабулел рагIаби ва предложениял тесталъулъ ратизе.<br>Теkсталъулъ тIабигIаталъул хIакъалъулъ бицине рес кьолел рагIаби ва предложениял тIаса рищизе.<br>Авторасул ВатIаналдехун бугеб рокьи ритIухъ гьабулеб гIилла бачине.<br>Асаразе суратаздалъун баян кьезе.<br>ТIабигIат, рухIчIаголъаби цIуниялъул хIакъалъулъ харбал ургъизе. |
| Меседилаб хасалихълъи (13 + 3 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гъаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Меседилаб хасалихълъиялъул сипат-сурат, берцинлъи, бечелъи цебечIезабулел асарал. Хасалихъе гьарулел хIалтIаби. Хасалихълъиялъул хIакъалъулъ халкъиял асарал. Хасалихъе рукъалъул ва | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Харбихъего хъварал асарал рагIун пасихIго цIализе, асразул ахиралда лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>БукIине кколеб интонациялдалъун кучIдул цIализе, хасалихълъиялъул хIакъалъулъ шагIирзабаз хъварал асарал дандекквезе.<br>КучIдузул ритмаялда ва рифмаялда хадуб хал кквезе. |

| | | |
|---|---|---|
| | гIалхул хIайванал.<br>ТIабигIаталда кколел хисабасиял. ГIелмуябгин нахъгIунтIиялъулаб текст. Хасалихълъиялъул тIабигIаталъул суратал. Хасалихълъиялъул бицанкIаби. Кицабазулъ хасалихълъиялъул сипат-сурат. ПасихIго цIали. Художествияб пасихIлъи бихьизабулел алатал.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Художествияб пасихIлъи бихьизабулел алатал ратизе.<br>Хасалихълъи тIобитIиялъул хIакъалъулъ къокъаб текст гIуцIизе.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул магIна бицине.<br>Асаразулъ хасалихълъиялъул гIаламатал рихьизаризе.<br>ГIелмуябгин нахъгIунтIиялъулаб тексталъул хаслъи бичIчIизе.<br>Асаразул текстазде мугъги чIван, хасалил тIабигIаталъул суратал рахъизе (бицун). |
| Лъималазул гIумру ва гьезул ишал (10 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Лъималазул гIумруялъул ва ишазул хIакъалъулъ харбал.<br>ГIадамазе, ВатIаналъе пайдаяллъун рукIине ккеялъул бицунел асарал.<br>Лъималазе рекъел бокьула. Лъималазул миллияб гьудуллъи. Киналго лъимал вацал ва яцал ккола. ПасихIго цIали. РекIехъе лъазаби. Тексталъул аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Асаразул героял ва гьезие характеристика кьей. КечI рекIехъе лъазаби.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Харбихъего хъварал асарал рагIун цIализе, кучIдул пасихIго цIализе.<br>Лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Цо чIванкъотIараб темаялда тIаса кIалъазе, гьалмагъзабазул кIалъаялъухъ гIенеккизе.<br>Жидерго халкквеялъул хIакъалъулъ хабар бицине.<br>Тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе, гьелда цIар лъезе.<br>Героязул сипат-сурат бихьизабизе, гьезул ишазе битIараб къимат кьезе.<br>Герояздехун жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъезе. |
| ЦIорораб хасел (6 | Темаялда лъураб цIаралъулгун | Темаялъулъ кьураб материал кинаб |

| | | |
|---|---|---|
| + 1 сагІат) | лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букІине кколебали цебеккунго бицин.<br>Хасалил тІабигІаталъул хІакъалъулъ харбал, кучІдул, кицаби, маргьаби.<br>Хасало лъималазул расандаби. цІалараб жоялда тІасан жиндирго пикру загьир гьаби. Тексталъулъ кІвар бугел яги аслиял рагІаби ва предложениял рихьизари. План гІуцІи. КечІ рекІехъе лъазаби. Халкъияб ва литературияб маргьаялда гьоркьоб бугеб батІалъи бихьизаби. | букІине кколебали цебеккунго бицине.<br>РекІел хІал бихьизабулаго, асар цІализе, цІалараб жоялда тІасан жиндирго пикру загьир гьабизе.<br>Художествияб асар гІенеккун бичІчІизе.<br>Хасалил хІакъалъулъ бицине рес кьолел рагІаби ва предложениял тІаса рищизе.<br>Художествияб тексталъулъ кІвар бугел яги аслиял рагІаби ва предложениял рихьизаризе, гьезул магІна баян гьабизе.<br>План гІуцІизе ва гьелда рекъон тІубанго текст мухІканго жиндирго рагІабаздалъун бицине.<br>Хасалил хІакъалъулъ батІи-батІиял шагІирзабаз хъварал асарал дандекквезе.<br>Асаразул текстазде мугъги чІван, хасалил тІабигІаталъул суратал рахъизе (бицун).<br>ХІасилалда тІасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе.<br>КечІ рекІехъе лъазабизе.<br>БицанкІабазе жавабал ратизе.<br>Кициялъул магІна асаралъул хІасилалда бухьине.<br>Асаразул текстазде мугъги чІван, хасалил тІабигІаталъул суратал рахъизе (бицун).<br>Халкъияб ва литературияб маргьаялда гьоркьоб бугеб батІалъи бихьизабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| Халкъалъул кIалзул гьунаралъул асараздасан (5 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>3 абилеб классалъул цIалдохъабазе мустахIикъал халкъиял маргьаби, харбал, кучIдул, кицаби, биценкIаби. Маргьабазул героял. Маргьабазул аслияб пикру. Маргьабазулъ ругел диалогал пасихIго цIали. Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Халкъалъул кIалзул гьунаралъул асарал цоцаздаса ратIарахъизе.<br>Кицаби, абиял, биценкIаби, кучIдул ва маргьаби пасихIго цIализе.<br>БиценкIабазе жавабал кьезе, кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе.<br>Кицаби хабаралъул аслияб магIнаялда дандеккезаризе.<br>Хабаралъул хIасилалда тIасан лъурал суалазе жавабал кьезе.<br>Маргьабазул героял рихьизаризе, герояз гьарулел ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине.<br>Героязе къимат кьезе.<br>Маргьабазул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>Маргьабазулъ ругел диалогал пасихIго цIализе.<br>Щвараб лъаялъе жинцаго къимат кьезе. |
| Рекъел ва гьудуллъи (5 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Ракълилаб гIумруялъул ва гьудуллъиялъул берцинлъи, гьайбатлъи беццун хъварал кучIдул ва харбал.<br>Ракълие гIоло къеркьей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Асарал пасихIго цIализе ва гIенеккун гьезул хIасил бичIчIизе.<br>Кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе.<br>Асаразул жанрал рихьизаризе.<br>Асаразул рухIияб бечелъи бичIчIизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | Асаразул жанрал рихьизари. Асаразул рухIияб бечелъи бичIчIи. Асаразул аслияб пикру загьир гьаби. Асаразул героял.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Асаразул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>Асаразул героял, гьезул сипат-сурат, гьез гьабураб иш, загьир гьарурал пикраби, гьезул калам бихьизабизе.<br>Героязул ишазе, гIамал-хасияталъе къимат кьезе.<br>Ракълидехун ва гьудуллъиялдехун жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. |
| Рохалилаб их (8 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Ихдалил тIабигIаталъул, гьелъул берцинлъиялъул, ихдалил хIалтIабазул хIакъалъулъ харбал, кучIдул, маргьаби, кицаби, абиял.<br>Ихдалил тIабигIаталда кколеб хиса-басиязул хIакъалъулъ гара-чIвари.<br>Ихдалил байрамал (8 Март, 9 Май).<br>Ихдалил кицаби. ПасихIал, рекIелъе ротулел мацIалъул алатал: дандекквеял, матафорал, эпитетал. КечI рекIехъе лъазаби. Хабар гIуцIи.<br>Щвараб лъаялъе къимат лъей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе.<br>КучIдул ва кицаби пасихIго цIализе; интонациялдалъун, цIалул хехлъиялдалъун ва гьаркьил къуваталдалъун рекIел хIал бихьизабизе.<br>Авторасул рекIел хIалги гьес бижизабураб тIабигIаталъул суратги бихьизабизе кумек гьабулел рагIаби кучIдузулъ ратизе.<br>ПасихIал, рекIелъе ротулел мацIалъул алатал, дандекквеял, матафорал, эпитетал кучIдузулъ, ва кицабазулъ ратизе (мугIалимасул кумекалдалъун).<br>ШигIрияб тексталъул ритмаялда хадуб халкквезе.<br>БатIи-батIиял шагIирзабаз ихдалил хIакъалъулъ хъварал кучIдул дандекквезе. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Кицабазул магIна бицине.<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Асаралъулъ ихдалил гIаламатал рихьизаризе, ихдалил тIабигIаталъул сурат бахъизе.<br>Ихдалил хIакъалъулъ хабар гIуцIизе.<br>Ихдалил байрамалъул ва хIанчIазул хIакъалъулъ бицине ва гьездехун бугеб жидерго бербалагьи загьир гьабизе. |
| Эркенаб захIмат (9 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>ЗахIматалъул церехъабазул хIакъалъулъ кучIдул. ЗахIматалъул баракат. ЗахIмат ккола рохелги, бечелъиги, талихIги. ЗахIматалда хурхарал кицаби, абиял.<br>ЧIахIияз ва лъималаз гьарулел хIалтIабазул хIакъалъулъ гара-чIвариял. МагIарулазул устарзабазул хIакъалъулъ харбал.<br>Кицабазул ва абиязул магIна баян гьаби. Асаралъул хаслъи. Асаразул героязул ишалъул анализ гьаби. Асаралъулъ кIвар бугел предложениял рати. Асаразул жанрал ва гьезу хаслъи. План гIуцIи ва гьелда рекъон хIасил бицин. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Суалазул кумекалдалъун тексталъул хIасил къокъго бицине.<br>Кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе.<br>Герояз гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>Кицабазул магIна асаразул хIасилазда бухьине.<br>Асаралъул хаслъи ва героялдехун авторасул бугеб бербалагьи тIатинабизе.<br>Асаралъул герояз гьарулел ишал рихьизаризе.<br>Асаралда релълъараб хабар гIуцIизе.<br>Асаралъулъ кIвар бугел предложениял ратизе ва гьезул магIна баян гьабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Халкъалъул кIалзул гьунаралъул ва авторасул асарал ратIарахъизе.<br>Асаразул жанрал рихьизаризе ва гьезул хаслъи чIезабизе.<br>План гIуцIизе ва гьелда рекъон хIасил бицине. |
| ВатIан чIухIарал бахIарзал (8 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>ВатIаналъе гIоло рухI кьурал бахIарзазул гьунарал, гIаданлъи, лебаллъи, намус-бацIцIалъи загьир гьабулел къокъал харбал, кучIдул, маргьаби, биценал, кицаби.<br>ГIалимзабазул, гIакъилзабазул хьвада-чIвадиялъул бицунел асарал. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Асарал пасихIго цIализе.<br>Тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе, кIвар бугел яги аслиял рагIаби рихьизаризе.<br>Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьине.<br>КечI рекIехъе лъазабизе.<br>Жиндирго пикруги загьир гьабун, асаралъул героязул бицине.<br>Дагъистаналъул бахIарзазул хIакъалъулъ бицине.<br>Биценалъул хаслъи бихьизабизе.<br>Асаралда релълъараб хабар гIуцIизе.<br>Суалазда рекъон хIасил бицине.<br>Героязул ишазе, гIамал-хасияталъе къимат кьезе.<br>Герояздехун ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Героязул сипат-сурат цебечIезабулел рагIаби ратизе. |

## ТЕМАТИКИЯБ ПЛАН

**4 КЛАСС (77** сагIат асарал цIализе ва гьезда тIад хIалтIизе **+ 16** сагIат класстун къватIисеб цIалиялъе)

| Тема | Темаялъе баян | Гьаризе кколел хIалтIабазул тайпаби |
|---|---|---|
| Литературияб цIа-лиялъул байбихьул дарс (1 сагIат) | Литературияб цIалул учебникалъулгун лъай-хъвай гьаби. Учебникалъул шартIиял ишараби. Учебникалда жаниб бугеб материалалъулгун лъай-хъвай гьаби. Словарь. ТIехь гIуцIараб къагIидаялъулги гьенир ругел суаратазулги хал гьаби.<br>МагIарулазул хIакъалъулъ кечI.<br>КечI рекIехъе лъазаби. | Литературияб цIалул тIехь лъикI лъазе.<br>Иллюстрациязухъ (ай суратазухъ) лъикI балагьизе, учебникалъулъ ругел текстазул хIасилазда гьел суратал рухьизе.<br>Кьурал тIадкъаял тIуразарулаго, шартIиял ишараби лъазе ва гьездаса пайда босизе. Учебникалъулъ къваригIараб тема ва къваригIараб асар батизе; 1 – 3 классазда цIаларал асарал хъварал хъвадарухъабазул ва шигIирзабазул фамилия, цIар ва инсул цIар лъазе.<br>Темаялъулъ кьураб материал гьелъул цIаралда бухьараб букIин чIезабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Щибаб тексталъул ахиралда кьурал рагIабазул лексикияб магIна баян гьабизе.<br>КечI рекIехъе цIализе. |
| Бищунго кьарияб жо – рии, бищунго бечедаб жо – хасалихълъи (10 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Роол ва хасалихълъиялъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал. Риидал рукIарал рекIелгъеязул ва хIухьбахъиялъул, хаслихъе хурул ва ахил бачIин рукъалде буссинабиялъулъ цIалдохъабаз гьабулеб гIахьаллъиялъул гара-чIвари.<br>План гIуцIи. Героязе характеристика кьей. Авторасул бугеб бербалагьи загьир гьаби. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Риидал цIаларал тIахьазул хIакъалъулъ бицине.<br>Художествиял асарал гIенеккун ричIчIизе.<br>Текстал пасихIго цIализе, гьезул хIасил бичIчIизе.<br>Асаразулъ колел лъугьа-бахъиназда хадуб халкквезе.<br>Жидецаго план гIуцIизе.<br>КIудиял асаразул хIасил цIи гьабун бицине.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул магIна бицине.<br>Хасалихълъиялъул хIакъалъулъ шагIирзабаз хъварал асарал дандекквезе, рекIее гIураб тIасабищизе, щай гьеб жинца тIасабищарабали бичIчIизабизе.<br>БатIи-батIияб жанраялъул асаразул героязе характеристика кьезе.<br>Сверухъ бугеб тIабигIаталдехун ва жиндирго герояздехун авторасул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>Асаразда жанир кколел лъугьа-бахъиназул, героязул, сверухъ бугеб тIабигIаталъул сипат-сурат цебечIезабулел рагIаби ратизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Авторазул пикрабаздехун, асаразул герояздехун жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. |
| Дунги дир гьалмагъзабиги (7 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Лъималазул гIумруялъул, гьез гьабулеб гьудул-гьалмагълъиялъул, захIматалдехун гьезул бугеб гьоркьоблъиялъул бицунел харбал, кучIдул, маргьаби ва кицаби. Асаралъул жанр. Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гьаби. РагIабазул битIараб ва хъвалсараб магIна чIезаби. Героясе къимат кьей. Текст цо лъилниги рахъалдасан бицин. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>Темаялда хурхарал кицабазул магIна баян гьабизе.<br>Художествиял асарал гIенеккун ричIчIизе.<br>Текстал пасихIго цIализе, гьезул хIасил бичIчIизе.<br>ЦIалараб асаралъул хIасил рухIиябгин эстетикияб букIин бичIчIизе.<br>Асаралъул жанр чIезабизе.<br>Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гьабизе, асаралъул темаялда ва гьелъул аслияб пикруялда гьеб цIар бухьинабизе.<br>РагIабазул битIараб ва хъвалсараб магIна чIезабизе.<br>Жинца гьарулел ишаз асаралъул героясе къимат кьолеблъи бичIчIизе.<br>Текст авторасул рахъалдасан яги героязул цоясул рахъалдасан бицине. |
| ТIабигIат цIуни (9 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>ГIагараб тIабигIат, рухIчIаголъаби ва рохьал | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе, жидерго пикру загьир гьабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | цIуниялъул хIакъалъулъ рицунел харбал, кучIдул ва маргъаби. Жидерго пикру загьир гьаби. Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гьаби. Асаралъул героясе къимат кьей. Хабаралъул рухIияб бечелъи бихьизаби. Тема чIезаби. Текст бутIабазде биххи. | Текст рагIун ва сасун цIализе, цIалараб жоялъул хIасил бичIчIизе.<br>Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гьабизе.<br>Гьарулел ишазде балагьун, асаралъул героясе къимат кьезе.<br>Герояздехун авторасул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.<br>Автораз рагIабазул кумекалдалъун тIабигIаталъул берцинлъи бихизабулеб куцалъухъ балагьизе.<br>Хабаралъул рухIияб бечелъи бихьизабизе.<br>Тема чIезабизе, темаялъул аслияб пикру загьир гьабизе.<br>Текст бутIабазде бихх

изе.<br>Текст тIаса бищун ва мухIканго цIидасан бицине.<br>Темаялда тIасан кIалъазе.<br>Текстальулъ ругел диалогал пасихIго цIализе. |
| ЛъикIабин сунда абулеб, квешабин сунда абулеб? (7 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>ГIадамазул гьоркьорлъабазул, унго-унгоял гьудулзабазул ва гьалмагъзабазул, лъикIабги квешабги хьвада-чIвадиялъул, яхI-намусалъул хIакъалъулъ рицунел харбал, кучIдул, маргъаби, кицаби, бицанкIаби ва абиял. Асаразул жанр. Асаралъул тема ва гьелъул | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине.<br>БицанкIабазе жавабал ратизе, кицабазул ва абиязул магIна загьир гьабизе.<br>Художествияб асар гIенеккун бичIчIизе; гьалатIал риччачIого, кIалзул каламалъул хехлъиялда текстал цIализе.<br>ЦIалараб асаралъул хIасил рухIиябгин эстетикияб букIин бичIчIизе.<br>Асаралъул жанр чIезабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | аслияб пикру. Героясе къимат кьей. Асаралъул инсценировка. Тексталъул план гIуцIи. | Асаралъе кьураб цIаралъул анализ гьабизе, асаралъул темаялда ва гьелъул аслияб пикруялда гьеб цIар бухьинабизе.<br>Жинца гьарулел ишаз асаралъул героясе къимат кьолеблъи бичIчIизе.<br>Ролаздеги бикьун, асаралъул инсценировка гьабизе.<br>Тексталъул план гIуцIизе.<br>Пананалда рекъон тексталъул хIасил бицине. |
| Гьудуллъиялъ бахъулареб хъала букIунареб (8 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Халкъазул вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул бицунел кучIдул, харбал ва маргьаби. Асаралда тIасан жиндирго пикру загьир гьаби. Асаразул героязул ишазе къимат кьей. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Художествияб асар пасихIго цIализе ва гьелъул хIасил гIенеккун бичIчIизе.<br>Асаразул кIвар бугел ва жалго жидедаго чIарал гIадал лъугьа-бахъинал цIализе.<br>Авторасул тексталдаса пайдаги босун, вацлъиялъул ва гьудуллъиялъул хIакъалъулъ хабар гIуцIизе.<br>ЦIалараб асаралда тIасан жиндирго пикру загьир гьабизе.<br>Асаразул героязул ишазе къимат кьезе. |
| Хасел (7 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Художествияб асаралъул хIасил |

| | | |
|---|---|---|
| | Хасалил тIабигIаталъул хIакъалъулъ рагIул устарзабаз хъварал асарал. КучIдул дандекквей, гьел рекIехъе лъазари. Хасалил тIабигIаталъул суратал рахъи. Текстазулъ пасихIал, рекIелъе ртулел мацIалъул алатал рихьизари. Героязул гIамал-хасияталъе ва рагIабазе къимат кьей. Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьин. | гIенеккун бичIчIизе. Хасалил хIакъалъулъ магIарул шагIирзабаз хъварал кучIдул пасихIго цIализе ва дандекквезе; гьел рекIехъе лъазаризе. Асаразул текстазде мугъги чIван, хасалил тIабигIаталъул суратал рахъизе (бицун). ХIасилалда тIасан кьурал суалазе къокъго жавабал кьезе. Лирикиял текстазулъ пасихIал, рекIелъе ртулел мацIалъул алатал рихьизаризе. Поэзиялдасан кеп босизе, гьеб бичIчIизе ва бокьизе. ГIумруялдехун, гIадамаздехун ва тIабигIаталдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Героязул гIамал-хасияталъе ва рагIабазе къимат кьезе, герояздехун ва гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназдехун авторасул ялъуни жидер бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Авторас загьир гьарурал рекIел хIалалъул хиса-басиял кьолаго, кучIдул пасихIго цIализе. БицанкIабазе жавабал ратизе. Кициялъул магIна асаралъул хIасилалда бухьине. |
| Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал (8 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | бицин.<br>Аваразул ва цогидал миллатазул маргъаби, кицаби, абиял ва бицанкIаби.<br>Халкъиял ва литературиял маргъаби дандекквей. Текстазул тайпаби. Литературиял маргъабазул хаслъаби. Маргъабазул героял. Текст бутIабазде биххи. План гIуцIи. | Асарал цIализе ва цIаларал асаразул хIасил гIенеккун бичIчIизе.<br>БицанкIабазе жавабал кьезе, кицабазул ва абиязул магIна баян гьабизе.<br>Халкъиял ва литературиял маргъаби дандекквезе.<br>Текстазул тайпаби рихьизаризе.<br>Литературиял маргъабазул хаслъаби лъазе.<br>Маргъабазул героязул хIакъалъулъ бицине.<br>Асаралъул аслияб пикруги гьелда лъураб цIаралъул магIнаги загьир гьабизе.<br>Текст бутIабазде биххизе.<br>Аслиял лъугьа-бахъиназде балагьун, маргъаялъул план гIуцIизе.<br>Планалда рекъон мухIканго яги тIасабищун маргъаялъул хIасил бицине.<br>Темаялда тIасан щвараб лъаялъе жинцаго къимат лъезе. |
| ТIабигIат берцинаб их (6 + 1 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Ихдалил тIабигIат чIаголъулеб куцалъул, гьелъул берцин-лъиялъ гьабулеб асаралъул, ихдалил байрамазул бицунел асарал. Аслияб пикру жидерго | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Художествиял асаразул хIасил гIенеккун бичIчIизе; жиндирго пикру загьир гьабизе.<br>Текстал рагIун ва сасун цIализе, цIалараб жоялъул магIна бичIчIизе (ай аслияб пикру жидерго |

| | | |
|---|---|---|
| | рагIабаздалъун загьир гьаби. ПасихIал, рекIелъе ртулел мацIалъул алатал кучIдузулъ, кицабазулъ ва бицанкIабазулъ рати. ШигIрияб тексталъул ритм. Асаразул героязе характеристика кьей. Текст бутIабазде биххи. | рагIабаздалъун загьир гьабизе). Авторасул рекIел хIалги гьес бижизабураб тIабигIаталъул суратги бихьизабизе кумек гьабулел рагIаби кучIдузулъ ратизе. ПасихIал, рекIелъе ртулел мацIалъул алатал, дандекквеял, матафорал, эпитетал кучIдузулъ, кицабазулъ ва бицанкIабазулъ ратизе. ШигIрияб тексталъул ритмаялда хадуб халкквезе. БатIи-батIиял шагIирзабаз ихдалил хIакъалъулъ хъварал кучIдул данде кквезе. Кицабазул магIна бицине. БицанкIабазе жавабал кьезе. КечI рекIехъе лъазабизе. Гъарурал ишазде балагьун, асаразул героязе характеристика кьезе. Асаразулъ ихдалил гIаламатал рихьизаризе, ихдалил тIабигIаталъул сурат бахъизе. Текст бутIабазде биххизе. Щвараб лъаялъе къимат лъезе. |
| Нилъер адабият ва маданият (6 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин. РухIияб ва материалияб маданияталъул, рукIа-рахъиналъул, захIматалъул, хьвада-чIвадиялъул, адабияталъул хаслъабазул, | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе. Художествиял асаразул хIасил гIенеккун бичIчIизе; кIалзулаб каламалъул хехлъиялда текстал цIализе, гьезул хIасилазул магIна босизе. Жидецаго план гIуцIизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | къагIидабазул, гIадатазул, гIумру гьабулеб куцалъул хIакъалъулъ бицунел асарал. МагIарул устарзабазул хIакъалъулъ харбал ва кучIдул (ГIоцIалъ, Унсоколо, РахатIа, ГIанди). План гIуцIи. Цо сундехунниги хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул бугеб бербалагьи загьир гьаби. Асаразул героязе характеристика кьей. Героязул ишал цоцазда дандекквей. Сурат гьабун, бихьизабулел искусствоялъулал ва кIалзулал асарал дандекквей. Адабияталъул ва маданияталъул хIакъалъулъ жидерго пикру загьир гьаби. | КIудиял асаразул хIасил жидерго рагIабаздалъун цIидасан бицине. Нилъер маданияталдехун, рукIа-рахъиналдехун, захIматалдехун, хьвада-чIвадиялдехун, адабияталдехун, гIадатаздеху ва гIумруялдехун хъвадарухъабазул ва шагIирзабазул бугеб бербалагьи загьир гьабизе. Асаразул героязе характеристика кьезе (гьезул сипат-сурат, хасаб тIабгI, хасият-гIамал, калам ва гьез гьарулел ишал рихьизаризе). Лъугьа-бахъиналъе ва героязе характеристика кьолел рагIаби ва предложениял тестазулъ ратизе. Художествиял асаразул героязул ишазул анализ гьабизе ва гьел ишал ритIухъ гьаризе гIилла бачине. Героязул ишал цоцазда дандекквезе.<br>Герояздехун авторасул ва жидерго бугеб бербалагьи тIатинаби.<br>Сурат гьабун, бихьизабулел искусствоялъулал ва кIалзулал асарал дандекквезе.<br>Нилъер адабияталъул ва маданияталъул хIакъалъулъ жидерго пикру загьир гьабизе. |
| МугIрузул улка (8 + 2 сагIат) | Темаялда лъураб цIаралъулгун лъай-хъвай гьаби. Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицин.<br>Дагъистаналъул мацIазул, | Темаялъулъ кьураб материал кинаб букIине кколебали цебеккунго бицине. Дарсида тIобитIулеб хIалтIул план гьабизе.<br>Художествиял асаразул хIасил гIенеккун бичIчIизе. |

| | | |
|---|---|---|
| | халкъазул тарихалъул, эркенлъиялъе гІоло къеркьарал бахІарзазул (Шамилил, ГъазимухІамадил, ХІамзатил ва гь.ц.) биографиялъул хІакъалъулъ бицунел асарал. ШигІрияб тексталъул хаслъи. Героязул сипат-суратал, гьезул ишал ва гьез гІахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъинал дандекквей. | Умумаздехун жидер бугеб чІухІи бихьизабулаго, кучІдул пасихІго цІализе.<br>ШигІрияб тексталъул хаслъи бичІчІизе.<br>ЦІаларал асараздаса пайдаги босун, Дагъистаналъул тарихалъул, эркенлъиялъе гІоло къеркьарал бахІарзазул хІакъалъулъ бицине.<br>ВатІаналдехун, гьелъул цІар рагІарал бахІарздехун бугеб жидерго рекІел хІал, жидерго бербалагьи загьир гьабулаго, харбал гІуцІизе.<br>БатІи-батІиял асараздаса цоцада дандекколел героязул сипат-суратал, гьезул ишал ва гьез гІахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъинал дандекквезе. |

ХI. С. ВАКИЛОВ

# АВАР МАЦӀ ВА АДАБИЯТ

## ХIалтIул программаби

## 1 – 4 классал

Вакилов ХI. С.

Авар мацI ва адабият. 1 – 4 классал. ХIалтIул программаби / ХI.С. Вакилов. – 1- себ басма. – МахIачхъала, 2014. – 241 гь.

ТIехьалда кьун буго 1 – 4 классазе авар мацIалъул ва адабияталъул авторасул хIалтIул программаби. Программаби тIубанго дандеккола Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталда.

Авар мацIалъул ва адабияталъул курс хьезабун буго мацIалъул ва цIалул учебниказдасан, хIалтIул тетрадаздасан, тестаздасан, методикагин дарсазул малъа-хъваяздасан гIуцIараб цIалулгин методикияб комплексалдалъун.

МацIалъул ва цIалул учебникал тIубанго дандеккола Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталда.

Программаби хъван руго байбихьул школалъул мугIалимзабазе ва методистазе.